O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW WA`ZIRLIGI

A`JINIYAZ ATINDAG'I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

Qol jazba huqıqında

DJOLIMBETOVA MIYUAGU'L MADIYAROVNA

# KISHI MEKTEP JASI SHAXSININ' QA`LIPLESIWINE TA'SIR ETIWSHI SOTSIALLIQ FAKTORLAR

Qa`nigelik: 5A110902 «Psixologiya»

Magistr akademiyalıq da`rejesin aliw ushın jazilg`an

# DISSERTATSIYA

Ilimiy basshi: psixologiya ilimlerinin'
kandidati, dots __________ Z. Klicheva

**NO`KIS-2013**

## MAZMUNI:


***KIRISIW****………………………………………………………………............3*

***I.BAP. KISHI MEKTEP JASI SHAXSI QA`LIPLESIW MASHQALASININ` PSIXOLOGIYALIQ A`DEBIYATLARDAG'I U`YRENGENLIGI****………………………………………………...................8*

1.1. Shet el alimları izertlewlerinde u`yrenilgenligi*……………………….8*

1.2. O`zbek psixologları izertlewlerinde mashqalanin` u`yrenilgenligi...........................................................................................*41*

1.3. Kishi mektep jası shaxsının` psixologiyalıq o`zgeshelikleri*……….43*

1.4. Sotsial faktorlardın' psixologiyada u`yrengenlik da`rejesi*………...52*

Bap boyınsha juwmaqlar*…………………………………………………..59*

***II.BAP. KISHI MEKTEP JASI SHAXSININ` QA`LIPLESIWINE TA`SIR ETIWSHI SOTSIAL FAKTORLARDIN' TA`JIRIYBEDE U`YRENILIWI****…………………………………………………..61*

2.1. Izertlew metodologiyası ha`m metodları*………………………….…61*

2.2. Kishi mektep jası shaxsının` qa`liplesiwin anıqlawshı metodlar*………………………………………………………………..68*

2.3. Kishi mektep jası shaxsının` qa`liplesiwine ta`sir etıwshı sotsial faktorlardı rawajlandırıwshı metodlar*………………………………...74*

2.4. Baqlaw ta`jiriybeleri*……………………………………………….91*

Bap boyınsha juwmaqlar*……………………………………………….95*

***JUWMAQLAW****……………………………………………………….97*

***PAYDALANILG`AN A`DEBIYATLAR*** *…………………………….101*

***QOSIMSHALAR****………………………………………………….104*

# K I R I S I W

**Dissertatsiya temasının' tiykarlanıwı ha'm onın' aktuallıg`ı:** O`zbekstan Respublikası o`z g`a`rezsizligine eriskennen baslap xalıq bilimlendiriw tarawları aldına jan'a demokratiyalıq ja`miyette shaxstı qa`liplestiriwdey a`hmiyetli wazıypalardı qoyadı.

O`zbekstan Respublikası Prezidenti I.A.Karimov o'zinin' «O`zbekstan XXI asirge qaray umtılmaqta» atlı miynetinde jaslar menen islesiw haqqında ayta kelip: «Bizin' elimizdin' keleshegi ha`zirgi o'sip kiyatırg'an jas a'wladlardın' qanday ruwhıy azıq alıp, qanday ideyalar menen bayıtılg`anına, olardın' turmıstag`ı belsendiligine baylanıslı ekenligin umıtpawımız kerek» dep belgilep o`tti (4, b 22-23).

XXI a'sirde jasaytug`ın ha'm miynet etetug'ın bizin' elimizdegi shaxslardın' bir – birine qarım-qatnasın, pikir alısıwların u'yreniw bu'gingi ku'nnin' baslı wazıypası bolmaqta.

Respublikamızda qabıl etilgen «Bilimlendiriw haqqında», «Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlaması», nızamları, izertlewshiler ha'm psixologlardın' aldına ta'lim ha`m ta`rbiya ma`selelerine juwap beretug'ın jeke oqıwshılardı qa`liplestirıwshı maselelerde u'yreniwde jan'a wazıypalardı belgileydi.

Kishi mektep jası da`wiri, psixologiyada senzitivlik da'wir degen termin menen ju`ritiledi. Bul da'wirde oqıwshının' jeke rawajlanıwında belgili psixikalıq o`zgerisler payda boladı. Bul da'wirde balanın' tolıq jetilisiwinde u'lkenler (mug'a'llimler, ata-analar, ta`rbiyashılar, psixologlar) belgili orın iyeleydi. Ha`r bir balanın' jeke individual psixologiyalıq o`zgesheliklerin esapqa alg`an halda baslawısh klass oqıwshılarının' potentsial mumkinshiliklerin alıw ushın ayrıqsha optimal jag`daylar jaratıw tiykarg'ı wazıypa bolıp esaplanadı.

Kishi mektep jası oqıwshılarının' jeke psixikalıq rawajlanıwında ha`r ta`repleme jan'alanıwlar ju`z beredi: jan`a sezimler oyanadı, sotsiallıq qatnasıqlar payda boladı. Usı da'wirde oqıwshı pikirlesiw konlikpelerin iyeleydi. Egerde bul jasta bala u'lkenler ha`m o`z qatarları menen pikirlesiwdi a`melge asırmasa, onda

ol doslasıwdı, o’zinin’ mumkinshiliklerin uqıbın a`melge asıra almaydı, aldag’ı waqıtları bunı a`melge asırıw qıyın boladı. Shaxstı qa`liplestiriwde ha`m rawajlandırıwda sotsial faktorlar tiykarg’ı orındı iyeleydi. Oqıw protsessinde kishi mektep jasındag`ı oqıwshılardın’ shaxs bolıp qa’liplesiwinde sotsial faktorlar tiykarg`ı  subiekt bolıp ha`reket etedi.

Sotsial faktorlar tu`rli jastag’ı oqıwshılardın’ shaxsın qa`liplestirıwshı faktor sıpatında, mektep da’wirinen talabalıq da’wirine shekem dawam etedi, bul rossiyalı psixologlardın’ miynetlerinde u`yrenilgen. (L.I.Bojovich (29), D.B.Elkonin (143), M.I.Lısına (75), I.V.Dubrovina (54), D.I. Feldshteyn (135), Ya.L. Kolominskiy (114), A.V. Mudrik (86) ha`m t.b.), sonday aq elimiz psixologlarınan (M.G.Davletshin (48),  E.G. Gaziev (40), V.A. Tokareva (131), R.I. Sunnatova (128), Z.T.Nishanova ( 40,44,101 103) T.M. Adizova (9,10,15,16), G. Berdiev (25), L.V. Nazırova (89), E.A. A`zamxo`jaeva ( 21), E.I. Ganeeva (44) ha`m t.b.) o`z u`leslerin qosqan.

**Izertlew obiekti:** No’kis qalalıq xalıq bilimlendiriw mekemeleri xızmetin metodikalıq ta’miyinlew ha’m sho’lkemlestiriw bo’limine qaraslı №38-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebinin’ baslawısh klass oqıtıwshıları ha’m oqıwshılarınan ja’mi 70 (oqıtıwshı-30, oqıwshı-1-4-klass- 40) respondent qatnastı.

**Izertlew predmeti:** Kishi mektep jası shaxsının’ qa’liplesiwine ta’sir etıwshı sotsiallıq faktorlardı u’yreniw.

**Izertlew maqseti ha’m wazıypaları:**

**Maqseti:** Kishi mektep jası shaxsının’ qa’liplesiwine ta’sir etıwshı sotsiallıq faktorlardı anıqlaw ha’m sotsial faktorlar tiykarında metodlar, trening-shınıg`ıwlar islep shıg`ıw;

**Wazıypaları:**

1. Tema boyınsha psixologiyalıq ha’m pedagogikalıq a’debiyatlardı analiz qılıw.
2. Kishi mektep jası shaxsının’ qa’liplesiwine ta’sir etıwshı sotsiallıq faktorlardı anıqlaw ha’m u’yreniw.
3. Izertlew na’tiyjelerin mug`dar sıpat jag`ınan analiz qılıw.

4. Psixologiyalıq- pedagogikalıq juwmaq ha’m usınıslar islep shıg`ıw.

Izertlew jumısımızdın’ maqset ha’m wazıypalarınan kelip shıqqan halda to’mendegi **gipoteza** qoyıldı:

– qarım- qatnas kishi mektep jası shaxsın qa`liplestirıwshı tiykarg`ı sotsial faktor ekenligi;

- ta’lim- ta’rbiya protsessinde kishi mektep jası shaxsının’ individual o’zgesheliklerin esapqa almaw;

- kishi mektep jası shaxsının’ shaxs bolıp qa’liplesiwinde sotsial ortalıqqa beyimlesiwinde oqıtıwshı ha’m ata-ananın’ durıs itibar bermewinen.

Eger kishi mektep jası shaxsının’, shaxs bolıp qa’liplesiwinde qarım- qatnas durıs jolg`a qoyılsa, ta’lim-ta’rbiya protsessinde ha’r bir oqıwshının’’ individual o’zgeshelikleri esapqa alınsa, oqıtıwshı ha’m ata- analar o’z oqıwshıları, o’z perzentlerinin’ sotsial ortalıqqa beyimlesiwine durıs itibar berse kishi mektep jasındag`ı oqıwshılar shaxs sıpatında ka’mil insan bolıp qa’liplesiwine ja’rdem bergen bolar edi.

***Izertlew jumısının` metodologiyalıq tiykarın psixologiyanın’*** tiykarg’ı printsiplerinen biri bolg`an sana ha`m xizmet birligi printsipi, sonın’ menen birge izertlewdin` metodologiyalıq ha`m teoriyalıq tiykarın kishi mektep jası shaxsının’ qa’liplesiwine ta’sir etıwshı sotsiallıq faktorlardı psixologiya iliminde ko`plegen psixolog alımlar izertlegen. Ta`lim- tarbiyag`a bag’darlangan ilimiy izertlewlerdin` metodologiyalıq negizin L.S.Vıgotskiy, A.N.Leontev, L.I.Bojovich, V.A.Petrovskiy, I.V.Dubrovinalardın’ pikirleri tastıyıqlaydı. O`z ara qarım – qatnas protsessinde oqıwshının’ jeke minez- qulqın qa`liplestiriwde tiykarınan balanın’ psixikalıq rawajlanıwı, ishki keshirmeleri, ulıwma ha`r bir jas da’wiri ayrıqsha u`yreniliwi sha`rt.

Bizler shıg`ıs elleri oyshıllarının’ filosofiyalıq pikirlerin esapqa alıp, bala ta`rbiyasında tek g`ana onın` fizikalıq, ruwhiy tetikligine qarap emes, onın` sotsiallıq ortalıg`ına, shaxs bolıp qa`liplesiwindegi ta`rbiyag`ada kewil bo`liw kerek.

Sonın’ menen birge bizler O`zbekstan Respublikası Prezidenti I.A.Karimovtın` keleshektegi o`sip kiyatırg’an a’wladtın` garmoniyalıq rawajlanıwın qa`liplestiriw haqqındag’ı pikirin, sonday-aq O`zbekstan Respublikasının` «Bilimlendiriw haqqında»g`ı, «Kadrlar tayarlawdın’ milliy bag’darlaması» haqqındag’ı nızamlardı basshılıqqa aldıq.

**Izertlew jumısının’ metodları:**

- Baqlaw;
- Sa’wbet;
- Anketa;
- «Balanın’ mektep ta`limine mu’na`sebeti» metodikası (Z.T.Nishanova);
- Balalardın’ mektep ta`limine tayarlıg`ı ha`m bilıw protsesslerinin’ rawajlanıw da`rejesin anıqlaw metodları.
- Balalardın’ qorshag`an ortalıqqa bag`darlanıwshılıg`ı metodikası;
- Shaxslardın’ jeke o’zgesheliklerin ha’m munasabetlerin u’yreniw anketası (T.M.Adizova);
- “Klaster” metodikası.
- Sotsial psixologiyalıq beyimleskenlik xarakteristikaların u’yreniw metodikası (F.K. Rodjers, R.Daymond);

**Izertlew jumısının’ teoriyalıq ha’m a’meliy a’hmiyeti:**

**Teoriyalıq a’hmiyeti**: Qolg`a kirgizilgen na`tiyjeler kishi mektep jası shaxsının’ qa’liplesiwine ta’sir etıwshı sotsiallıq faktorlar: ta`lim – ta`rbiya, qarım – qatnas, sotsial ortalıq kishi mektep jası shaxsın qa`liplestirıwshı faktor sıpatında ha`zirgi zaman psixologiyasın teren`lestiredi ha`m sotsial psixologiya, jas ayırmashılıq psixologiyası pa’nlerin ilimiy mag`lıwmatlar menen tolıqtıradı.

**A’meliy a`hmiyeti:** Kishi mektep jası shaxsının’ qa’liplesiwine ta’sir etıwshı sotsiallıq faktorlardı u’yreniw jan’a izertlewlerdi talap etti.

Talim – ta`rbiya, qarım – qatnas, sotsial ortalıq ha`zirgi zaman jeke shaxs kelbetin tu’siniwde oqıtıwshılardın’ ayırıqsha miynetinin` ta`siri bar ekenligi haqqında psixologiyalıq sıpatlama islep shıg’ıldı. Oqıwshının’ shaxs sıpatında qa`liplesiwinde sotsial faktorlardın’ baylanıslı ekenligi u`yrenildi.

**Izertlew jumısının' ilimiy jan'alıg`ı: -** qarım- qatnas - kishi mektep jası shaxsın qa`liplestirıwshı tiykarg`ı sotsial faktor ekenligi u'yrenildi;

- ta'lim- ta'rbiya protsessinde kishi mektep jası shaxsının' individual o'zgesheliklerine sıpatlama berildi;

- kishi mektep jası shaxsının' shaxs bolıp qa'liplesiwinde sotsial ortalıqqa beyimlesiwinde oqıtıwshı ha'm ata-ananın' durıs itibar beriwi ushın pedagogikalıq -psixologiyalıq usınıslar berildi.

***Izertlew na`tiyjelerin sınawdan o`tkeriw***, ken` en` jaydiriw to'mendegi formalarda a`melge asirildi. Institutimizda ha`r jili o`tkeriletug'ın ilimiy- teoriyalıq ha`m ilimiy- metodikalıq tadbirlerde qatnasıw arqalı na`tiyjeler ja`riyalanıp barildi. Izertlew na`tiyjeleri A`jiniyaz atindag'ı NMPI «Pedagogika ha`m psixologiya» kafedrasinda ilimiy metodikalıq seminarlarda talıqlang`an ha`m respublika ha'm institut ko`leminde baspadan shig`arilg`an toplamlarda ja`riyalandi. Solardan, Toshkent ma`mleketlik ekonomikalıq Universiteti, Buxora ma`mleketlik Universiteti, KMU ilimiy teoriyaliq konferentsiyalarında ha`m seminar- treninglerge maqala, tezisleri menen belsendi qatnasti.

***Magistrlik dissertatsiya jumısının` du`zilisi:***

Dissertatsiya- kirisiw, eki bap, juwmaqlaw, usınıslar, a`debiyatlar dizimi ha`m qosimshalardan ibarat. Ilimiy izertlew mazmunı – 116 bet jazba tekstte bayan etilgen bolıp, onda –10 tablitsa, 4 gistogramma, 40 atamadag'ı a`debiyatlar dizimi berilgen.

# I.BAP. KISHI MEKTEP JASI SHAXSI QA`LIPLESIW MASHQALASININ` PSIXOLOGIYALIQ A`DEBIYATLARDAG'I U`YRENGENLIGI

## 1.1. SHET EL ALIMLARI IZERTLEWLERINDE U`YRENILGENLIGI

Ja`ha`n psixologiyası pa`ninde shaxstın' kamalatı, onın' rawajlanıwı haqqında ha`r qıylı teoriyalar jaratılıp bolıp, da`lillewshiler insan shaxsın u`yreniwde tu`rlishe pozitsiyada turadı ha`m ma`sele mazmunın ashıwında o`zine ta`n jaqınlasıwlarg`a iye boladı. Usı teoriyalar qatarına biogenetikalıq, sotsiogenetikalıq, kognitivistikalıq, psixoanalistikalıq, bixevioristikalıq ha`m t.b. kiredi. Joqarıda aytılg`an teoriyalar ha`m olardın' ayırım ko`rsetpeleri ta`repinen shaxstı rawajlandırıwdın` printsipları haqqındag'ı qaraslarg`a toqtap o`temiz.

Biogenetikalıq teoriyanın' negizinde insannın` biologiyalıq jaqtan jetilisiwi bas faktor sıpatında qabıl etilgen bolıp, qalg`an protsesslerdin` rawajlanıwı erkli o`zgeshelik bolıp tabıladı ha`m olar menen o`z- ara baylanısta boladı. Usı teoriyag`a tiykarlanıp, rawajlanıwdın` bas maqseti -biologiyalıq determinantlarg`a (anıqlawshılar) qaratıladı ha`m olardın' mazmunınan sotsial- psixologiyalıq o`zgeshelikler kelip shıg`adı.

Rawajlanıw protsesinin` o`zi, da`slep biologiyalıq jetilisiwdin` universal basqıshı sıpatında ko`rsetedi ha`m da`lilleydi.

Biogenetikalıq nızamdı F.Myuller ha`m E.Gekkeller jaratqan. Biogenetikalıq nızam organnın' rawajlanıwı teoriyasın da`lillegende ha`m de antidarvinshılarg`a qarsı gu`reste joqarı da`rejede tariyxiy rol oynag`an. Biraq organnın' individual ha`m tariyxiy rawajlanıw mu`siybetlerin tu`sindiriwde ko`plegen qa`telerge jol qoyg`an. Sonday-aq biogenetikalıq nızamg`a ko`re, shaxs psixologiyasının` individual rawajlanıw (ontogenez) pu`tkil insaniyat tariyxiy rawajlanıwdın` (filogenez) tiykarg'ı basqıshların qısqasha ta`kirarlaydı, degen ideya bildiriledi. Nemets psixologiya V.Shternnın' pikirinshe, bo`bek (jan`a

tuwılg`an bala) ele ol adam emes, ba`lkim su`t emizıwshı haywan esaplanadı. Ol 6 aydan keyin psixik rawajlanıwı jag'ınan tek maymıllar da`rejesine ten`lesedi. 2 jasında bolsa, a`piwayi adam halına keledi, 5 jaslardan a`yyemgi pada jag`dayındag'ı adamlar da`rejesine jetedi. Mektep da`wirinen baslap a`yyemgi da`wirdi basınan keshiredi. Kishi mektep jasında orta a`sir kisiler sanasının` ha`m en` keyininde jetik da`wirininde g`ana (16- 18) jas ol ha`zirgi zaman kisilerinin` ma`deniy da`rejesine erisedi. Biogenetikalıq teoriyanı taratıwshısının` biri amerikali psixolog S.Xoll psixologiyalıq rawajlanıwdın` bas nızamı dep "rekapulyatsiya nızamı"n (filogenezdi qısqasha ta`kirarlaydı) kiritedi. Onın' pikirinshe ontogenezdegi individual rawajlanıw filogenezdin` za`ru`rli basqıshların ta`kirarlaydı. Ilimpazdin` da`lillewinshe go`deklik haywanlarg`a ta`n rawajlanıw da`wirin qaytarıwdan basqa na`rse emes. Balalıq da`wiri bolsa qa`dimgi adamlardın' tiykarg'ı shug`ıllanıwı bolg`an an`shılıq ha`m balıqshılıq da`wirine say keledi. 8- 12 jas aralıg'ında bolsa o`siw da`wiri, o`spirim aldı jasınan ibarat bolıp, jabayılıqtın` aqırı ha`m tsivilizatsiyanın' baslanatug'ın kamalat shoqqısına ta`n boladı. O`spirimlik bolsa jınısıy jetilisiwden (12- 13) baslanıp, jetiklik da`wirine kelgenshe (22-25) dawam etip, romantizmge ekvivalent boladı.

S.Xolldin` da`lillewinshe bul da`wirler "Boran ha`m taziyıqlar" ishki ha`m sırtqı konfliktlerden ibarat bolıp, olardın' keliwi dawamında adamdı "individuallıq sezimi" ju`zege keledi. Shaxstı rawajlandırıwdın` usı teoriyası o`z da`wirinde bir qansha biykarlıq pikirler wazıypasın o`tedi. Sebebi insan zatının` rawajlanıw basqıshları filogenezi ta`kirarlanadı ha`m ta`kirarlawı da mu`mkin emes. Biogenetikalıq kontseptsiyasının` basqa bir tu`ri "konstitutsion psixologiyası" (insannın` dene du`zilisine tiykarlap g`ana teoriya) ko`rsetpeleri ta`repinen islep shıg'ılg`an. E.Krechmer shaxs psixologiyası (tipologiyası negizine bir qansha biologiyalıq faktorlardı ma`selen, dene du`zilisinin` tipi ha`m basqalardı) kiritip insannın' fizikalıq tipi menen shamalap qoyadı. E.Krechmer adamlardı 2 u`lken toparg`a ajıratadı ha`m onın' bir ushı tsikloyd qatarına ta`n (tez qozg`alıwshı sezimler og`ada ku`shli), ekinshi ushında bolsa shizoid qatarına (adamlar mu`na`sibetine qıyın kirıwshı, sezimleri sheklengen) ta`n adamlardı aytadı. Bul

shamalawın ol shaxs rawajlanıw da`wirine ko`shiriwge ha`reket etedi. Na`tiyjede o`spirimlerde bolsa shizoidlıq o`zgeshelikleri boladı, dep juwmaq shıg'aradı. Biraq insanda biologiyalıq sha`rtlengen sıpatlar ba`rqulla jetekshi ha`m sheshıwshı rol oynay almaydı, sebebi shaxstın' individual tipologiyalıq o`zgeshelikleri bir- birine uqsas ha`m say tu`speydi. Biogenetikalıq teoriyanın' jaratıwları amerikalı psixologlar A. Gezell ha`m S.Xoll rawajlanıwdın` biologiyalıq modelinde shamalap is ko`redi, bul protsesste ten` salmaqlılıq, integratsiya ha`m jan`alanıw tsiklları o`z- ara orın almasıp turadı.

Psixologiya tariyxinda biologizmnin` en` jaqsı ko`rinisi Zigmund Freydtin` shaxs da`lillewinde o`z ko`rinisin tapqan. Onın' ta`liymatına ko`re shaxstın' barlıq is- ha`reketleri, minez- qulqı sanasız biologiyalıq uqıplar eki instinktlar menen sha`rtlengen. Birinshi na`wbette ol jınısıy (seksual) uqıpqa (libidoga) baylanıslı. Bug`an uqsas biologizatorlıq a`meller insan huqıqın belgilewshi birden- bir miyzan yaki qaytalanbas tu`rtki roldi atqara almaydı. Biogenetikalıq teoriyanın' qarama- qarsı ko`rinisi bul "aksil kutubga" jaylasqan sotsiogenetikalıq teoriya esaplanadı. Sotsiogenetikalıq jaqınlasıwg`a shaxsta ju`z beretug'ın o`zgerisler, ja`miyettin` du`zilisi, sotsializatsiya usılları onı qorshap turg`an adamlar menen o`z- ara qarım- qatnasınan kelip shıqqan halda tu`sindiriledi. Sotsiallıq teoriyasına ko`re, insan biologiyalıq tu`r sıpatında tuwılıp, o`mirinin` sotsiallıq sha`rt- sha`rayatlarının` ta`siri astında shaxsqa aylanadı. Batıs Evropanın` en` ko`zge ko`ringen teoriyalarınan biri bul Roller teoriyası bolıp, usı teoriyanın' mazmunına ko`re ja`miyet o`zinin` ha`r bir ag`zasına status dep atalg`an is- ha`reket, qulıqtın` bir ta`rep usılları jiyindisin usınıs etedi. Insan sotsiallıq ortalıqta orınlawı sha`rt bolg`an arnawli rolleri shaxstın' minez- qulıq o`zgesheliklerinde, o`zgeler menen qarım- qatnası, sa`wbet o`tkeriwleri sezilerli iz qaldıradı. AQShta ken` tarqalg`an teoriyalardan biri bul individual ta`jiriybe ha`m bilimlerdi iyelew (g`a`rezsiz o`zlestiriw) teoriyası boladı. Usı teoriyag`a tiykarlanıp shaxstın' o`miri ha`m a`tirapindag'ılar menen mu`na`siybeti ko`bininese ko`nlikpelerin iyelew ha`m bilimlerdi o`zlestiriwdin` na`tiyjesi qozg`atıwshısı u`zliksiz ra`wishte bekkemlep barıwdan boladı. K.Levin ta`repinen usınıs etilgen "Fazoviy za`ruriyat maydani"

teoriyası psixologi pa`ni ushın o`z da`wirinde za`ru`rli a`hmiyetke iye edi. K.Levinnın' teoriyasına tiykarlanıp individtin` qulqı, is- ha`reketi psixologiyalıq ku`sh wazıypasın atqarıwshı qa`lew umtılıw, maqset, tilekler menen basqarılıp turadı ha`m olar «Fazoviy za`ruriyat maydanı»nın` ko`lemi ha`m tayanısh tochkasına bag`darlang`an boladı. Joqarıda ko`rsetilgen da`lillengen ha`r bir teoriya shaxstın' sotsiallıq qulıq is- ha`reketi o`zgeler ushın ekinshi ortalıq o`zgesheliklerinen kelip shıqqan halda tu`sintiriledi, bul orında adam qa`leyme yamasa joqpa bunnan tısqarı usı sha`rayatqa ko`nligiwi za`ru`r degen pikirge a`mel qıladı. Bizin`she barlıq teoriyalarda insan o`mirinin` sotsial tariyxiy jag`dayları ha`m obiektleri sha`rt sha`rayatları itibarg`a alınbag`an.

Psixologiyada psixogenetikalıq jaqınlasıw da ju`zege kelip, xalıq biogenetikalıq, sotsiogenetikalıq faktorlardı kemsitpeydi, ba`lkim psixikalıq protsessler rawajlanıwının` birinshi da`rejeli a`hmiyetke iye dep esaplaydı. Usı jaqınlasıwdin` 3 g`a`rezsiz bag`darg`a ajıratıp da`lillew mu`mkin, sebebi olardın' ha`r biri, ol mazmunı, o`nimi ha`m protsess sıpatında o`tiwi menen o`z- ara baylanısadı. Psixikanın' irrotsional (aqılıy biliw protsesslerinen tısqarı) ta`rtipli bo`limleri emotsiya, uqıp ha`m tag`ı basqalar ja`rdeminde shaxs qulqın da`lillewshi teoriya- <u>psixodinamika</u> dep ataladı. Usı teoriyanın' jaratıwshılarının` biri bul amerikalı psixolog E.Erikson boladı. Ol shaxs rawajlanıwın 8 da`wirge ajıratadı ha`m olardın' ha`r qaysısı o`zine ta`n ta`kirarlanbas o`zgeshelikke iye boladı.

<u>1- da`wir - go`deklik</u>. Usı da`wirde go`dekte sanasızlıqqa tiykarlang`an sırtqı du'nyag`a qarag`anda "isenim" sezimi ju`zege keledi. Bunin` bas sebepshisi ata-ananın' mehir- muhabbati, g`amxorlıg`ı ha`m janku`yerligi boladı. Eger de go`dekte isenimsizlik sezimi tuwılsa, ol waqıtta er jetken adamlarda u`mitsizlik ko`rsetiw qa`wipi ju`zege keliwi itimal.

<u>2- da`wirde, yag`niy erte balalıqta</u> jartı g`a`rezsiz ha`m shaxsiy qa`dir - qimbat sezimi qa`liplesedi, yamasa kerisinshe olardın' qarama- qarsı bolg`an uyat ha`m guman sezimi payda boladı. Balada o`z betinsheliktin` o`siwi o`z denesin basqarwg`a ken` imkaniyat jaratıp aldında shaxs o`zgesheliklerine

atlanıwshı ta`rtip ha`m intizam juwapkershilik hu`rmet sezimlerin payda etiwine puqta tayarlanadı.

3- da`wir, oyın jası dep atalıp, 5-7 jasqa shekem bolg`an balalardı o`z ishine aladi. Usı da`wirde belsendilik sezimi qaysı isti a`melge asırıw ha`m orınlaw uqıbın tabadi. Egerde onda qa`lew, umtılıw tileklerin a`melge asırıwinin` joli tosip qoyilsa usı jag`dayda bala o`zin ayıplı dep esaplaydı. Usı jas da`wirde birigip yag`niy toparlar oyının ten`lesleri menen sa`wbetlesiw protsessleri og`ada a`hmiyetke iye, na`tiyjede balanın` tu`rli roller sınap ko`riwine imkan jaratadı. Usı da`wirde balada a`dalat sezimi, oni tu`siniw meyili baslaydı.

4- da`wir, mektep jası dep atalg`an. Ondag'ı tiykarg'ı o`zgerisler go`zlengen maqsetke erisiw qa`bileti, shaqqanlıq ha`m umtılıw sezimi menen ajıralıp turadı, onın' en` za`ru`r qa`driyatı jedellilik ha`m na`tiyjelilikten ibarat. Usı jas da`wirdin` unamsiz ta`repleri de ko`zge taslanadı ha`m olardın' qatarına unamli sezimler jeterli da`rejede bolmag`anlig'I, sanasi o`mirinin` barlıq ta`replerin qamtip alalmaslig'I, ma`selelerdi sheshiwde aqılinin` jetispewi, bilimlerdi o`zlestiriwde qolaysizlig'I, ha`m tag`ı basqalar. Usı da`wirde shaxsta miynetke bolg`an individual mu`na`sibeti qa`liplese baslaydı.

5- da`wir, o`spirimlik o`zinin` qaytalanbas sezimleri, individuallig'ı ha`m basqa adamlar menen keskin baylanısiwi menen belgilenedi. Sonday- aq o`spirim shaxs sıpatında anıq emes rolin atqara almaslıq isenimsizlik ha`m t.b. da illetlerge iye boladı. Usı da`wirdin` en` za`ru`r o`zgesheligi roldi keshiktiriwdin` o`zgeriwi esaplanıp, bir qansha rawajlanıw basqıshta ko`teriliw boladı. Onda sotsial turmısta orınlanıp atırg`an rollerdin` ko`lemi ken`eyedi, biraq olardın' barlıg'ın ras haqıyqıy iyelew imkaniyatı payda bolmaydı. Bul gezde o`spirim rollerde o`zin sınap ko`riw menen sheklenedi. Erikson o`spirimlerde o`z- o`zin an`lawdın` psixologiyalıq mexanizmlerin a`ste- aqırın da`lilley baslaydı. Onda waqıttı jan`asha u`nemlew, psixoseksual qizig'ıw potogen protsessler ha`m olardın' tu`rli ko`rinsleri ayqın bolıwın ko`rsetedi.

6- da`wir, jaslıq basqa adamg`a (jınısına) qaramastan psixologiyalıq intim- jaqınlasıw qa`biliyeti ha`m talabin ju`zege keliwi menen ajıralıp turadı. A`sirese,

jınısıy meyili bul tarawda og`ada bo`lek orın tutadı, bunnan tısqarı jaslıq, jekkelik ha`m adamawılıq ha`m t.b. da qa`siyetsiz o`zgeshelikleri menen belgilenedi.

7- da`wir, er jetkenlik da`wiri dep atalıp, turmıs ha`m iskerliktin` barlıq tarawlarında miynette, do`retıwshılikte, g`amxorlıqta, ta`jiriybe uzatiwda ha`m basqalarda na`tiyjelilik seziminin` og`an u`ziliksiz ra`wishte birge boladı ha`m jaqsı niyet tileklerinin` a`melge asiwinda tu`rtki wazıypasın atqaradi. Sonday- aq usı da`wirde ayırım ta`replerden turg'ınlıq sezimi illet sıpatında hu`kim su`rıwshı itimali boliwi lazim.

8- da`wir, yag`niy g`arrılıq, kekselik insan tariyxi astında o`z parizin orınlay alg`anlig'ı, turmıstin` ken`ligi, onnan qanaatlang`anlig'ı sezimler menen ko`rsetiledi, unamsiz o`zgeshelik sıpatinda usı jasta turmıstan, iskerlikten u`mitsizlik, olardan kewildin` suwiwi sezimlerdi bildirip o`tiw orınli boladı. Danalıq, pa`klik, gu`nalarınan azat boliw bul jastag'ı adamlardın' en` za`ru`rli ta`repi saqawatli boliwi esaplanadı.

E.Shpranger "O`spirimlik da`wir psixologiyası" degen shig`armasinda qizlardın' 13- 14 jasqa shekemgi, jigitlerdin` bolsa 14- 22 jasqa shekemgi adamlardı kiritiwge boladı. Usı jas da`wirde ju`z beretug'ın tiykarg'ı o`zgerisler E.Shpranger boyınsha:

a) shaxsiy "Men"ni payda etiw.

b) refleksiyanın' o`siwi.

v) o`zinin` individuallig'ın an`law ha`m shaxsiy o`zgesheliklerin ko`rsete alıw.

g) o`mirde turmısta jaqsı rejelerdin` payda boliwi.

d) o`z shaxsiy turmısin an`lag`an halda quriw ustanovkasin ha`m t.b. Onın' pikirinshe 14- 17 jaslarda ju`zege keletug'ın kriziztin` ma`nisin olarg`a u`lkenlerdin` balalarday mu`na`sibetinin qutiliw sezimin tuwıliwdan ibarat boladı. 17- 21 jaslardın' ja`ne bir o`zgesheligi o`zinin` ten` qurbiları ha`m ja`ma`a`tlik qorshawinan "U`ziliw krizisi" ha`m jekkelik seziminin` payda boliwi boladı. Bul jag`dayda tariyxiy sha`rtlengen sha`rt- sha`rayatlar ha`m qurallar ju`zege keltiredi E.Shpranger, K.Byuller, A.Maslots ha`m basqa personallardın' teoriyanın' belgili

jaratıwshıları bolıp esaplanadı. Kognitivistikalıq bag`dardin` tiykarshiları qatarına J.Piaje, D.J.Kelli ha`m t.b. kiritiw mu`mkin. J.Ptaje intellekt teoriyası eki za`ru`rlik ta`repinen ajıratilg`an bolıp, ol intellekt funktsiyaları ha`m intellekttin` da`wirleri ta`liymatin o`z ishine qamtip aladi. Intellekttin` tiykarg'ı funktsiyaları qatarına ta`rtiplilik ha`m adaptatsiya (iykemlesiw)dan ibarat bolıp, intellekttin` funktsional invariantlig'ı dep ju`rgiziledi.

Avtor shaxsta intellekt rawajlanıwının` to`mendegi basqıshlarg`a ajıratadı:

1. Sensomotor intellekti (tuwılg`annan 2 jasqa shekem)

2. Operatsiyalardan aldıng'ı aqıl- oy da`wiri (2-7 jas)

3. Konkret operatsiyalar da`wiri (7- 8 jastan 11-12 jas)

4. Forma (ra`smiy) operatsiyaları da`wiri.

J.Piajenin` ideyaların dawam ettirgen psixologlardın' bir toparin kognetiv-genetikalıq teoriyag`a biriktiriw mu`mkin. Bul bag`dardin` ko`rsetpeleri qatarına L.Kolberg, D.Bromley, Dj.Birrer, A.Ballon, G.Grimm ha`m t.b. kiredi. Frantsuz psixologi A.Vallonnnın' pikirinshe shaxstın' rawajlanıwı to`mendegi basqıshlarg`a ajıratiladi:

1) Ha`milenin` ana qarnindag'ı da`wiri;

2) İmpul`siv ha`reket da`wiri tuwılg`annan 6 ayg`a shekem;

3) Emotsional (sezim) da`wiri 6 aydan 1 jasqa shekem;

4) Sensomotor ( qabıl etiw menen ha`rekettin` uyg'ınlasıwi) da`wiri 1 jastan 3 jasqa shekem;

5) Personalizm (shaxsqa aylanıw) da`wiri 3- 5 jas;

6) Parqlaw da`wiri 6- 11 jas aralıg'ı;

7) Jınısıy jetilisiw ha`m o`spirimlik da`wiri (12-18);

Ja`ne bir frantsiyalıq ulli psixolog Zazzo o`z watanindag'ı ta`lim ha`m ta`rbiya sistemasının` ta`replerinen kelip shıqqan halda, usı ma`selege basqasha jaqınlasıw ha`m oni o`zine ta`n da`lillew, insannın` er jetip barıwın to`mendegi basqıshlarg`a ajıratadı:

1 - basqısh, balanın` tuwılg`annan 3 jasqa shekem

2 - basqısh, 3- 6 jasqa shekem

3 - basqısh, 6- 9 jasqa shekem

4 - basqısh, 9- 12 jasqa shekem

5 - basqısh, 12- 15 jasqa shekem

6 - basqısh, 15- 18 jasqa shekem

Sxemadan ko`rinip tur, R.Zazzo shaxs rawajlanıwının` basqıshlarına individual sıpatta bolıp, qa`liplesiw teoriyasınan kelip shig'ıp, jaqınlasqan shaxs qa`liplesiwi da`wirinin` joqarı noqatı, yag`niy sotsiallasıw menen shekleniwge alıp kelgen. Sonın' ushın onın' ta`liymati insannın' ontogenezde qa`liplesiwi, o'zgeriwi, rawajlanıw o`zgeshelikleri ha`m nızamlılıqları haqqında pikir ju`ritiw imkanin bermeydi. G.Grimm shaxs rawajlanıwı to`mendegi basqıshlardan ibarat ekenligin usınıs etedi.

1) bo`beklik (tuwılg`annan 10 ku`nge shekem)

2) go`deklik 10 ku`nlikten 1 jas

3) erte balaliq 1 jastan 2 jasqa shekem

4) birinshi balalıq da`wiri 3- 7 jasqa shekem.

5) ekinshi balalıq da`wiri 8 - 12 jasqa shekem

6) o`smirlik da`wiri 13- 16 jas ul balalar , 12- 15 jas qizlar

7) o`spirimlik da`wir 17- 21 jas jigitler, 16- 20 jas qizlar

8) er jetkenlik da`wiri, birinshi basqısh 22- 35 jas erkekler, 21- 35 hayallar.

Ekinshi basqısh, 36- 60 erkekler, 36- 55 jas hayallar

9) qartayiw ( jası qaytqan da`wir) 61- 75 erkekler, 55- 75 jas hayallar.

10) g`arrilıq da`wiri 76- 90 jasqa shekem

11) uzaq o`mir su`rıwshıler 91 jastan baslap sheksizlik

Dj.Birron shaxs rawajlanıwın to`mendegishe aytadı:

1) go`deklik (tuwılg`annan 2 jas)

2) mektep aldi da`wiri 2- 5 jas

3) balalıq da`wiri 5- 12 jas

4) o`spirimlik da`wir 12- 17 jas

5) erte er jetkenlik da`wiri 17- 20 jas

6) er jetkenlik da`wiri 20- 50 jas

7) er jetkenlik da`wirdin` aqırı 50- 75 jas

8) g`arrilıq da`wiri 76 jastan baslap.

D.Bromleydin` aytiwinsha onın' teoriyası basqalarg`a uliwma uqsamaydi, sebebi onda shaxstın' rawajlanıwı belgili da`wirlerge ha`m basqıshlarg`a ajıratilg`an 1- da`wir ana qarnindag'ı mu`ddeti o`z ishine qamtip aladi ( zigota- embrion ha`mle tuwılıw). 2- da`wir ( balalıq) a) go`deklik - tuwılg`annan 18 ayg`a shekem, b) mektepke shekemgi basqıshtan aldıng'ı - 19 aydan 5 jasqa shekem, v) mektep balalıq 5 jastan 11- 13 jas , 3- da`wir, o`spirimlik, a) erte o`spirimlik 11- 15jas, b) o`spirimlik 15- 21 jas, 4- da`wir, er jetkenlik, a) erte er jetkenlik da`wiri 21- 25 jas, b) orta er jetkenlik da`wiri 25- 40 jas, v) er jetkenliktin` son`g'ı basqıshi 40- 55 jas, 5- da`wir, qartayiw, a) istefo basqıshı 55- 65 jas, b) g`arrilıq basqıshı 65- 75 jas, v) en` g`arrilıq qartayiw da`wiri 76 jastan sheksiz.

Solay etip, biz shet el psixologiyasında shaxs rawajlanıwının` bag`darları ha`m teoriyaların qısqasha aytip o`ttik. Da`lillewden ko`rinip turipti, Evropa ma`mleketleri ha`m AQSh psixologları arasinda bul tarawda hesh qanday uliwma teoriya ele islep shıg'ılmag`an. Bunin` bas sebebi shaxstın' du`zilisi, onın' qa`liplesiw nızamlılıqları, onın' o`nip o`siwinde obiektiv ha`m subiektiv ta`sirlerdin` roli mikro ha`m makro ortalıqtın` ta`siri, rawajlanıwının` tayanıshları boyınsha uliwmalıqtın` joqlig'ı, onın' metodologiyag`a ha`m ilimiy platformag`a tiykarlanbag`anlig'ın ko`rsetip turadı.

Amerika psixologi S.Xoll (1844- 1924) biogenetikalıq zan`g`a tiykarlanıp, ha`r bir bala o`zinin` jeke rawajlanıwında adam a`wladinin` tariyxiy basqıshların ta`krarlaydı dep tastiyiqlaydı.

Pedologiya ilimin payda etiwde S.Xolldin` ta`siri ku`shli. Pedagoglardın' pikirinshe rawajlanıw bul- adam psixikasinda san jag'ınan o`zgerislerdin` toplanıwı boladı. Adam "aqıli" ("aqıl" adamnin` o`z aldındag'ı jan`a mashqalalar- wazıypalardı sheshiwge tez beyimlese aliw uqibi dep esaplayman) ondag'ı ishten alıp tuwılg`an bir na`rsege beyimlilik, qizig'ıw, minez- qulıq o`zgeshelikleri, uqıplılıqlarının` pisip jetilisiwi tu`rinde esapqa alınadi. Pedologiyanın' wa`killerinen amerikali psixolog Arnold Gedelldi (1880-1961) ko`rsetiw mu`mkin.

Ol o`z shig`armalarında balalardın’ rawajlanıwın haywan balasinin` rawajlanıwı menen tikkeley salistirip qaraydi, bundag’ı ayirmashılıq adam balalig’ının` uzaq waqıtta bolıp o`tetug’ınında dep ko`rsetedi. Ha`tte sotsiallıq ta`sirde biologiyalıq ta`sirdin` bir tu`ri dep qaraladi.

Bala rawajlanıwında sotsiallıq ta'sirdin' orni haqqında pikir ju`rgizgen ilimpazlardan Dyurkgeym - frantsuz sotsiologin ko'rsetip o'teyik. Ol (1858-1917) psixologiyada biologiyalıq teoriyalarg'a sin berip, balalar rawajlanıwı basqalardın' isenimlerin, oyların ha'm sezimlerin o'zlestiriw, o'zine sindiriw boladı, bul arqali balanın' ruwxiy jag'dayları o'zgeredi dep tu'sindiredi.

Balalar psixologiyasının' rawajlanıwında Shveytsariyalıq psixolog Jan Piaje (1896-1980) ayrıqsha orın iyeleydi. Ol adam balasinin' psixikasına ta'biyiy biologiyalıq ta'sirler menen bir qatarda sotsial ja'miyetlik qorshaw ta'sir etedi dep ko'rsetedi, biraq ol onshelli ku'shli ta'sir bola almaydı, bul faktorlar sırtqı ha'm mexanikalıq tu`rde bir- birine ta'sir etıwshı eki ku'sh bar dep esaplaydı.

A'sirese frantsuz psixologi Anri Vallon bul ma'selede durıs pikirlerge keledi (1879-1962). Ol adam psixikasına biologiyalıq ta'sirdin’ de, sotsiallıq ta'sirdin' de ornin durıs ko'rsetedi. Bul eki ta'sir arqali, aldi menen balanın' basqalar menen qatnası, jasag'an jag'dayi, alg'an ta'rbiyası arqali rawajlanıw tezlesedi.

Progressiv psixologiyalıq bag'darlar amerikali psixolog Dj.Bruner de o'z ornin tapqan. Ol a'sirese u'yretiw oqitiw arqali, ja'miyetlik qorshaw arqali baladag'i tuwılma- biologiyalıq o'zgesheliklerinde, onin' sotsiallıq o'zgesheliklerine de ta'sir etiwdin', rawajlandırıwdın' mu'mkin ekenligin ko'rsetedi.

Rossiyada balalar psixikasin u'yreniwde, og'an ta'sir etıwshı faktorlar ma'selesin oqitiwda, ta'rbiyanin' a'hmiyetin ko'rsetiwde, rus pedagogi K.D.Ushınskiy jetekshi orın iyelegen. Ol o'zinin' «Adam- ta'rbiya predmeti» («Pedagogikalıq antropologiya») miynetinde ta'rbiyashi balani ta'rbiyalawı ushın da'slep oni barlıq ta'repinen u'yreniwi sha'rt dep belgilegen. Ol adamdı ta'biyiy ha'm ja'miyetlik- sotsiallıq tiri jan dep qarag'an. Sonlıqtan adam rawajlanıwında biologiyalıq ta'sirlerde, sotsial- ja'miyetlik ta'sirlerde o'z ornina iye boladı, ekewinde ten'dey esapqa alıp ha'reket etiwdi talap etken. Bunnan keyingi

da'wirlerde A.P.Neshaev (1875-1947) bala psixologiyasına ha'm pedagogika, psixologiyag'a ko'rnekli u'les qosqan. A'sirese A.Makarenkonin’ ko'rsetpeleri u`lken a'hmiyetke iye (1888-1939), psixolog P.Blonskiy (1884-1941) bul tarawdi anag'urlim rawajlandıradı. Sonday-aq L.S.Vigotskiy (1896-1934) ko'rinerli miynetler isledi.

Solay etip, jas ayirmashilig'i menen pedagogikalıq psixologiyada biogenetikalıq ha'm sotsiogenetikalıq teoriyalar arasindag'i pikir tartislar u`lken a`hmiyetke iye boldi. Ha'zirgi da'wirde bul eki bag'dardin'da o'zinin' girewli orni barlıg'i tastiyiqlandi, olardın ekewine de tiyisli orın bergende g'ana bala durıs rawajlanatug'ini ma'lim boldi.

A'sirimizdin' 20- 30 jillanna kelip Rossiyada adamlarda joqarg'i psixikalıq xizmet- protsesslerdin' rawajlanıwı haqqındag'i Lev Semenovish Vigotskiydin' teoriyası qa'liplesip juzege keledi. Onın’ pikirinshe miynet, qural isletip xizmet etiwge u'yreniw na'tiyjesinde adam is- ha'reketlerinde, minez- xulıq qa'siyetlerinde haywanlarg'a qarag'anda ayriqsha, pu'tkilley basqasha o'zgeshelikler payda boladı. Ol endi sırtqı predmetlerden g'ana emes, al sol predmetlerdi an'latatug'in boladı. Adamnin' sırtqı dunya menen baylanıs jasawi sırtqı ha'reket ha'm ishki ha'reket (psixikalıq ha'reket) ke o'tedi, onin' is- ha'reketleri o'zgeredi, o'zi de o'zgerip baradi, psixikalıq aktivliktin' jan'a qurama tu’rlerine o’te aladi. Adamnin' quraldan ha'm olardı an'latıwshı belgilerden paydalanıwı u'yreniw, u'yretiw, oqitiw arqali a'melge asadi. Demek, adamda psixikanin' rawajlanıwı onin' sırtqı qorshaw, sotsiallıq ortalıqtan bo'liniwine jol qoymaydi, biraq sol ortalıq ta'siri menen birge a'melge asadi. O`mirde adamlar ta'jiriybesin o'zlestirip barıp, u'yreniw, u'yretiw arqali  ju`zege keledi. Sonlıqtanda adam tek g'ana biologiyalıq tiri jan emes, al usinin` menen birge ol sotsiallıq ta tiri jan, yag'niy biosotsiallıq tiri jan bolıp esaplanadı.

Psixikalıq xizmet balanın' ma'deniy rawajlanıwda (adam sıpatında rawajlanıwda) eki ret ha'm eki planda (eki tu`rde) payda boladı- <u>birinshiden</u> sotsiallıq- yag'niy adamlar arasinda bir- birine ta'sir retinde, <u>ekinshiden</u> psixologiyalıq- yag'niy balanın' o'z qa'lbinde, ishki dunyasında payda boladı.

Ma'selen. balanın' qoli menen yamasa na'zeri menen zatlardı ko'rsetiwi, belgi beriwi, sonın' ala olardı dawis, til menen bildiriwi bala is- ha'reketlerinde, bir jag'inan ta'biyiy (natural), ekinshi jag'inan ma'deniy tu`rge iye boladı. Bunin' birinshisi biologiyalıq berilgen tuwılma ha'reket bolsa, ekinshisi ja'miyetlik-sotsiallıq, ma'deniy, adamlar toplag'an ta'jiriybeden ibarat.

Baladag'i ma'deniyatlılıq minez- xulıq rawajlanıwı adamlarg'a eliklew, olar menen qatnas jasawg'a muta'jlikten kelip shig'adi ha'm bul mutajlikti a'melge asırıwda balada joqarı psixikalıq (funktsiyalar) xizmetler, protsessler payda bolıp rawajlanıp baradi, sotsiallıq tiri jan retinde qa'liplesip baradi. Sonlıqtanda baladag'ı joqarg'i psixikalıq funktsiyalardın' o'zinen o'zi pisip jetilisiwin ku'tip otirmastan, al oni ertede aq payda etiw, rawajlandırıw en' a'hmiyetli ma'sele bolıp turiwi sha'rt.

Sovet psixologiyasında shaxstın' rawajlanıwı mashqalasi L,S,Vigotskiy,P.P.Blonskiy, S.L.Rubinshteyn, A.N.Leontev, V.G. Ananev, L.I.Bojovich siyaqli ulli psixologlardın' shig`armalarında o`z ko`rinisin taba baslag`an. Keyin ala usı ma`sele menen shug'ıllanıwshılar sani ken`eyip bardi. Sonlıqtan shaxstın' du`zilisi, ilimiy deregi, rawajlanıwının` o`zine ta`nligi boyınsha jaqınlasıwda belgili da`rejede uqsaslıqqa iye. Ha`zirgi da`wirde shaxstın' rawajlanıwı haqqında pikirler ju`rgizgende ilimpazlardın' ilimiy qarasların belgili gruppag`a ajıratiw ha`m onnan son` olardın' mazmunın ashıw maqsetke muwapiq boladı. Bizin`she ontogenezde shaxs rawajlanıwın bir neshe basqıshlarg`a ajıratiw ha`m olardın' ha`r birine bo`leklep ilimiy psixologiyalıq ta`riyiplew ha`m jaqınlasw to`mendegi teoriya ha`m bag`darların sho`lkemlestiredi. Sonday- aq rawajlanıwdag'ı kriziske baylanıslı (L.S.Vigotskiy) motivatsion jaqınlasıw, (L.I.Bojovich) iskerlikke ko`re mu`na`sibet, (D.B.Elkonin) shaxstın' sotsiallıq o`zgesheligine itibar, (A.V.Petrovskiy) shaxstın' tutqan pozitsiyasın esapqa alıw (D.I.Feldshteyn) ha`m t.b.

L.S.Vigotskiy ja`ha`n psixologları shaxstın' du`zilisi ha`m rawajlanıwına ta`n teoriyalar (kritikalıq) biykarlıq da`lillew, o`nip- o`siwin ju`zege keltiriwshi ruwhiy jan`alawlardan kelip shıqqan halda protsessti to`mendegi basqıshlarg`a ajıratadı.

1) Bo`beklik da`wiri krizisi 2 ayg`a shekem

2) Go`deklik da`wiri 2 aydan1 jas, 1 jasarlıq krizisi

3) Erte balalıq da`wiri 1- 3 jas, 3 jasarlıq krizisi

4) Mektepke shekemgi da`wir 3- 7 jas, 7 jasarlıq krizis

5) Mektep jası da`wiri 8- 13 jas, 13 jaslıq krizisi.

6) Pubertat (jınısıy jetilisiw) da`wiri 14- 18 jas, 17 jaslıq krizisi.

L.S.Vigotskiy o`z shig`armalarında rawajlanıwdın` ha`r bir da`wirin o`zine ta`n o`zgesheliklerine teren` ilimiy ta`riyip bere alg`an. Da`lillewshi shaxstın' rawajlanıwında en` za`ru`r ruwhiy jan`alanıwlar u`stinen ilimiy, a`meliy, a`hmiyetli pikirler bildirgen. Biraq onın' pikirleri ishinde og`ada mazmunlı, pikir alısıw orınları bir talay boladı. Ha`zirgi zaman psixologiya pa`ninde L.S.Vigotskiydin` shaxstın' rawajlanıwı teoriyası ilimiy, tariyxiy, sotsial a`hmiyetke iye, rawajlanıwdi keltirip shig`arıwshı krizislerdin` roli haqqında pikirleri ha`m alg`a su`rgen ideyaları usı ku`nnın' talabi menen baylanıslı. Sovet psixologiyasının` ulli psixologi L.S.Vigotskiydin` sha`kirti L.I.Bojovich shaxs qa`liplesiwin belgili da`wirlerge bo`liwde motivlerge tiykarlanadı, sonın' ushın bul jaqınlasıwdi motivatsion dep ju`ritiw mu`mkin. L.I.Bojovichtin` pikirinshe, shaxstın' qa`liplesiwi, usinday da`rejelerden ibarat. 1- basqısh, bo`beklik - tuwılg`annan baslap 1 jasqa shekem, 2- basqısh, motivatsion qiyal 1- 3 jas, 3- basqısh, "Men"di an`law da`wir 3- 7 jas, 4- basqısh, sotsial janlı zat ekenligin an`law da`wiri 7- 11 jas, 5- basqısh, a) o`z- o`zin an`law da`wiri 12- 14 jas, b) o`z- o`zin belgilep aliw (tabiw) da`wiri 15- 17 jas

L.I.Bojovich shaxs qa`liplesiwinin` ha`r bir basqıshın psixologiyalıq da`lillew berip, olardı keltirip shig`arıwshı faktorlar, tu`rtkiler, mexanizmler negizin aship beriwge ha`reket etken. Ilimpaz pikirinin` bag`dari shaxs psixologiyası menen u`ziliksiz baylanıslı bolıp, motivatsion jaqınlasıwg`a a`ste-aqırın ta`riyiplew ha`m sheshiw boysindirilg`an.

D.B.Elkoninnın' shaxs qa`liplesiw klassifikatsiyası jetekshi iskerlik teoriyasına (A.E.Leontev ta`liymatına) tiykarlanıp, ha`r bir rawajlanıw da`wirinde ol yaki bul ko`rinistegi u`stinlik etiw itimalına su`yenedi.

Insannın’ shaxs sıpatında o`nip- o`siwi protsesindegi jetekshi iskerlik roli usı teoriyanın’ tiykarın payda etedi. D.B.Elkonin shaxs qa`liplesiwin to`mendegi basqıshlarg`a ajıratti:

1) go`deklik da`wiri, tuwılg`annan 1 jasqa shekem, tiykarg’ı iskerlik- a`ste- aqırın emotsional qatnas.

2) Erte balalıq da`wiri 1- 3jas, tiykarg’ı iskerlik- predmet penen manipulyatsiya (na`zik ha`reket) qiliw.

3) mektepke shekemgi da`wiri 3- 7 jas, tiykarg’ı iskerligi- rolli oyınlar.

4) kishi mektep jası 7- 10 jas, tiykarg’ı iskerlik- oqiw.

5) kishi o`smirlik da`wiri 10- 15 jas, tykarg’ı iskerlik shaxsiy ishki (intim) pikirlew

6) u`lken o`smirlik yamasa erte o`spirimlik da`wiri 16- 17 jas, tiykarg’ı iskerlik oqiw, ka`sip tan`law.

D.B.Elkoninnın’ shaxs qa`liplesiwi basqıshları belgili ko`lemdegi psixologlar ta`repinen ilimiy qarsı alıniwg`a qaramastan ma`lim da`rejede qiziqli oyınlar joq emesligin ko`rsetip o`tedi. Bizin`she ha`r bir da`wirdin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri tek g`ana bo`lek alıng`an iskerligi ta`siri menen shegaralanıp qalmaslig’ı, ba`lkim aralıq basqıshları ha`m barlıg’ı ha`m onnan kelip shıqqan halda ruwhiy jan`alanıwlarda ha`m o`zgeris boliwi mu`mkin. Sog`an qaramastan D.B.Elkoninnın’ usı teoriyası psixologiya pa`ninde, a`sirese jas da`wirler psixologiyasında en` za`ru`rli bolıp qalmaqta.

Blalar psixologiyası pa`nine ulli u`lesin qosqan A.A.Lyublinskaya shaxs rawajlanıwın belgili basqıshlarg`a ajıratiw pedagogikalıq psixologiya pozitsiyasınan turg`an halda iskerlikke jaqınlasadi. Belgili da`wirlerge ajıratadı ha`m olardı anıqlap da`lillewge umtıladi.

1) bo`beklik da`wir - tuwılg`annan 1 ayg`a shekem

2) kishi mektepke shekemgi ta`rbiya da`wiri 1 aydan 1 jas.

3) mektepke shekemgi ta`rbiya jasınan aldıng’ı da`wir 1- 3 jas

4) mektepke shekemgi ta`rbiya jası da`wiri 3- 7 jas

5) kishi mektep jasındag’ı oqiwshılıq da`wiri 7- 11 jas

6) orta klass oqıwshısi da`wiri (o`smirlik) 13- 15 jas

7) joqarı klass oqıwshısi da`wiri 15- 18 jas

Pedagogikalıq psixologiyanın’ ataqlı psixologi V.A.Krutetskiy insannın` ontogenetikalıq rawajlanıwın usinday basqıshlardan turatug’ının tiykarlap beriwge ha`reket qıladı.

1) bo`beklik tuwılg`annan 10 ku`nge shekem

2) go`deklik da`wiri 10 ku`nnen 1 jas.

3) erte balalıq da`wiri 1 jastan 3 jasqa shekem

4) baqshag`a shekemgi da`wir 3- 5 jas

5) baqsha jası da`wiri 5- 7 jas

6) kishi mektep jası da`wiri 7- 11 jas

7) o`smirlik jas da`wiri 11- 15 jas

Negedur avtordin` ko`pshiligi ontogenezde shaxstın’ rawajlanıwının` qalg`an basqıshların esapqa almaydı. Ha`zirgi zaman psixologiyasının` ataqlı wa`kili A.V.Petrovskiy insan rawajlanıwına shaxstı qurawinin` sotsial psixologiyalıq ko`z- qarastan jaqınlasip, o`zine ta`n original klassifikatsiyasın jaratadı. Usı teoriya negizinde o`nip- o`siw, er jetkenlikke umtılıw ideyası sebepli, balalıq, o`spirlik, o`spirimlik da`wiri jetedi.

A.V.Petrovskiyge shekem psixologlar rawajlanıwının` bir tegis ta`repin alıp u`yrengen bolsa, bunnan olar ol shaxs qa`liplesiwinin` prosotsial (sotsial qag’ıydalarg`a a`mel etiw) ha`m asotsia (akssotsial basqıshları ju`zege keliwi) mu`mkinligin da`lillep beriwge ha`reket etedi. Sonın’ ushın rawajlanıw 3 makrofazadan ibarat ekenligin da`liyllep, onın’ 1- tu`ri balalıq da`wirine tuwrı kelip, sotsial ortalıqqa iykemlesiw, ko`nligiw (adaptatsiya), 2- tu`ri o`smirlerge ta`n individuallanıw (individualizatsiya), 3- tu`ri o`spirimlik yag`niy er jetkenlikke umtılıw da`wirinde individual jag`dayların birlestiriw o`zgeshelikleri menen ko`rsetiledi. A.V.Petrovskiy shaxstın’ qa`liplesiwin to`mendegi basqıshlardan ibarat bolıwın ko`rsetedi.

1) erte balalıq (mektepke shekemgi ta`rbiya jasınan aldıng’ı da`wir) - tuwılg`annan 3 jasqa shekem

2) baqsha jası da`wiri 3- 7 jas

3) kishi mektep jasındag’ı oqıwshı da`wiri 7- 11 jas

4) orta klass oqıwshısi (o`smirlik) da`wiri 11- 15 jas

5) joqarı klass oqıwshısi (erte o`spirimlik) da`wiri 15- 17 jas

A.V.Petrovskiydin` klassifikatsiyası qanshama bekkem da`rejede bolmasin, rawajlanıwdın` aralıq basqıshları, olardın’ o`zine ta`n o`zgeshelikleri bar ekenligin usiniwg`a ta`n, sebebi sotsial qag’ıydalarg`a o`siwde yaki kerisi sotsial og`an qaramastan, ha`r 2 bag`dardin` ha`m aralıq tarawları boliwi mu`mkin, biraq bul ideyani teren`irek da`lillew kerek. D.I.Feldshteyn klassifikatsiyası da shaxsqa sotsial jaqınlasıwg`a tiykarlang`an bolsa da, biraq ol A.V. Petrovskiyden keskin parq etedi. D.I.Feldshteyinnın’ pikirinshe, insandi shaxs sıpatında qa`liplesiwi protsesinde 2 u`lken rawajlanıw basqıshın basıp o`tedi, olardan biri “men ja`miyet ishinde” degen pozitsiyadan ibarat bolıp, ol o`zine to`mendegi jas basqıshların qamtip aladi:

1) erte balalıq 1- 3 jas

2) kishi mektep jasındag’ı oqıwshısi da`wiri 6- 9 jas

3) joqarı klass oqıwshısi da`wiri 15- 17 jas

Shaxs rawajlanıwının` 2- pozitsiyası “men ha`m ja`miyet” dep atalıp, ol to`mendegi jas basqıshlarg`a baylanıslı boladı:

Mektepke shekemgi jastan mektep jasına o`tiwdi a`debiyatta a`dette krizis dep ataydi. Vigotskiy L.S g`a muwapiq 7 jastag’ı krizis bul mektep jasındag’ı en` kritikalıq jas bolıp esaplanadı. Kishi mektep jasındag’ı ontogenez fazaları haqqında aytqanda eki jastag’ı mashqalalar ko`zde tutiladi 7 jastag’ı kritikalıq jas ha`m kishi mektep jası.

Ayırım psixologlar kishkene bala mektepke barg`annan, yag`niy 1- sentyabrden baslap krizis jası dep esaplawdi qa`te dep sanaydi. Mektepke tiyisli zatlardı satip aliw mektepke barıw bulardın’ ha`mmesi balanın` ishki ha`m sırtqı sotsial pozitsiyaların o`zgertedi. Sol ushında 7 jastag’ı krizis bul mekteptin` da`slepki da`wirlerine tuwra keledi. Krizis jasının` tamamlanıwı bul oqiwg`a

baylanıslı mashqalalardın’ payda boliwi tamamlanadı. A`debiyatlarda ko`rsetiliwinshe, kishi mektep jası bul 6- 7 ha`m 9- 10 jasına tuwrı keledi.

Bul da`wirde fizikalıq ha`m psixofiziologiyalıq o`zgerisler boladı. Keyin ala bas miyi ha`m nerv sistemasi rawajlanadı. Fiziologlardın’ ko`rsetiwinshe jeti jasta u`lken yarim sharlar qabig’ı rawajlang`an boladı. Biraq en` a`hmiyetli (bas miyi) quramali bolg`an bas miyleri tolıq rawajlanbag`an boladı. Kishi jastag’ı oqıwshılar tez diqqati bo`linetug’ın, emotsional boladı. Mektep jasının` baslanıwı fiziologiyalıq krizistin` 2- da`wiri menen baslanadı, yag`niy 7 jasqa tuwrı keledi. Bul da`wirde balanın` ha`mme organlarında o`zgeris boladı. Kishi mektep jasında ha`r qıylı balalardın’ psixofiziologiyalıq rawajlanıwı ha`r qıylı boladı. Qız balalar er balalarg`a qarag`anda erte rawajlanadı. Mektepte da`slepki oqiw da`wiri balanın` sotsial rawajlanıwında o`zgeristi payda etedi. Ol endi “ja`miyetlik” subiekt bolıp esaplanadı.

Kishi mektep jasında tiykarg’ı faktor oqiw iskerligi bolıp tabiladi. Oqiw iskerliginde jan`a psixologiyalıq o`zgerisler payda boladı. Kishi mektep jası balanın` intensiv rawajlanıw da`wiri bolıp esaplanadı. Ol endi o`zin psixikalıq jaqtan basqara biledi.

L.S.Vigotskiydin` pikirinshe, mektep da`wirinin` baslanıwı menen pikirlew balalıq sana iskerliginin` orayina keledi. Bul jasta eslew, pikirlewshi, al qabıllaw-oylawshı bolıp esaplanadı. Bul da`wirde reflektsiya, analiz, ha`reketlerdin` ishki plani rawajlanadı. Bul da`wirde is ha`reketlerdi basqariw o`zgerip baslaydı. Vigotskiydin` pikirinshe, bul jasta bala endi ja`miyetke qarap o`z huqiqların ja`miyetke say o`zgertip baslaydı. Kishi mektep jasında bala eresek adamlar menen jan`a qatnas qura baslaydı. Bul da`wirde balanın` aldında eresek adamlardın’ avtoriteti tu`se baslaydı, endi ol o`z qatarların siylap baslaydı. Solay etip, kishi mektep jasında oray tiykarınan reflektsiya, analiz, ishki planlar, o`z qatarlarına orientatsiya kiredi. J.Piaje kontseptsiyasına muwapiq 7- 11 jaslarda bala konkret operatsiyalar da`wirinde boladı. Sol sebep, balada eslew, fantaziya, pikirlew, sanasi rawajlanadı. Rossiyalıq psixologlardın’ ko`rsetiwinshe, bul etapta bala

uqıplılıqları sheksiz boladı. Ol du`nyani, o`z a`tirapin tanip baslaydı ha`m ha`reketshen` boladı. Kishi mektep jasında balada:

– qizig’ıwshan` (tu`rli na`rselerge)

– oqiw uqıplilig’ı rawajlanadı.

– jeke uqıplıqlar payda boladı

– o`zin- o`zi basqariw, o`zin sho`lkemlestiriw uqıplıqları payda boladı

– o`zin- o`zi basqariw, o`zin sho`lkemlestiriw uqıplıqlar rawajlanadı

– o`zine kritikalıq ko`z qaras ha`m a`tirapti bahalaw uqıplilig’ı payda boladı

– sotsial formalardı qabıllaydı

– o`z qatarları menen qarım- qatnas doslıq kontaktlar payda boliwi

Balada psixikalıq jan`alanıwlar intellekt, shaxs, sotsial qatnaslar rawajlanadı. Sonın’ menen birge, balada basqa da iskerliklerge qizig’ıwshılıq boladı. (oyın, sport, sanaat) bular arqali bala jan`a jetiskenliklerge erisedi.

Psixologiya ilimi uliwma alg`anda adam ta`rbiyası, oni jetilistiriw haqqındag’ı pa`n ilim bolg`anlıqtan onın’ u`yrenetug’ını da tekseterug’ını da, u`yretetug’ıni da adam balasindag’ı o`zgeshelikler, onın’ o`sip- o`zgeriw nızamlıqları, sog`an sa`ykes ta`rbiyalap jetilistiriw usıl jolları ma`selesi esaplanadı. Bul ma`sele ju`da` qiziq ja`ne mashaqatli ha`m hu`rmetli jumis. Bul ma`seleni ilimiy ko`z- qarasta durıs tu`siniw g`ana oni kewildegidey, talap da`rejesine say a`melge asırıw mu`mkinshiligin beredi. Sonlıqtan da biz en` aldi menen psixologiya ha`m pedagogika iliminde jeke insan tu`sinigin teren` an`lap aliwimiz kerek.

Biz ku`ndelikli turmısimizda «adam» shaxs so`zlerin isletemiz, ilim, pa`nde de, «adam», «individ» ja`ne «jeke adam» degen termin tu`sinikler ko`p isletiledi. Bilayinsha qarag`anda bul so`zler, tu`sinikler bir ma`nisti an`g`artatug’ınday ko`rinedi, olardı geyde qalay bolsa solay qollanıp, o`z so`zimizde paydalana beremiz. Degen menen bul tu`siniklerde uliwmalıq, jaqın ma`nislik bar, solay bolsa da olardın’ arasinda ayırım o`zgeshelikler de bar. Insan ta`rbiyashisi, oqitıwshısı bolıp xizmet atqaratug’ın adamlar ushın bul tu`siniklerdegi uliwmalıg`ı nede, ayirmashılıg`ı nede ekenligin ayira biliw, tu`siniw ju`da` za`ru`r.

Onda individ, adam, jeke adam, adam o`zinsheligi degen tu`siniklerge toqtap o`teyik.

***Individ*** latinsha individum so`zinen kelip shıqqan bolıp «bo`linbeytug'ın» degendi an`latadı. Individ –na`siline jatatug'ın tiri jan boladı, sonlıqtan adam balasi, ta`biyattag'ı tiri janlardın' ta`biyıy bir tu`ri bolıp ol o`zindegi tuwılma (ishten alıp tuwılg`an) o`zgesheliklerine, ko`rinislerge ha`m o`mir- turmıstan u`yrenip o`zlestirgen o`zgesheliklerine iye bolg`an tiri jan esaplanadı. Ol tek biologiyalıq o`zgesheligi g`ana emes, al so`ylew, qural jasap paydalanıw uqıbına iye o`z minez qulqına iye tiri jan boladı.

Adam –sanali so`yley alatug'ın, miynet etetug'ın, do`gerek- a`tiraptag'ı ortalıqti an`lap biletug'ın jaratıw, jan`artiw uqibi bar biologiyalıq tiri jan. Sonın' menen birge adam ja`miyetlik tiri jan esaplanadı. Bul onın' en` a`hmiyetli belgisi, o`ytkeni ja`miyetlik turmıs ha`m qatnasıq- baylanıslar, birlesip isley aliw, ja`ma`a`tlik miynet, miynet quralların islep, onnan paydalanıw o`zgeshelikleri payda bolg`an ja`miyetlik tiri jan. Qısqasi organizmler, tiri biologiyalıq zatlar ishinde biosotsiallıq sanali tiri jan esaplanadı, ol rawajlanıwdın` joqarg'ı basqıshinda turadı.

Psixologiyada, pedagogikada, sotsiologiyada «adam» tu`siniginen tısqarı anag`urlim tar ma`nidegi «Shaxs» tu`sinigi de qollaniladi.

Shaxs degenimizde, bul konkret adamnin` so`zi, biraq oni ja`miyetlik, sotsiallıq tiri jan esabinda tu`siniwimizge boladı, onın' sotsiallıq jetilisiw da`rejesi esapqa alınadi. Misali: jan`a tuwılg`an bo`bek, shaqalaq yamasa aqılı zayıp, psixikalıq awiriw adam jeke insan esaplanbaydi.

Bul joqarıdag'ı tu`sinikler menen bir qatarda jeke insanlıq da`rejege ko`teriliw adamnin` o`zinsheligin ko`rsetip turıwshı belgilerge de baylanıslı. ***O`zinshelik*** – adamnin` turmıs, o`mir su`riw dawamında kem- kemnen payda bolıp, qa`liplesetug'ın bir adamdı ekinshi adamnan ayirip turatug'ın ha`m sol adamnin` o`zine g`ana ta`n bolg`an, basqa adamlarda ta`kirarlanbaytug'ın psixologiyalıq o`zgesheliklerine aytıladi.

Jeke insanda negizgi u`sh psixologiyalıq belgini ko`rsetiwge boladı: birinshiden, jeke insan qa`siyet- o`zgesheliklerinin' turaqlilig'ı –jeke insan o`zgeshelikleri qanshelli iykemge kelgish, o`zgerislerge beyim bolg`ani menen de onda belgili bir turaqli o`zgeshelikler, o`zinshellik ko`rinip turadı; ekinshiden jeke insanlıq o`zgeshelikler bir pu`tinligi menen bir- birinen g`a`rezliligi, bir- birine ha`r tu`rli jag`dayda tu`rlishe ta`sir etiwi menen ajıraladi; u`shinshiden jeke insannın' aktivligi –ha`r qıylı, ha`r ta`repleme ha`reket etiwi, iskerlik ko`rsetiwi menen ko`zge tu`sedi. Solay etip jeke insan ha`r jaqlama, quramalıqtın` bir pu`tinliginen turadı. Bul ha`r ta`repliliktin` ha`r jaqlamalıqtın` ishinde: onın' o`mirdegi alg`an bag`dari qizig'ıwi, mu`mkinshiligi, ha`reket, qizg'ınlıq stili, du`nyag`a ko`z- qarasi esapqa alınadi.

Basqasha aytqanda jeke insanlıq adamnin` du`nyada neni tin`lap, qa`leytug'ıni, qalay ha`reket etetug'ıni, ne ushın ha`reket etetug'ıni, onın' mu`mkinshiligi, ne qolinan keletug'ınlig'ı menen belgilenedi.

Mine joqarıdag'ı ha`r bir adamnin` o`zine ta`n belgilerinin' ta`rbiyalanıp qa`liplesiwine, onın' qandaylig'ına qarap jeke insan payda boladı.

Uliwmalastirip aytqanda adam balasi jeke insan bolıp tuwılmaydi, al ol jeke insan bolıp jetilisedi, bunin` ushın waqıt, jag`day- sha`rayat, bilim- ta`rbiya kerek, bularsiz adam jeke insan da`rejesinde o`zin ko`rsetiwi mu`mkin emes.

Jeke insan – bul bir jag'ınan adam zuriyadi, adam na`sili tu`rindegi biologiyalıq du`ziliske iye bolg`an ha`m til sana- aqıl, minez- qulıq, qizig'ıw, temperament, uqıp o`zgesheliklerine iye bolıp ta`rbiya arqali, ja`miyetlik qatnasta bolıwshı da`rejesine jetilisken adam boladı.

Jeke insannın' jetilisiwi tu`siniginde biologiyalıq ha`m sotsiallıq ta`sirlerdin` orni nede? Jeke adam bolıp jetilisiwde adamdag'ı tuwılg`annan- aq bolatug'ın ta`biyıy tuwılma biologiyalıq o`zgesheliklerdin` tutqan orni bar. Biologiyalıq, ta`biyıy, tuwılg`annan bar bolıp tuwılatug'ın o`zgeshelikler degenimizde – adam denesinin`, organizminin` o`zine ta`n sıpatları, qanday bolıp tuwıliwi, a`sirese seziw organlarında, nerv sistemasinda miydin` xizmetindegi tuwılma qa`siyet o`zgesheliklerdi tu`sinemiz. Misali: ko`riw, esitiw, teri- bulshiq et t.b.

organlarındag'ı sezimtallıq o`zgesheligi, nerv sistemasi –miy xizmetindegi tipologiyalıq: talıqlaw, juwmaqlastiriw, qabıllaw o`zgeshelikleri, plastiklik-iykemge kelgishlik qa`siyetleri, qoziw- qizg'ınlıq, tormozlanıw- irke aliw protsesslerinin' ku`shi, ten`lik- ten`sizligi, ha`reketshen`ligi, ha`reket etiwinin` bir-birine o`tiwinin` tezliginde ko`rinetug'ın o`zgeshelikler boladı. Misali: ren`lerdi, liniyalardı, ken`islikte jaylasıw qatnasların tez uslap ta`sirlenıwshı, bularg`a sezimtal nerv qa`siyeti menen tuwılg`an balalar su`wretlew qa`niygeligine, arxitekturag`a uqıpli keledi, al dawislardı na`zik an`g`arıwshı, saqlap qalıwshı nerv qa`siyetine iye bolg`an balada muzikag`a, til u`yreniwge uqıp tez rawajlanadı t.b.

Miyde talıqlawshı xizmetke beyimshilik bolsa matematikani tez iyeleydi, al sintezlewge uliwmalastiriw xizmetine beyimler filosofiya, ja`miyet ilimlerine uqıpli keledi t.b. Adam minezinin` qizbalig'ı nerv sistemasinin` tez qizıwshılig'ınan bolsa, minezdin` awirlig'ı tormozlanıwdın` basımlig'ınan boliwi, bir protsessten ekinshisine o`tiwdin` aqırınlig'ınan boliwi mu`mkin.

Denedegi basqa da tuwılma o`zgeshelikler adamnin` anaw yamasa minaw jumis-ha`reketke tez u`yreniwge ta`sirin tiygizedi. Degen menen bul joqarıdag'ı aytip o`tilgen ta`biyıy- biologiyalıq, na`sillik o`zgeshelikler o`zinen o`zi rawajlanıp ju`zege shiqpaydi, olar tek g`ana belgili jag`day, imkan tuwdirilsa g`ana u`yretip, shiniqtirip ta`rbiyalansa g`ana ju`zege keledi, tez rawajlanadı. Eger olar o`z waqtinda anıqlanıp, jag`day tuwdirilip shiniqtirilmasa ju`zege aspastan basılip qala beriwi de itimal. Sonlıqtan balalardag'ı bul o`zgesheliklerdi erteden anıqlap, unamli jaqların rawajlandirip, unamsizların waqtinda toqtatip, tejep barıw sha`rt.

Biz joqarıda adam tek g`ana biologiyalıq, ta`biyıy tiri jan bolıp qalmastan, ol ja`miyetlik, sotsiallıq tiri jan ekenligin aytqan edik. Olay bolsa adamnin` jeke insan bolıp jetilisiwinde en` a`hmiyetli, sheshıwshı orındi onın' o`sken jag`dayi, ortalig'ı, qorshawi, alg`an ta`rbiyası, bilimleri iyeleydi.

Jeke insannın' qa`liplesip jetilisiwi onın' barlıq o`zgesheliklerinin', barlıq jeke adamlıq sıpatlarının` birgelikte o`sip- rawajlanıwına baylanıslı. Jeke adamnin` ha`r jaqlama, barlıq ta`replerinin' bir tutas o`sip barıwı g`ana onı rawajlanıp jetilisken jeke insan da`rejesine jetkere aladi. Ja`miyetimizdin`, ma`mleketimizdin`

go`zlegen maqseti de bizin` keleshegimiz esaplang`an jas a`wladti haqıyqıy jeke insanlar, ha`r ta`repleme rawajlang`an ja`miyet ag`zaları etip jetilistiriwden ibarat.

Jeke insan jetilisiwinde, joqarıda aytqanimizday biologiyalıq, ta`biyıy-na`sillik o`zgeshelikten basqa balanın` o`sken ortalig'ı, onın' qandaylig'ı u`lken a`hmiyetke iye. O`sken ortalıq degenimizde ta`biyıy geografiyalıq ortalıq, ja`miyetke birikken, awqamlasip jasawshi adamlar qorshawi, shan`araq, xalqimiz, elimiz, ma`mleketimiz, ja`miyetimiz, sonday- aq jasap atırg`an da`wirimiz – juwmaqlap aytqanda ja`miyetlik- sotsiallıq qorshaw- ortalig'ın tu`sinemiz. Ta`biyıy- geografiyalıq ortalıq: bala tuwılg`an, o`mir keshirip atırg`an u`lkenin`, elattin`, jerdin` ta`biyatı, iqlimi esaplanadı. Bul qorshawdin`da baladag'ı tuwılma o`zgesheliklerdin` de, a`sirese o`zine qabıllap alıp u`yrenetug'ın, iykemlesetug'ın o`zgeshelikleri de, psixologiyalıq o`zgesheliklerine de ta`sir etip otiradi. Misali: suwiq, qatti iqlimdag'ı adamlar psixologiyasında awirlıq, shidamlılıq, suwiqqanlıq basım kelse, issi, dala iqlimindag'ılar qizg'ın bolıp o`siwi itimal t.b. Degen menen ortalıqtın` bul tu`rdegi ta`siri onshelli u`lken a`hmiyetke iye emes.

En` a`hmiyetlisi balani du`nyag`a kelgennen baslap mudami qorshap, a`lpeshlep, u`yretip, elikletip otirıwshı adamlar qorshawi, olardın' bala ta`rbiyasındag'ı alıp baratug'ın ta`sirleri negizgi orındi iyeleydi. A`sirese da`slepki balag`a en` jaqın, ku`ndelikli qorshaw –shan`araq esaplanıp, shan`araq ag`zalarının` ha`r birinin` o`zgeshelikleri, u`rp- a`detleri, qarım- qatnasıq, adamgershilik o`zgeshelikleri bala eliklewine, bala ushın u`lgi retinde ta`sir etip otiradi, bala kishkentayinan- aq u`lkenlerge mu`ta`j, olardın' o`zine kewil awdariwin ku`seytug'ın, olardın' o`zine degen qatnasınan qanaatlanıw, quwanishqa bo`leniw sezimlerine mu`ta`jlıq bildirip otiradi. Sonlıqtan da xalqimiz «uyada ne ko`rsen`, ushqanda soni isleysen`» dep aytatug'ıni, «anag`a qarap qiz o`ser, atag`a qarap ul o`ser» degen so`zleri ju`da` orınli ha`m o`mir ta`jiriybesin sınap ko`rilip aytılg`an so`zler. Sonlıqtan shan`araqtag'ı u`lken- kishi balanın` tuwisqanlarının` qilıqları, u`ydegi bir- birine hu`rmet, izzeti, ha`r kimnin` o`z xızmetin atqarıwi o`z ornina qarap is tutiwi, miyribanlıq yamasa turpayilıq, hu`jdanlılıq, iybelilik, mulayimlıq, pa`klik, haq kewillilik t.b. tolip atırg`an

o`zgeshelikler o`zinin` durıs ta`sirin tiydiredi, unamsizları dalada jaman, ersi ja`ne turpayi na`tiyjelerge alıp keliwi so`zsiz.

Usinin` menen bala u`yden shiqpay otira almaydı, waqti kelip ol o`z qurbi- qatarları, ten`in tabadi, oynaydi, olar menen qatnasıqta boladı. Sonlıqtan ko`p na`rseler balalarg`a qurbi- qurdaslarınan, birge oynap o`sken qatarlarınan da o`tiwi mu`mkin.

Demek bul ma`selege de itibar beriw kerek. Ha`zirgi da`wirde ko`pshilik balalarımiz baqshada ta`rbiyalanadı, mektepte oqiydi, bul jerdegi qorshawdin`, balalar ta`rtibi t.b. o`zgeshelikleri balag`a u`lken ta`sir etedi. Sonlıqtan baqshada, mektepte, balalardın’ bir- birin tu`siniwi, bir- birine inaqlig’ı, miyrimi, haqniyetliligi, haq kewilliligi, bir- birine boysiniwi t.b. u`lken a`hmiyetke iye. Bunnan tısqarı ko`shemiz, awil- aymag’ımizdag’ı adamlar da`stu`rleri bir- biri menen qatnas jasaw o`zgeshelikleri de a`hmiyetke iye. Sonın’ ushında «pa`len ko`shenin`, awildin` adamları, jasları pa`lendey (jaqsı, jaman)» degen so`zlerde durıs berilgen baha, balalar o`sip jetilisiwinde bunin` da a`hmiyeti u`lken. Balalar ko`rgenin islewge, solarday boliwg`a bar iqlasi menen umtıladi. Demek bul ma`seleni de qolg`a aliw, birlesip jo`nge saliw maqul, sebebi bul jag`daylarda balalarg`a tez sin`edi.

Bul faktorg`a da`wir- zaman o`zgesheliginde payda bolıp turg`an o`zgerisler, awhallar da kiredi. Ha`zirgi mustaqıllıq da`wirindegi jan`alanıw, adamlar sanasindag’ı o`zgerislerdin` en` unamliları, xalqimizdin` en` jaqsı u`mit- a`rmanlarının` tikleniwi, adam qa`dirinin`, hu`rmetinin` ulig`lanıwı jas a`wlad jetilisiwinin` en` ku`shli girewi, tiregi. Bul ma`seleni en` tiykarg’ı wazıypalardan dep qarawdi ja`miyetimizdin` aldimizg`a qoyip otirg`anlig’ı da sonnan. Sonlıqtan baqsha xizmetkerleri, mug`allim- pedagoglar bul isti jan- ta`ni menen durıs a`melge asırıwda pida`kerlik ko`rsetiwi, u`lgi boliwi, u`gitshi- na`siyatshi boliwi, o`z jumis xizmetlerinin’ usı ta`repine joqarı da`rejedegi bilimlilik, ma`deniyatlılıq, sabir taqat penen izbe- izli a`melge asırıwi olar ushın u`lken pariz ha`m qariz.

Jeke insannın’ jetilisiwinde joqarıdag’ı ta`sir- jag`daylarg`a baylanıslı boliwi menen birge balag`a ta`sir etıwshı ja`ne bir ta`sirdin` a`hmiyetin, tutqan ornin da

ayta ketiw orınli bolar edi. Bul jeke insan jetilisiwinde tek g`ana ishten alıp tuwılg`an yamasa sirttan berilgen ta`sirler g`ana emes, al onın’ o`z- o`zine beretug’ın ta`siri de, o`zinin` o`z betinshe, o`zinshe aktivligi de na`zerge alarlıqtay orın iyeleydi. Basqasha aytqanda balada ba`rhama u`yretiw – ko`rsetiw, talap qiliw menen is pitpeydi, al onın’ o`zi de ha`reket etiwi, aktivlik ko`rsetiwi kerek boladı. Balanın` o`z aktivligi erte bastan- aq bir na`rselerge talpınıwı, islep ko`riwge umtılıwi tu`rinde ko`rine baslaydı. Baladag’ı bunday o`zgeshelikti o`zinshe islewge (geyde qolinan kelmese de) umtıliwdi qollap- quwatlap, onday ha`reketlerge orni menen erkinlik berip o`zinshe islep ha`reket etiwine mu`mkinshilik berip u`yretsek, ba`rha` o`zimiz ko`rsete bermesten o`zine oylap ko`riwge, o`zinshe islep ko`riwge de erkinlik berip tursaq (shegi menen) bala bunday mu`mkinshilikti ju`da` jaqsı ko`redi.

Balani asa tu`rde qa`wenderlikke ala bermey, og`an erkinlik berip, biraq qadag`alap, tu`sindirip ja`rdemlesip barsaq ko`p na`rselerde o`zin ko`rsete aladi. Kishi jastan- aq a`sirese joqarı baqsha jasınan baslap bul jag`dayg`a ko`birek itibar berip barsaq balalar o`zin- o`zi basqariw, toqtata aliw jigerlilik, ustamlılıq ko`rsetip o`zinshe ko`p na`rselerge umtılip u`yrenip aliwg`a u`yrendi. Al olardı sa`l na`rseden irke bersek, inta ko`rsetiwin tiyip taslay bersek bala natiq bolıp o`sedi, o`zinshe erkin ha`reket ete almaydı, tartinshaq bolıp qaladi.

Solay etip, jeke insandi kamal taptiriw, kamalg`a keltiriw, en` basli wazıypa ja`ne en` qospali qıyın wazıypa. Oni a`melge asırıw bilim talap etedi, sabır- taqat penen, aqıl- oy, juwapkershilik, aldın boljay bilıwshılik, adamgershilik sezim ha`m juwapkershilikti talap etedi.

Sonlıqtan da ha`r bir insan, a`sirese basqalardın’ o`z balaların, olardın’ keleshegin isenip tapsirg`an ta`rbiyashi, oqitıwshılar bul ma`seleni jetik tu`siniwi, juwapkershilikli qarawi, en` aldi menen bul joqarıdag’ı ataqqa («jeke insan») o`zi erisiwi ha`m aldi menen balalarg`a, basqalarg`a da sin`diriwi sha`rt.

Shaxs strukturasi o`z ishine: temperament, bag`darlang`anlıq, xarakter, uqıplılıq siyaqli o`z- ara mu`na`sibettegi komponentlerdi kiritedi. Bunnan tısqarı

shaxs strukturasına psixikalıq protsesler ha`m psixikalıq jag`daylar, ta`biyiy ha`m sotsial o`z- ara baylanıslı o`zgeshelikler kiredi.

Barlıq Rossiya psixologları shaxs strukturasindag’ı jetekshi komponent dep bag`darlang`anlıqti aladi. Endi ken` tarqalg`an ha`m belgili shaxs strukturasi haqqındag’ı pikirlerdi ko`rip shig`ayiq.

A.V.Petrovskiy shaxstın’ 3 quramli strukturasin ajıratti.

1. Individtin` ishki sistemasin – ol adamnin` temperamenti, xarakteri, uqıplilig’ının` du`zilmesinde o`z ko`rinisin tabadi, ol za`ru`rli, biraq shaxs psixologiyasın biliw ushın jeterli emes.

2. Shaxstın’ real bar boliwi ushın predmetler menen xizmet protsesindegi mu`na`sibetin o`z ishine alıp, adamdı belgili xarakteristikaların «hawa»da individti organikalıq denesinen tis sirttan izlew kerek bolıp, ol shaxstın’ interindivid sistemasin quraydi.

3. Individ u`sti (metaindivid) du`zilme orayinda adamdı xizmet protsesinde adamlardan qarım- qatnas protsesinde basqalarg`a ta`sir ha`m basqalardan alınatug’ın ta`sir sıpatında ko`rinip, ol persona tu`rde ko`rinedi.

Solay etip, A.V.Petrovskiy o`z strukturasına 3 sistemasin kiritken: bul shaxs individuallig’ı, onın’ shaxslar arasindag’ı mu`na`sibetlerde ko`riniwi ha`m basqa adamlarg`a ta`sir ete aliwi bolıp, shaxs ba`rqulla usı u`shlikte sa`wleleniwine ha`m individler arasindag’ı sotsial mu`na`sibetler subiekti sıpatında boliwi mu`mkin.

S.L.Rubinshteyn boyınsha shaxs strukturasi to`mendegi ko`riniske iye.




sha shaxs strukturasının ko`riniwi to`mendegishe.

2-sxema

Adam bag’darlang’anlıg’ı, a`tirapqa bolg’an mu`na`sibette ko`rinedi. Ol o`z mu`ta`jlik- qızıg’ıwlardı, aqılıy ha`m teoriyalıq jollamanı aladı. Jetekshi bag’darlang’anlıq shaxstı psixikalıq xızmetin belgileydi.

Mu`mkinshilikler o`z ishine uqiplardi kirgizip, olar xizmetti ta`miyinleydi. Tu`rli uqiplar o`z-ara baylanisli ha`m o`z- ara bir- birine ta`sir etedi.

Xarakter sotsial ortalıqtag’ı minez- qulıq usılın belgileydi. Onda adamnın` ruhıy o’mirin ma`nisi ha`m forması ko’rinedi. Xarakter sistemasında erkli ha`m morallıq sıpatlar ajıratıladı.

Shınıg’ıw sisteması, o`z-o`zin basqarıwdı ju`zege keltiredi ha`m ol o`mir ha`m xızmette ko`rinedi.

K.K.Platonov boyınsha shaxs strukturasi to`mendegi sxemada ko`rinip, ol dinamikalıq funktsional bar bolg`an 4 sistemani o`z ishine aladi.

3-sxema

Bag`darlang`anlıq sisteması. Shaxs morallıq sıpatları ha`m mu’na`sibetlerin birlestiredi. Bul ha`diyselerdin` da`rejesi, ko`lemi, intensivligi, turaqlılıg`ı ha`m barlıg`ına ajıratıladı. Bag`darlang`anlıq formalarında mu`na`sibetler ha`m morallıq sıpatlar bar.

Sotsial ta`jriybe sisteması o`z ishine bo`lim, ko`nlikpe, ta`jiriybe ha`m a`detlerdi kirgizedi ha`m olar bilim alıw na`tiyjesinde arttırıladı. Oqıw jolı menen jeke tajiriybede bilim, ta`jiriybe ha`m a`detler payda boladı.

Sa`wleleniw sisteması. Ayrıqsha psixikalıq protseslerdin` individual o`zgesheliklerin kirgizip, olar sotsial turmıs protsesinde qa`liplesedi.

Biologiyalıq baylanıs sisteması shaxstın` tipologiyalıq o`zgesheliklerin birlestiredi ha`m bunda jins ha`m jas o`zgeshelikleri ajıratıladı.

K.K.Platonov islep shıqqan shaxs strukturasınan ko`rinip turg`aninday ol 4 sistemani shaxs strukturasinda ajıratadı.

1-sistema – sotsial baylanıs o`zgeshelikler ha`m morallıq sıpatlar.

2-sistema – shaxs tayarlig’ı (bilim, ta`jiriybe, ko`nlikpe, a`det).

3-sistema – shaxstın’ individual tipologiyalıq, o`zgeshelikleri bilim protsesleri (seziw, qabıl etiw, oylaw, qiyal, este saqlaw, diqqat).

4-sistema – biologiyalıq sha`rtlengen o`zgeshelikler bolıp joqarı nerv xizmeti, temperament uqıplılıq.

Bunnan tısqarı o`z shaxs strukturasına K.K.Platonov 2 ta`repti (shaxs uliwma o`zgeshelikleri) – bul xarakter ha`m uqıplıqlardı kiritedi.

Shaxs bag`darlang`anlig’ı – bul turaqli motivler jiyindisi bolıp, shaxs xizmetin belgileydi.

Shaxs bag`darlang`anlig’ı qizig’ıwlar, du`nya qaras, isenim, umtılıw ha`m ideal da xarakterlenedi.

Qizig’ıw – biliw mu`ta`jliginin` formasi bolıp, ol jan`a faktler menen tanisiwg`a, ha`mde du`nyani anıq teren` ha`m tolıq sa`wlelendiriwge ja`rdem beredi.

Subiektiv qizig’ıw emotsional tonda ko`rinip, ol biliw protsesinde arttiriladi. Qizig’ıwdin` qandiriliwi umtılıwdi so`ndirmeydi. Kerisinshe jan`a joqarı da`rejede biliw ha`reketin qandiratug’ın qizig’ıwdi ju`zege keltiredi. Qizig’ıw o`z dinamikasinda xizmetti a`melge asiratug’ın jo`nelgenlikti ju`zege keltiredi.

Qizig’ıw obiekttin` qiziqlig’ı menen ju`zege kelgen ha`m xizmet maqsetine erisiw tiykari sıpatında ju`zege keledi. Qizig’ıwdin` turaqlilig’ı, onın’ dawamlig’ı ha`m intensivliginde ko`rinedi. Qizig’ıwdin` u`zliksizligi ha`m turg’ınlig’ı xizmet protsesinde qıyınshılıqti jen`iwden da`rek beredi. Qizig’ıwdin` ko`lemi ha`m tayarlig’ı qizig’ıwdin` ma`nisi ha`m shaxs o`mirindegi ornin ko`rsetedi.

Du`nya qaras – adamnin` qaraslar sistemasi bolıp, onda adamnin` a`tiraptag’ı du`nyag`a qarasi. Bul du`nyada o`zinin` ornin an`law, adamlarg`a degen mu`na`sibeti, o`mirlik pozitsiyası, ideyalar, isenimleri, printsipleri ko`rinedi.

Du`nya qaras – bul sa`wleleniw bolıp, onda du`nyani uliwma tu`siniw payda boladı ha`m ol sotsial siyasıy, filosofiyalıq, diniy, estetikalıq, ilimiy- teoriyalıq bag`dardi anıqlaydı.

Isenim – bul u`lgi, umtıliwlardın’ en` joqarı shoqqısi. Ideyalardı qa`liplestiriw jas a`wladti ta`rbiyalawdag’ı tiykarg’ı wazıypa.

Umtılıw – birlemshi qizig’ıw, mu`ta`jliktin` bastan keshirliwi, obiektke umtılıwi. Umtıliw dinamikalıq tendentsiya sıpatında qa`lew sıpatında ko`zge taslanadı.

Shaxs mashqalasi psixologiyasın izertlew tariyxinda 3 da`wirge ajıratiw mu`mkin. Bul – filosofiyalıq a`debiy, klinikalıq ha`m ta`jiriybe. Filosofiyalıq a`debiy da`wir antik filosoflardın’ qaraslarınan baslanıp, o`z ishine shig’ıs oyshillarının` pikirlerin qamtip aladi (Farabiy, Abu Ali Ibn Sino, Babur, Umar Xayyam ha`m t.b.) ha`m XIX a`sirdin` baslarına shekem dawam etedi. XIX a`sirdin` birinshi 10 jillig’ında filosofiyalıq qaraslar menen birge shaxs mashqalasına psixiatr vrachlar qizig’ıwları ju`zege keldi. XX a`sirdin` birinshi yariminda shaxs mashqalasına professional psixologlar diqqat awdara basladi. Eksperimental ta`jriybe da`wiri psixolog- alimlar A.f.Lazurskiy, G.Ayzenk, G.Ollport, R.Kettell ha`m basqalar ati menen baylanıslı.

XX a`sirdin` 30 jillarında psixologiyada shaxstı aktiv differentsial izertlew baslandi. Bunin` na`tiyjesinde 50 ge jaqın bag`darlar ju`zege keldi. Shaxs teoriyaların zamanago`y klassifikatsiyalaw to`mendegishe boliwi mu`mkin:

1. Psixodinamikalıq teoriya shaxstı ha`m minez- qulqının` psixologiyalıq, ishki, subiektiv xarakteristikalarınan kelip shig’ıp talıqlawda ko`rinedi.

2. Sotsiodinamikalıq teoriyada tiykarg’ı orın minez- qulıqtın` determinatsiyasına ajıratiladi ha`m bunda sırtqı faktorlar itibarg`a alınadi.

3. Interaktsionistlik shaxs teoriyası sırtqı ha`m ishki faktorlardın’ o`z- ara ta`sir faktorına tiykarlanadı.

4. Shaxs eksperimental teoriyası, ta`jriybe tiykarında anıqlang`an faktorlardı talıqlaw ha`m uliwmalastiriwg`a qaratilg`an. Usı teoriyag`a strukturali teoriyalar da kirip, ondag’ı tiykarg’ı mashqala shaxs strukturasi ha`m onın’ tu`sinikleri.

5. Eksperimental bolmag`an teoriya o`z avtorlarının` o`mirlik ko`z qaraslarına, baqlawları ha`m ta`jriybelerine tiykarlanıp, ta`jriybege tiykarlanbaydi.

Bul teoriya toparina dinamikalıq teoriya kirip, onın' tiykarg'ı temasi – shaxstı rawajlandırıwda o`zgeris, yag`niy onın' dinamikasi.

Bul klassifikatsiya tiykarında ken` tarqalg`an teoriyalardı ko`rip shig`ayiq.

1. Amerikali psixolog G.Ollport «sıpatlar teoriyası»na tiykar saldi. Usı teoriya tiykarında R.Kettell ta`jriybe izertlewlerin o`tkerip, shaxs faktor talıqlawın, shaxs sıpatların anıqlaydı ha`m qatar testlerdi (Ketteldin` 16-faktorlıq testi) islep shiqti.

2. «Sıpatlar teoriyası»na alternativ tu`rde «sotsial oqiw teoriyası» ju`zege keldi. Usı teoriya tiykarında jeke is- ha`reket yamasa is ha`reket jiynag'ı quraydi. Shaxs minez- qulqına a`tiraptag'ı adamlardın' sotsial ta`siri bar.

3. Z.Freyd ta`repinen islep shıg'ılg`an psixoanalitikalıq teoriyag`a tiykarlanıp adam ishki psixikalıq o`zgesheliklerin talıqlaw za`ru`r. Z.Freyd adamnin` o`z- o`zin, an`lawın muz bo`legine uqsatadı. Adam kewlinde ju`z berip atırg`an en` a`hmiyetsiz na`rse g`ana shaxs ushın kerekli, ol an`lanadı. Qalg`an is- ha`reketlerdi adam tu`siniw, an`law mu`mkinshiligine iye emes. Freyd pikirinshe shaxs strukturasi 3 tiykarg`a iye: Ol «Men», «Ol», «O`te Men» – sanasızlıq bolıp, og`an qizig'ıwlar, motivler ha`m mu`ta`jlik kiredi.

«Men» sanalılıq, «O`te Men» – sanalılıq ha`m sana asti jag`dayında boladı. «Ol (ono)» – a`piwayi printsipine tiykarlanıp ha`reketlenedi. «Men» realistlik printsipke ha`m «O`te Men» ideal ko`z qaraslarg`a su`yenedi.

4. Gumanistlik psixologiyanın' wa`killeri de o`zine ta`n shaxsqa jantasiwdi aytadı. Usı teoriya ta`repdarları shaxstın' o`z o`mirindegi real waqiyalardı qalay qabıl etiw, tu`siniw, tu`sindiriw menen qiziqti. Olar shaxs fenomenologiyasın talıqlawdi jaqsı ko`rdi. Usı teoriyanın' ta`repdarları amerikali psixologlar V.Maslou ha`m K.Rodjersler.

5. Rossiya psixologları ta`repinen (Leontev, Bojovich) shaxs psixologiyasın izertlew boyınsha qatar izleniwler alıp bardi. L.I.Bojovich, L.S.Vigotskiydin` jetekshi xizmet ha`m sotsial jag`daydi rawajlandırıw teoriyasına tiykarlanıp, balanın` du`nyag`a degen mu`na`sibeti ha`m ishki pozitsiyası o`z- ara xizmet ha`m shaxslar arasindag'ı mu`na`sibetke tiykarlanıp jas da`wirlerge bo`lip, izertlenedi.

Usi pozitsiya shaxstın’ tiykarg’ı xarakteristikasi bolıp, oni rawajlandırıwg`a tiykar bolıp xizmet etedi.

A.N.Leontev o`zinin` shaxstın’ rawajlanıwı ha`m strukturasi kontseptsiyasında tiykarg’ı orındi xizmetke ajıratadı. Onda shaxstın’ tiykarg’ı xarakteristikasi sıpatında onın’ motivatsiyalıq sıpatı alınadi. Shaxs xizmetinin` tu`ri qanshelli ra`n`-ba`ren` bolsa, shaxs sonshelli ruwxiy bay boladı.

Son`g’ı 10 jilda shaxstın’ sintezlesken pu`tinligin ko`rip shig’ıw bag`darları tu`rli teoriya ha`m jantasiwlar kelip shig’ıp talıqlanadı.

Usi kontseptsiyalardan biri amerikali psixolog E.Erikson teoriyasında o`z ko`rinisin tabadi. usı teoriyada genetikalıq payda boliwdi epigenetikalıq printsipke tiykarlanıp, jas da`wirlerin tuwılg`annan o`mirinin` aqırına deyin talıqlaydı. E.Erikson shaxs rawajlanıwında o`mirlik psixologiyalıq krizislerdi ko`rip shiqti. Olar to`mendegiler:

1. Iseniw ha`m isenbewshilik krizisi (o`mirdin` birinshi jili dawamında).

2. Avtonomiya ha`m uyat jag`dayında ekileniw, gu`manlanıwg`a qarama-qarsılıq (2- 3 jaslar arasinda).

3. Ayıpti seziwge qarsı sho`lkemlestiriwdin` payda boliwi (3-den-6 jasqa shekemgi da`wir).

4. Tolıq bahalanıwg`a iye bolmaw kompleksine qarsı miynet sezıwshılikti ko`rsetiw (2- 12 jasqa shekem).

5. Individual komformizmge qarsı, jeke o`zin- o`zi an`law (12- 18 jas).

6. Individual jekeleniwge qarsı qarım- qatnas (20 jasqa jaqın).

7. O`zin- o`zi oylawg`a qarsı yamasa keleshek a`wlad haqqında qayg’ıriw, g`amxorlıq etiw (30 dan 60 shekem).

8. Qayg’ıriwg`a qarsı keshirilgen o`mirden qanaatlanıwı (60 tan joqarı).

E.Eriksonın’ kontseptsiyasına tiykarlanıp shaxstın’ qa`liplesiwi bir- birinen san jag’ınan ajıralıp turatug’ın da`wirlerdi basıp o`tiw menen baylanıslı bolıp, bunda adamnin` ishki du`nyası menen onın’ du`nyag`a degen mu`na`sibeti o`zgeredi.

E.Erikson kontseptsiyasında shaxs rawajlanıwında eki bir birine qarama-qarsı, normal ha`m anomal tu`rlerdi sa`wlelendiredi. To`mende E.Eriksonın’ adamdı shaxs sıpatında qa`liplesiwi kontseptsiyası sxemasi keltirilgen.

1-tablitsa

**E.Erikson boyınsha shaxs rawajlanıw basqıshları**

| № | Rawajlanıw basqıshı | Rawajlanıwdın` normal sizig’ı | Rawajlanıwdın` onomal sizig’ı |
|---|---|---|---|
| 1 | Erte bo`beklik (tuwılg`annan 1 jasqa shekem) | Adamlarg`a isenim, o`z-ara muxabbat, baylanıs ata-anani ta`n aliw, qarım-qatnasta bala mu`ta`jliklerin qandiriw. | Ananın’ balag`a jaman mu`na`sibeti na`tiyjesinde adamlarg`a isenimsizlik, muxabbattin` jog`aliwi. Ko`kirek su`tinen erte shig’ıp ketiw, jalg’ızlanıw. |
| 2 | Keshki bo`beklik (1 jastan 3 jasqa shekem) | o`z betinshelik, o`zine isenim bola o`zine g`a`rezsiz, shaxs sıpatında qaraydi, biraq ele ata-anasına baylanıslı. | O`zinde ekileniw, uyatti biliw o`z uqıplıqlarınan gu`manlanadı, o`mirge maslaspag`anin sezedi. |
| 3 | Erte balalıq (3 jastan 5 jasqa shekem). | Qizig’ıwshılıq ha`m aktivlik u`lkenlerge eliklew, aktiv o`mir, rolli is- ha`reketi | Adamlarg`a biyparwalıq, aktivliktin` pa`seyiwi, basqa balalarg`a qarag`anda ko`realmaslıq, turaqsizlıq. Rolli-jınısıy is-ha`rekettin` pa`seyiwi. |
| 4 | Orta balalıq (5 jastan 11 jasqa shekem). | Miynetkeshlik, juwapkerlik tabisqa erisiwge, umtılıw,bilim ha`m kommunikativ uqıplıqlardı rawajlandırıw. Real wazıypalardı orınlaw Maqsetke bag`darlang`an oyın, predmetli ha`reketler, tez o`zlestiriw. | Jeke kemshiliklerdi seziw, passiv miynet wazıypalarınan qashıw, komformistlik, qullarg`a say is-ha`reket. |
| 5 | Fizikalıq jetilisiw, o`smirlik, o`spirimlik (11 | O`mirlik o`zin-o`zi an`law, keleshekke rejeler du`ziw, qanday boliw? kim boliw? sorawlarına juwap qidiriw. Oqiw. Jınısıy jetilisiw | Rollerde ekileniw, keleshek haqqındag’ı pikirlerdin` aralasıwi, o`z-o`zin tu`sindirip alg`an ha`reket |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | jastan 20 jasqa shekem). | du`nyaqarastın` qa`liplesiwi. toparda liderlikke umtılıw. | miynet aktivliginin` pa`seyiwi. Jınısıy rolli is-ha`reketlerde tu`sinbewshilik, du`nyaqaras ha`m morallıq normalardı tu`sinbewshilik. |
| 6 | Erte jaslıq (20-45) | Adamlarg`a jaqınlıq, adamlarg`a umtılıw, o`zin adamlarg`a bag'ıshlaw sezimi, qa`lewi. Balalardın' tuwılıwi ha`m olardı ta`rbiyalaw. Muxabbat ha`m is, jeke o`mirinen qanaatlanıw. | Adamlardan qashıw, a`sirese jaqınlarınan xarakterde qıyınshılıqlar, tu`siniksiz mu`na`sibetler, bund sırtqı basımdi seziw. |
| 7 | Orta jaslıq (40-60) | Do`retıwshılik u`stinde islew, a`tiraptag'ılardı do`retıwshılikke iytermelew, jetik, tolıq ra`n`-ba`ren` o`mir. O`mirinen qanaatlanıw. Jan`a a`wladti ta`rbiyalaw ha`m oqitiw. | Menmenlik ha`m o`z- o`zine itibar qaratiw, isinde na`tiyjesizlik, erte invalidlik, o`zi haqqında oylawdın` jog`aliwi. |
| 8 | Qartayg`anlıq (60 jastan joqarı) | O`tken o`mir haqqında oylaw o`tken o`mir qanday o`tken bolsa sondaylig'ınsha qabıl etiw. O`zinen ha`m o`tken o`mirden qanaatlanıw o`limge tik qaraw ha`m onnan qoriqpaslıq. | O`mirin biykar etkenine qayg'ıriw. Waqıt tez o`tip atırg`anina,o`zinen basqalardan qanaatlanbaw, o`mirin qaytadan baslaw tileginin` payda boliwi. Bul o`mirde ha`mme na`rse biyta`rtip ekeninen qapa boliw, o`limnen qorqiw. |

Shaxs rawajlanıwında amerikali psixolog E.Frommnin` da o`z qarası bolıp, onın' pikirinshe shaxs rawajlanıwı – bul ha`r bir adamda bar a`jayıp mu`mkinshiliklerdin` ta`n alınıwı ha`m o`mirge engiziliwi. Shaxs erkin, joqarıdan tu`rtkisiz rawajlanıwı kerek.

Kishi mektep jası shaxsın qa`liplestiriwdegi qarım – qatnas mashqalaların izertlewler teoriyalıq jaqtan uyrenilip shıgıldı. Qarım – qatnas haqqında tusinik izertlew predmeti retinde ko'rip shıg'ıldı. Rossiyalı psixologlardın' L.S.Vıgotskiy

(38,39), D.B.Elkonin (143), L.I.Bojovich (29), A.V.Petrovskiy (123), N.N.Abozov (93), B.F.Lomov (77), A.N.Leontev (73), B.G.Ananev (17), t.b. ha`r ta’repleme izertlewlerine qaramastan qarım – qatnas mashqalası tu’sinigi boyınsha bir toqtamg`a kelmedi. Qarım – qatnas protsessin ha`reket etip turg’an ha`zirgi ma’nili ta’repine ha`r qıylı qarama – qarsı tusinikler paydalanılmaqta. Bizin` ko`z qarasımızda qarım – qatnas kishi mektep jası ta`lim – ta`rbiya protsessinde barlıq waqıt bir birine baylanıslı sistema «oqıwshı – oqıwshı», «oqıwshı – mug’a’llim», «oqıwshı – ata-ana», oz ara qarım – qatnasta belgili orındı iyeleydi. Qarım qatnas protsessi ha`r ta’repleme o`z ara baylanıstı ha’m o`z ara sha`rtlesiwdi alg`a su`redi.

## 1.2. O`ZBEK PSIXOLOGLARI IZERTLEWLERINDE MASHQALANIN` U`YRENILGENLIGI

Aqirg'ı 10- 20 jil aralıg'ında O`zbekstanda sotsial ko'z- qaraslar kontseptsiyası shen`berinde o`tkerilip atırg`an izertlewler (V. Karimova, K. Rahimova,Z. Nishonova, M. Umarova, O. Hayitov, G. Yadgarova, L. Karimova, K. Farfieva, Sh. Eshmetov, N. Lutfullaeva, O. Qodirova ha`m basqalar) usı bag`dardin` keleshegi ekenligin, shaxs ha`m ja`miyet ortasindag'ı quramalı ha`m ko`p tarmaqlı mu`na`sebetlerdin` sotsial qulıqta ko`riniwi mexanizmin tu`sindiriwde teoriyalıq- metodologiyalıq tiykarının` barlıg'ın da`lilleydi.

E.G.Goziev. S.A.Axunjanova, A.X.Yugay, R.I.Sunnatova, T.M.Adizova, Z.T.Nishanovalardın' ilimiy jumıslarında da kishi mektep jasındag`ı oqıwshılardın' individual psixologiyalıq o`zgeshelikleri haqqında qımbatlı pikirler aytılg`an. E.G.Goziev oqıwshılarg`a oylaw operatsiyalarının', ulıwmalastırıw usıllarına u'yretıw arqalı sotsial ortalıqqa beyimlesiwi mu'mkin, dep esaplaydı.

S.A.Axunjanova balanın' mektepke iykemlesıwi arqalı shaxs bolıp qa'liplesiwine ta`sir etıwshı subiektiv faktorlardan biri ekenligin aytadı. Balalar mektepke qanshelli tayar bolmasa, mektepke iykemlesıw da`wiri sonshelli uzaq ha`m qıyın o`tedi. Psixologlar balanı mektepte oqıwg`a tayar dep, onın' fizikalıq, psixologiyalıq ha`m shaxsıy tayarlıg`ın na`zerde tutadı.

A.X.Yugay izertlewlerinde 4- 5 klass oqıwshılarının' orıs tilin bos o`zlestirıwshı oqıwshıları u'yrenilgen. Avtor orıs tilin o`zlestirıw boyınsha arnawlı da`stu'r islep shıg`adı.

T.M.Adizova mektep psixologlarının' qarım- qatnasqa kirise almaytug`ın baslawısh klass oqıwshıları menen alıp baratug'ın psixologiyalıq- korrektsiyalıq jumısları, shaxs bolıp qa'liplesiwine ta'sir etıwshı sebepleri haqqında ayrıqsha aytıp ketedi. Avtor birinshi klassta oqıtıwdın' tiykarg`ı qıyınshılıq o`zgeshelikleri sıpatında mektepten psixogen bezıwdi ko`rsetedi. Psixogen kesellik bul ruwxıy faktorlar ta`sirinde kelip shıg`atug'ın kesellik esaplanadı. Bul kesellik balanın' mektepte, shan'araqta obiektiv ha`m subiektiv ornının' buzılıwı, ta`lim– ta`rbiya

protsessinin’ qıyınlasıwı ha`mde onın’ shaxsıy psixogeninin’ payda bolıwı, yag`nıy psixogen keselligi esaplanadı.

T.M.Adizova oqıtıwshılardın’ sotsial ortalıqqa beyimlespegen oqıwshılar menen alıp baratug’ın is- ha`reketleri haqqında toqtalıp o`tedi. «Ko`pshilik ha`tteki en’ ta`jiriybeli oqıtıwshılar da sotsial ortalıqqa beyimlespewshilik sebebin oqıwshının’ is jaqpaslıg`ı, ta`rbiyasızlıg`ı menen baylanıstırıwg`a urınadı».

R.I.Sunnatova oqıwshının’’ sotsial ortalıqqa iykemlesiwi, mektepte bilim, ko`nlikpe ha`m jetiskenliklerdi iyelewde ata- analar, oqıtıwshılar, u’lkenler ja`rdem berıwi bala rawajlanıwının’ jaqın zonası, yag`nıy bala erkin atqara almaytug’ın tapsırmalardı u’lkenler ja`rdeminde sheshıwdin’ a`hmiyeti haqqında aytıp o`tedi.

G`.B. Shoumarov ha’m Ye. A. Morshinalardın’ (1986) izertlewlerinde bolsa shan’araqta balalardın’ ta’rbiyasına tuwrıdan- tuwrı ta’sir ko’rsetetug’ın sotsial faktorlar u’yrenildi, solardan, onda o’zine ta’n milliy ha’m da’stu’riy o’z- ara mu’na’sebet o’zgesheliklerinin’ ornı belgilenedi.

Solay etip, O`zbekstan psixologları shıg`armalarında da kishi mektep jası shaxsının’ qa’liplestirıwshı faktorlar mashqalası u’yrenilgen.

## 1.3. KISHI MEKTEP JASI SHAXSININ` PSIXOLOGIYALIQ O`ZGESHELIKLERI

Kishi mektep jası da`wirine 6-10 jaslı baslawısh (1-4) klass oqıwshıları kiredi. Bala mektep ta`limine baqshada ta`rbiyalanıp atırg`anda tayarlanadı. Bunda ol mektepte oqıwshılarg`a qoyılatug'ın ha`r qıylı talaplar menen tanısadı, pa`n tiykarların u'yreniw ushın biologiyalıq ha`m psixologiyalıq jaqtan tayar boladı.

Bilimlendiriwge psixologiyalıq jaqtan tayarlıq degende, balanın' obiektiv ha`m subiektiv jaqtan mektep talabına mu'na`sipligi na`zerde tutıladı. Ol mektep ta`limine da`slep psixologiyalıq jaqtan tayarlanadı. Onın' psixikası ta`lim, bilim alıwg`a jeterli da`rejede rawajlanadı. Usı jastag`ı balanın' qabıl etiwinin' o`tkirligi, ra`wshanlıg`ı, tazalıg`ı, onın' qızıg`ıwshan'lıg`ı,, iseniwshen'ligi, qıyalının' jarqınlıg`ı, este saqlawının' o`tkirligi, oylawının' anıqlıg`ı menen basqalardan ajralıp turadı. Mektep ta`limine tayarlanıp atırg`an balalarda dıqqat ku'shli rawajlang`an boladı ha`m dıqqatı turaqlı, uzaq mu'ddetli ha`m sha`rtli boladı. Bala dıqqatının' o`zgeshelikleri rolli ha`m syujetli oyınlarda, su'wret salıw ha`m qurıw- jasaw shınıg`ıwlarında, ılay ha`m plastalınnen oyınshıqlar jasawda, basqalardın' so`zin qabıl etiw ha`m tu'sinıwde, matematikalıq a`mellerdi sheshkende, gu'rrin' tın'law ha`m du'zıwde ko`rinedi. Bala o`z dıqqatın belgili bir obiektke bag`darlaw, toplaw, bo`listiriw boyınsha belgili bir ko`nikpelerge iye bolıp, o`z dıqqatın basqarıw ha`m kerekli waqıtta toplawg`a umtıladı. Onın' este saqlawı qızıg`arlı, a`jayıp, adamdı hayran qaldıratug`ın mag`lıwmat ha`m ha`diyselerdi puxta este maqlap qalıw, eske tu'sirıw imkaniyatlarına iye boladı. Usı da`wirge shekem tikkeley u'lkenler ja`rdeminde mag`lıwmatlardı o`zlestirip ju'rgen bolsa, endi o`zinin' qa`lewi menen za`ru'r mag`lıwmatlar toplawg`a, o`z aldına anıq maqsetler qoyıwg`a ha`reket etedi. Balanın' a`ne usı aktivliligi bala este saqlawının' belgili bir da`rejede rawajlang`anlıg`ın bildiredi. Ol qosıq, gu'rrin' ha`m erteklerdi este qaldırıw ushın ko`p ta`kirarlawı, yadlawdın' en' qolay jolların paydalanıwı og`an ta`lim protsessinde ja`rdem beredi.

Ullı psixologlardın' izertlewleri aqıllılıq penen sho`lkemlestirilgen ta`lim protsessi usı jastag`ı balalardın' oylawın jedel rawajlandıradı. Mısalı olar lingivistika, fizika ha`m matematikag`a tiyisli ilimiy tu'siniklerdi o`zlestiredi, a`piwayıraq ma`seleler du'zedi, jen'ilirek shınıg`ıwlardı orınlaydı, tvorchestvolıq pikir ju'ritıwge umtıladı. Altı jastag`ı balalardın' psixikalıq tayarlıg`ı haqqında aytılg`anda ko`binese belgili bir joba tiykarında, ta`rtipli, ko`p qırlı maqsetke bag`darlang`an, o`z ara logikalıq baylanıs, izshil baslang`ısh ta`limge tiykar bolatug'ın psixikalıq o`sıw da`rejesin na`zerde tutadı. Sonday aq, ta`lim ushın psixikalıq o`sıw da`rejesinen tısqarı, bala turmısı ha`m xızmetinin' ayırmashılıqları, sharayatları, o`zine ta`nligi, onın' saw salamatlıg`ı, metodikalıq jaqtan tayarlıg`ı, a`pıway qo`nlikpelerdi o`zlestirıwi sıyaqlı faktorlardı esapqa alıw ma`qsetke muwapıq. Joqarıda ko`rsetilgenlerdin' ha`mmesi balanın' mektep ta`limine psixologiyalıq jaqtan tayarlıg`ının' obiektiv ta`replerin sa`wlelendiredi.[1]

Balanın' mektep ta`limine subiektiv tayarlıg`ı ta`repi de bar. Onın' mektepte oqıwdı qa`lewi, umtılıwı, u'lken jastag`ı adamlar menen qarım qatnasqa kirisıwge umtılıwı usı tayarlıq penen u'zliksiz baylanıslı. Balada usı da`wirge kelip oqıw, bilim alıw haqqında tuwrı pikirler qa`liplesedi. Ol mektep kollektivi ag`zalarının' juwapkershilikli wazıypaların an'laydı, olarg`a bag`ınıwg`a, olardın' ko`rsetpelerin orınlawg`a umtıladı. Biraq balalardın' ha`mmesi bir qıylı emesligi sebepli olar ortasında parıqlar boladı. Bazı bala mektepke shın ıqlası menen talpınadı, oqıwg`a qansha waqıt qalg`anlıg`ın u'zliksiz sanaydı, oqıw qualların aldınıraq tayarlap qoyıwg`a ha`reket etedi. Basqa bala bolsa mektepten waz keshıwge tayar boladı. Oqıwg`a unamsız ko`z qaras ko`binese u'lkenlerdin' qorqıtıwı na`tiyjesinde ju'zege keledi. Sonday aq ag`a ha`m apalarının' mekteptegi «qıyın sharayatlar, jag`daylar» haqqındag`ı ga`p so`zleri, u'yde balalardı ko`birek sabaq tayarlawg`a ma`jbu'rlewi de oqıwg`a unamsız qatnastı keltirip shıg`aradı. Oqıwg`a unamsız qatnasta bolg`an

[1] M.G.Davletshin. «Yosh davrlari va pedagogik psixologiya» Toshkent-2004. B.-51-60

balalar ta`lim ortalıg`ına kirisıwge qıynaladı, bir qatar qıyınshılıqlarg`a duwshar boladı.

Mektepte ta`lim ta`rbiya jumısların sho`lkemlestirıwde kishi mektep jasındag`ı balalardıq anatomiyalıq - fiziologiyalıq o`zgeshelikleri, fizikalıq rawajlanıw da`rejesin esapqa alıw kerek.

Baslawısh klass oqıwshıları biologiyalıq jaqtan tez o`sedi, onın’ boyı ha`m awırlıg`ı, o`kpesinin’ ko`lemi ten’dey o`sedi. Biraq balanın’ su’yekleri (ko`kirektorı, to`s qol su’yekleri) omırtqa pag`anasında ele tog`ayg`a uqsas toqımalar ushıraydı, bul bolsa onın’ ele su’yek dizimi tolıq rawajlanıp bolmag`anın ko`rsetedi. Ju’rek muskulları tez o`sedi, qan tamırlarının’ diametri sa`l u’lkenirek boladı. Miyinin’ awırlıg`ı baslawısh klasslarda 1250- 1400 grammdı quraydı. Miy qabıg`ının’ analitikalıq - sintetikalıq xızmeti rawajlanadı, qozg`alıw menen tormozlanıw ortasında mu’na`sibet o`zgeredi, biraq qozg`alıw u’stinlikke iye boladı. Sonın’ ushın da balanın’ tuwrı o`sıwine g`amqorlıq qılıw, sharshawdın’ aldın alıw, oqıw ha`m dem alıw rejimine qatan’ qaraw kerek.

Mektep ta`limi oqıwshının’ turmıs ta`rzin, sotsiallıq jag`dayın, klass ja`ma`a`ti ha`m shan’araqtag`ı awhalın o`zgerttiredi, onın’ tiykarg`ı wazıypası oqıwdan, bilim alıw, ko`nikpe ha`m sheberliklerdi iyelew, ta`biyat ha`m ja`miyet ortasındag`ı nızamlılıqlardı o`zlestirıwden ibarat bolıp qaladı. Ta`lim belgili bir da`rejede uyımlasqanlıq, umtılıw, erklik ku’sh salıw, aktivlilik ha`m ma`qsetke muwapıq xızmetti talap etedi. Iqtıyarsız is ha`reket ornın sanalı, jobalı, aqılıy miynet iyeley baslaydı. Oqıwshı ba`rha` ten’ qurları menen belgili bir klassta boladı. Demek onın’ aldında ba`rha` klass ma`plerin qorg`aw, jeke qa`lewlerin ulıwma ja`ma`a`tlik ma`plerge qaratıw, o`z ara ja`rdem, o`z ara talapshan’lıq, sotsiallıq juwapkershilik ha`m minnet sezimlerin iyelew wazıypası turadı. Ta`lim protsessinde bolsa bala aldına qoyılatug’ın talaplar barg`an sayın ko`beyip ha`m quramalasıp bara beredi.

Oqıwdın’ da`slepki ku’ninen baslap aq kishi mektep jasındag`ı balanın’ o`sıwin ha`reketke keltiretug’ın tu’rli qarama- qarsılıqlar, ishki keshirmeler

kelip shıg`adı. A`ne usılar tiykarında baladag`ı psixologiyalıq rawajlanıw da`rejesi ha`m unamlı qa`siyetler menen talaplar ortasındag`ı qarama-qarsılıqlar payda boladı. Talaplardın' artıp barıwı balanın' psixikalıq jaqtan toqtawsız o`sıwin keltirip shıg`aradı.

Kishi mektep jasındag`ı balanın' a`hmiyetli o`zgesheliklerinin' biri onın' o`zine ta`n za`ru'rliklerinin' barlıg`ında ko`rinedi. Bul za`ru'rlikler o`zinin' a`hmiyetliligi menen belgili bir bilim, ko`nikpe ha`m sheberliklerdi iyelewge, do`gerek a`tiraptag`ı waqıyalardı o`zlestiriwge qaratılmay, ba`lki oqıw tilegin sa`wlelendiriwden ibarat. Mine usı za`ru'rlikler o`z portfeline, sabaq tayarlaw mu'yeshine, kitap qoyıw shkafına iye bolıw tilegi, u'lkenlerdey ha`r ku'ni mektepke qatnaw sezimi boladı. Bunnan tısqarı bilimler ku'nindegi shadlıq bayramı, oqıwshılar sapına qabıl etiw waqtı, mektep basshılarının' ha`m oqıtıwshılardın' bildirgen jaqsı tilekleri joqarı klass oqıwshılarının' jaqsı bilekleri balanın' sezimlerine unamlı ta`sir etedi. Klasstag`ı dosları menen qatarlasıp, sap tartıp ju'rıwleri, birgelikte oynaw asxanag`a barıw, oqıtıwshılardın' u'gitleri de balanı o`zine tartadı. Ulıwma kishi mektep jasındag`ı bala oqıwının' a`hmiyeti ha`m ma`nisin tu'sinip jetpeydi, tek mektepke barıw kerek dep tu'sinedi. Biraq ol u'lkenlerdin' ko`rsetpelerine su'yenip shınıg`ıwlarg`a kirisip ketedi.

Aradan ma`lim bir waqıt o`tkennen son' quwanıshlı demlerdin' ta`siri kemeyedi ha`m mekteptin' sırtqı belgileri o`z a`hmiyetin jog`alta baslaydı, oqıwdın' ku'ndelikli aqılıy miynet ekenligin an'laydı. Usınday aqılıy miynet ko`nikpesine iye bolmasa, onın' oqıwdan kewli suwıydı, onda u'mitsizlik sezimi payda boladı. Oqıtıwshı bolsa usınday jag`daydın' aldın alıw ushın balag`a ta`limnin' oyınnan parqın, qızıqlı ekenligi haqqında mag`lıwmatlar beriwi ha`m usı xızmetke tayarlawı kerek.

Birinshi klass oqıwshısında oqıw xızmetinin' o`zine qızıg`ıwshılıq ko`zge taslanadı. Arnawlı izertlewlerde balalar menen kereksiz shınıg`ıwlar o`tkerilgen ha`m olarg`a aldınnan bul shınıg`ıwlar keyin kerek emesligi aytılg`an, biraq balalar olardı shın ju'rekten orınlay baslag`ın. Oqıwshının''

jeke xızmetinde erisken da`slepke jaqsı na`tiyje onı basqa na`tiyjelerdi iyelewge iytermeleydi. Onın’ oqıw xızmetindegi birinshi miynet jemisi shadlıq ha`m quwanısh sezimlerin keltirip shıg`aradı, bilim alıw za`ru’rligin tuwdıradı ha`m oqıw motivlerin payda etedi.

Ta`limnin’ mazmunına, bilimin iyelewge qızıg`ıw oqıwshının’’ o`z aqılıy miyneti na`tiyjesinen qanaatlanıw sezimi menen u’zliksiz baylanıslı. Bul sezim oqıtıwshının’’ marapatlawı menen payda boladı ha`m oqıwshıda na`tiyjelirek islew tilegin, talabın qa`liplestiredi. Balada payda bolg`an marapatlanıw, o`z ku’shine isenim sezimleri bilimlerdi o`zlestirıw ha`m sheberliklerdi bekkemlew ushın xızmet etedi. Marapatlaw ha`m jazalaw o`z mo`lsherinde bolsa g`ana, olardın’ ta`rbiyalıq ta`siri artadı.

Kishi mektep jasındag`ı oqıwshılar xızmetin bahalaw onda oqıwg`a unamlı mu’na`sebetti qa`liplestiriwde u’lken a`hmiyetke iye.

Ko`pshilik qa`nigeli ilimpazlar kishi mektep jasındag`ı balalardı bahalaw unamsız a`qibetlerge alıp keledi dep esaplaydı. Sebebi baha alıw ushın g`ana oqıw bilimnin’ sotsiallıq a`hmiyetin pa`seyttirıwi mu’mkin. Sog`an baylanıslı bilimdi tekserıwdin’ basqa usılların tabıw ha`m qollaw bu’gingi ku’nnin’ aktual wazıypalarınan biri. Bahadan ma`sla`ha`t, jol joba, usınıs, ko`rsetpe sıpatında paydalanıw maqul.

Kishi mektep jasındag`ı balalardın’ a`hmiyetli o`zgesheliklerinen biri olardag`ı oqıtıwshı shaxsına isenim ha`m hu’rmet sezimi. Sonın’ ushın da oqıtıwshının’’ oqıwshıg`a ta`sir etıw mu’mkinshiligi juda` ku’shli. Bala oqıtıwshını aqıl iyesi, ziyrek, sezgir, mehriyban, ha`tte, danıshpan dep te esaplaydı. Oqıtıwshının’’ abroyı aldında ata analar, semyanın’ basqa ag`zaları, ag`ayın tuwg`anlar, tanıslardın’ abıroyı keskin pa`seyedi. Sol sebepli balalar oqıtıwshının’’ ha`r bir so`zin nızam sıpatında qabıl etedi.

Balanın’ psixikalıq jaqtan o`sıwi na`tiyjesinde onın’ oqıtıwshının’’ da`rejesine mu’na`sebeti o`zgeredi, sebebi onda sanalı is ha`reket za`ru’rligi tuwıladı. Oqıwshıda bir talay mashqalalar, sorawlar payda boladı. Ol turmısta ha`mme na`rseler o`zi oylag`anınday an’sat emesligin tu’sine baslaydı. Usı

sorawlarg`a o`zi juwap tabıwg`a umtıladı, usı sorawlardı basqalarg`a berıwge de umtıladı.

Ta`lim protsessinde oqıtıwshı o`zinin' abroyınan aqıllılıq, a`dillik penen paydalanıp, oqıwshılardı ja`mlesıw, miynetsu'ygishlik, oqıwg`a unamlı ko`z qaras, o`z dıqqatın basqarıw, minezin uslay alıw, o`zin tuta bilıw, qıyınshılıqlardı jen'ıw sıyaqlı pa`ziyletlerdi qa`liplestiriw kerek. Bunın' ushın ha`r ta`repleme ta`sir ko`rsetıw usılın qollanıw kerek.

Ulıwma bilim beretug`ın mekteplerdin' tayarlıq klasslarında altı jastag`ı balalardı oqıtıw ha`m ta`rbiyalaw wazıypasın tabıslı sheshıw ushın mug`allimler bul jastag`ı balalardın' anatomiya- fiziologiyalıq ha`m psixologiyalıq o`zgesheliklerin jaqsı biliwi za`ru'r.

Altı ha`m jeti jastag`ı balalar arasında bir jas parq bolsa da, bir- birinen bir qansha da`rejede o`zgeshelikke iye boladı. Altı jasar bala bir jas kishi bolıp g`ana qoymastan ol anatomiya- fiziologiyalıq sapa o`zgesheligi menen ajıralıp turadı. Sonlıqtan da jeti jastag`ı balalardı oqıtıw formaları, mazmun ha`m metodların mekteplerdin' altı jastag`ı balalar oqıytug'ın tayarlıq klasslarında qalay bolsa solay ko`shirıw u'lken qa`te boladı. Altı jastag`ı balalardı oqıtıw ha`m ta`rbiyalaw, olardın' fizikalıq ha`m psixikalıq o`zgesheliklerin ha`m mu'mkinshiliklerin esapqa alıw menen qurılıwı kerek.

Jeti jastag`ı birinshi klass oqıwshıların oqıtıwdan sapa jag`ınan belgili da`rejede basqasha bolıwı tiyis. Bul o`zgesheliklerdi to`mendegishe qaraydı.

Atap aytsaq, tayarlıq klassına baratug'ın altı jastag`ı balalar arasında individual ayırmashılıqlar bilim alıw psixikalıq protsesslerdin' jeke sıpatlarının' ha`m qa`siyetlerinin' rawajlanıw da`rejesi boyınsha a`dewir o`zgeshelik bar. Shan'araqta olardın' ha`r qıylı turmıs ha`m jumıs jag`daylarına, olardın' den- sawlıg`ına bola usınday boladı. Altı jastag`ı balalardı xarakterleytug'ın en' a`hmiyetli na`rse, bul jetekshi bir jumıstan ekinshisine o`tıwi, oyınnan- oqıwg`a kem- kemnen o`tıwi.

Biz balalardın' mektepke tayarlıg`ın qarag`anımızda altı ha`m jeti jasar balalardı o`z aldına rawajlanıw o`zgesheliklerin u'yrenip shıg`amız. Altı jastag`ı

balalardın' psixologiyalıq o`zgesheliklerine kelsek, bunda olardın' ulıwma tendentsiyaların ko`rsetıwimiz kerek. Bul jasta erksiz psixikalıq basım xızmet ha`m minez- qulıq formalarınan, erkli formalarına kem- kemnen o`tedi. (A`lbette, a`pıwayı ha`m salıstırmalı da`rejede siyrek formada ko`rinedi). Bul balalardın' qabıl etiwi analitikalıq xarakterge iye bola baslaydı. Olar bag`darlanıw - izertlew jumıslarının' a`pıwayı formaları tiykarında obiektlerdin' ayırım ta`replerin sıpatların ajıratıwg`a uqıplı. Olar qızıg`ıwshan' boladı.

Altı jastag`ı balanın' minez- qulqında jeke sıpatlarının' qa`liplesiwinde u'lken ayırmashılıqlarının' bar ekenligin na`zerde tutıw kerek. Altı jas jeke adamnın' sıpatlarının', onın' belgili da`rejede ko`rinislerinin' haqıyqıy qa`liplesiwinin' baslang`ısh da`wiri. Bul jasta minez- qulıqtın' jan'a tipi qa`liplese baslaydı. Jeke motivler menen birge ja`miyetlik motivler de u'lken a`hmiyetke iye bola baslaydı. Morallıq sezimler, ma`selen, minnet ha`m juwapkershilik sezimi kem- kemnen qa`liplese baslaydı. O`z ha`reketin ha`m minez- qulqın baqlaw uqıbı a`dewir artadı. O`zine- o`zi baha bergende altı jastag`ı bala a`lbette birinshi gezekte u'lkenlerdin', ata-analarının', onnan son' mug`allimlerdin' ko`rsetpesine tiykarlanıp o`zin- o`zi bahalaydı.

Ha`zirgi waqıtta bilim berıw tarawında ilimiy- texnikalıq ha`m sotsiallıq progress jas a`wladtı oqıtıwg`a ha`m ta`rbiyalawg`a jan'a talaplar qoyılıp atır.

Mektepke barıw waqtında jeti jastag`ı bala mektepte turaqlı oqıwg`a, mektep o`zine qoyatug'ın ha`r qıylı talaplardı orınlawg`a a`dette, fizikalıq jaqtan da tayar.

Psixologiyalıq jaqtan tayarlıq obiektiv ta`repten de, subiektiv ta`repten de qaraladı. Mektepte oqıwg`a balanın' psixikalıq jaqtan obiektiv tayarlıg`ına toqtaymız. Ol qızıg`ıwshılıg`ı ha`m oy- pikir ju'ritıwdin' ayqınlıg`ı menen xarakterli boladı. Onın' dıqqatı belgili, salıstırmalı da`rejede uzaq ha`m turaqlı, bala o`z dıqqatın basqarıw, onı o`zinshe sho`lkemlestirıw boyınsha belgili ta`jiriybege iye boladı.

Jeti jastag`ı balada ko`rgizbeli- obrazlı este saqlawshılıq salıstırmalı da`rejede rawajlang`an boladı, al ga`p- logikalıq yadtı da rawajlandırıw ushın da barlıq tiykarlar bar.

Bul jastag`ı bala a`piwayı aqıl operatsiyalarına salıstırıwg`a, ulıwmalastırıwg`a, aqıl ta`rezisine salıwg`a uqıplı keledi. A`pıwayı jeke ko`rinisler de qa`liplesken boladı. Jeti jastag`ı balalar jigerlilik ko`rsete aladı. O`z aldına a`dewir perspektivalı maqsetlerdi qoya aladı ha`m olarg`a erise aladı. Minnetti ha`m juwapkershilikti sezıwdin’ da`slep ko`rinisi balalarg`a ta`n boladı. Jeti jastag`ı bala o`z sezimlerin basqarıw boyınsha ta`jiriybege, o`z ha`reketlerin ha`m qılıqların o`zi bahalaw ta`jiriybesine iye boladı. Bul o`zin qadag`alawdı qa`liplestiriwdin’ tiykarı bolıp tabıladı.

Solay etip, jeti jastag`ı balanın’ psixikalıq rawajlanıw da`rejesi sistemalı, jobalı ha`m maqsetke muwapıq oqıta baslaw ushın za`ru’rli bolıp tabılg`an psixikalıq rawajlanıw talabına juwap beredi.

Endi subiektiv psixikalıq tayarlıg`ın atap o`temiz. Mektepte oqıwg`a talpınıw, oqıg`ısı keliw, eresek adamlar menen o`z- ara qatnastın’ jan’a formalarına o`tıwge tayar boladı. A`lbette, jeke individuallıq ayırmashılıqlardı esapqa alıw kerek.

Geybir balalar mektepke sonday talpınadı, oqıwdın’ baslanıwına shekemgi qalg`an ku’nlerdi esaplap ju’redi. Ekinshi birewleri ju’da` talpınbaydı, tartının’qırap baradı, mektepke barg`ısı kelmew jag`dayları da boladı. Bunda u’lkenlerdin’ oylanbay qorqıtıwı ha`m eskertıwleri o`z ta`sirin jasaydı.

Mektepke shekem qa`liplesken oqıwg`a bolg`an keri mu’na`sebet jeti jastag`ı balanı oqıw ta`rbiya protsessine endirip jiberiwdi qıyınlastıradı, onda oqıwg`a unamlı sebeplerdi qa`liplestirıwge tosqınlıq jasaydı. Usınday balalarg`a mug`allim ayrıqsha itibar berıwi kerek.

Altı jastag`ı balalar jeti jastag`ı balalardın’ da`rejesine, solardın’ bag`darlamaları boyınsha ha`m solardın’ jag`daylarında, ku’n ta`rtibinde oqıwg`a tayar emes. Olar a`dewir tez sharshaydı, olarda nerv- psixikalıq ju’k tez- tez payda bolıwı mu’mkin. O`z minez- qulqın, o`zinin’ psixikalıq protsesslerin basqarıw uqıbı altı jastag`ı balalarda jeti jastag`ılardan a`dewir az da`rejede boladı. Bilıwge qızıg`ıwshılıg`ı da ayqın ko`rinbeydi.

Mektepte oqıwg`a subiektiv tayarlıqqa kelsek, onda oqıwg`a, jan’a bilimler alıwg`a, uqıplardı iyelewge talpınadı. Bul a`sirese balalar baqshasında balalar su’wretler, sorawlar, ta`rbiyashılar menen gu’rrin’lesiwler tematikasında, syujetli, rolli oyınlarında ko`rinedi. Balalar jaqsı oqıw, mug`allimdi tın’law kerekligin tu’sinedi, biraq olar oqıwdın’ ja`miyetlik a`hmiyetin tu’sinbeydi.

Altı jastag`ı balalardın’ arasında fizikalıq ha`m psixikalıq jaqtan rawajlanıwında og`ada a`dewir individual ayırmashılıqlar bayqaladı. Olar balalardın’ den- sawlıg`ı, olardın’ jeke turmıs ha`m jumıs jag`dayları, olar menen qanshelli ko`p ha`m jiyi shug`ıllang`anlıg`ı mektepte oqıwg`a olardı arnawlı tayarlag`anlıg`ı ha`m t.b. menen belgilenedi.

Mektepte oqıwg`a tayar emes, den- sawlıg`ı to`men altı jastag`ı balalardı ku’n burınnan anıqlawdı ha`m ha`r bir jag`dayda usınday balalardı oqıta baslawdı bir jıl keyinge qaldırıw mu’mkinshiligi haqqında ma`seleni sheshiw kerek.

## 1.4. SOTSIAL FAKTORLARDIN’ PSIXOLOGIYADA U`YREGENLIK DA`REJESI

G`a`rezsizlik jıllarında payda bolıp atırg`an ja`miyetegi o`zgerisler usı ja`miyette jasawshı barlıq insanlarg`a, sol tiykardan rawajlanıp atırg`an awladlarg`a da o`zine ta`n ra`wishte ta`sirin ko`rsetip atır.

Bilimlendiriw sistemasındag`ı bolıp atırg`an o`zgerisler ma`mleketimizde jan`a ja`miyet qurıwdın` basqıshpa- basqısh rawajlanıw printsiplerine tiykarlang`an ekonomikalıq ha`m siyasıy reformalar biz tan`lag`an - o`z rawajlanıw jolımızdın` ajralmas quramlı bo`limi. Bunday jol tiykarında biz ha`r ta`repleme jetilisken, ekin pikirlewshi ha`m g`a`rezsiz insanda ta`rbiyalawda og`an ta`sir etıwshı sotsial faktorlardın’ ornın u`yrenip shıg`amız. Bunday faktorlar ja`miyette shaxstın’ qa`liplesiwi ha`m sotsiallasıwı ha`zirgi da`wir psixologiyasının` en` tiykarg`ı mashqalalarınan biri esaplanadı. O`sip atırg`an ha`r bir shaxstın’ jas o`zgeshelikleri sotsiallasıw protsessinde ju`da` u`lken a`hmiyetge iye. Shaxs u`lkeyip barg`an sayin onin` xizmetii de mazmunliq jaqtan da, formaliq jaqtan da o`zgerip baradi, tu`rli jas da`wirlerinde bolsa xizmet tu`rleri de o`zgerip baradi. Sol sebepli bala o`mirinde oyin, oqıwshı o`mirinde oqıw, u`lkenler o`mirinde miynet xızmetleri u`lken a`hmiyetke iye bolıp esaplanadı. Kishi mektep jasındag`ı oqıwshılarda (2-3 klasslarda) oqıw mazmunın ha`m bilimlerin iyelew jollarına qızıg`ıwdın` ju`zege keltiriliwi menen oqıwdın` sotsiallıq a`hmiyetin tu`siniwi bekkemleniwi mu`mkin.

Balalardın’ shaxs sıpatında rawajlanıwında ha`m sotsiallasıwında eki tu`rli jag`day baqlanadı: bir tamannan, basqa adamlar menen qarım- qatnasqa ha`m ten`lesleri menen jaqın baylanısta bolıwg`a umtılıwı, ekinshi tamannan, o`z erkin o`zi basqarıw na`tiyjesinde balanın’ ishki ruwxıy du`nyasında tek g`ana «men» degen ayırım qıyınshılıqlar baqlanadı. Bul tiykarda o`zgelerdi an`law menen o`zin-o`zi an`law ortasında ha`m qarama- qarsılıqlar payda boladı. Ko`pshilik jag`dayda olar o`z mu`mkinshiliklerin joqarı bahalaydı, basqalar bolsa onın’ ku`shi, erki ha`m da`rejesine isenimsizlik penen qaraydı. Lekin, sonday bolsa- da, o`zin qanday

qılıp bolsada hesh bolmag`anda ten`lesleri ha`m klassları tamanınan ta`n alınıwg`a umtıladı ha`m olar ortasındag`ı mu`na`sebetti bala oyındag`ı mazmung`a aylanıp qaladı. A`ne usı mu`ta`jlik bala shaxsının' qa`liplesiwine alıp keledi, sonday- aq onın' sotsiallasıwında u`lken a`hmiyetke iye esaplanadı. Biraq bul jasta insan miyinin` psixik xızmetin rejelestiriw, basqarıw, baqlaw sıyaqlı normalarg`a juwap beretug'ın arnawlı bo`limleri ele tolıq qa`liplesip bolmag`an boladı. (miydin` bul bo`limleri 12 jasta rawajlanıp boladı). Miydin` basqarıw funktsiyaların tolıq qa`liplesip bolmag`anlıg`ın kishi mektep jasındag`ı balalardın' minez- qulıqında, xızmetlerdi sho`lkemlestiriwde ha`m emotsional tarawlarda anıq ko`riniwi mu`mkin. Ayrım 6 jaslı balalar ata- anasının` qa`lewi menen ele oqıwg`a tayar bolmay turıp, mektep bosag`asına qa`dem qoyyadı. Biraq, oqıw dawamında aqılıy- ruwhıy zorıg`ıw aqıbetinde tu`rli keselliklerge shalınıp, fizikalıq ha`m psixik rawajlanıwında nuqsanlar payda boladı. Bunday balalarda en` a`wele miy strukturasının` ha`m nerv psixik protsesslerinin' mektepte oqıw ushın tolıq jetilispegenligi, ko`riw ha`reket koordinatsiyası ha`m kishi motorikanın' rawajlanbag`anlıg`ı, logikalıq pikir jemısının` pa`sligi baqlanadı. Onnan tısqarı motivatsiya, ishki ku`shlerden tısqarı, erkli dıqqat ha`m este saqlawdın' qa`liplespegenligi, is- ha`reketlerdin` erkli basqarıwdag`ı mashqalalar, bir so`z benen aytqanda ele «Oqıwshı ishki pozitsiya»sının` qa`liplespegenligi mektepte oqıwg`a tayar bolmag`an balalardın' jaqsı o`zlestirip ketiwine awır ta`sir ko`rsetedi.

Pedagoglar, ata- analar, balalardı erte mektepke beriwdin` payda yaki zıyanı haqqında oylag`anda insan miyi rawajlanıwının` neyrofiziologiyalıq nızamlardı ha`m ayrıqsha itibarg`a alıw lazım. Balanı erte oqıw, jazıw, sanawg`a u`yretip onın' biliw protsessleri zorıqtırılsa, balanın' emotsional rawajlanıwı ushın za`ru`r bolg`an miy ku`shının' krizisine sebep boladı. Bunnan balalardın' emotsional protsesslerinin' keshiwinde yaki fizikalıq rawajlanıwında kemshilikler payda boladı. Bunday jag`daylarda energiya bo`listiriliwinin` ma`jbu`riy buzılıwı payda bolıp, ol 7- 8 jaslı balalardı korqıw, agressivlik yaki giperaktivlik jag`daylarına alıp keledi. Bul balanı mektepke oqıwg`a tayarlaw kerek emes degen pikir emes, biraq

balanın’ aqılıy rawajlanıwına erte oqıwdı, sanawdı, jazıwdı u`yretiw menen g`ana erisip bolmaydı. Ma`lim bolg`anınday, rawajlanıw nızamlıqlarına ko`re ha`r qanday rawajlanıw ko`rgizbeli obrazlıqtan abstrakt logikalıqqa qarap baradı. Eger bala ele oqıwg`a aqılıy, ma`na`wiy- ruwhıy ta`repten tayar bolmay turıp, og`an ha`rip ha`m sanlardı jazıw, oqıw u`yretilse psixik rawajlanın’ qarsı ta`repke ketiwine sebep boladı. Psixolog alımlardın’ pikirinshe, psixik ha`m evolyutsiya rawajlanıw nızamları da fizikalıq nızamlarday buzılmas ha`mde universal boladı. Joqarıdag`ı pikirlerdi ulıwmalastırıp aytıw mu`mkin, neyrofiziologiyalıq ta`repten erkli dıqqat ha`m oqıw ushın za`ru`r bolg`an ko`plep miyde keshetug’ın protsessler tiykarınan 7- 8 jasta (aqılıy jası ozıp ketken balalarda 6 jasta ha`m) qa`liplesedi. Yag`nıy usı jasta bala 45 minutlıq aqlıy miynetke tayar boladı.

Mektepte oqıwdın` baslanıwı 7 jasta bolatug’ın ekinshi fiziologiyalıq krizis penen mas keledi (bala organizminde tez boyının` o`siwi, ishki organlarının’ u`lkeyiwi, vegatativ o`zgerisler menen baylanıslı bolg`an keskin endokrin o`zgerisler ju`z beredi).

6- 7 jaslı mektepke tayar balada «Men sonı qa`leymen» motivinen «Men sonı islewim kerek» motivi u`stinlik qıla baslaydı. Mektepke birinshi klassqa kelgen ha`r bir oqıwshıda psixikalıq zorıg`ıw ku`sheyedi. Bul tek onın’ fizikalıq salamatlıg`ına, ba`lkim is- ha`reketinde de ma`selen, ma`lim da`rejede qorqıwdın` ku`sheyiwi, qabıl etiw aktivliginin` pa`seyiwi ko`rinip baradı.

Balanın’ fizikalıq ha`m psixik aktivligi o`z- ara baylanıslı. Sebebi, fizikalıq ha`m psixikalıq salamat bala ha`reketshen` boladı, sharshag`an, qıynalg`an bala bolsa hesh na`rse menen qızıqpaydı.

**Psixikalıq belsendilik-** bul normal rawajlanıp atırg`an balanın’ qorshag`an a`lemindegi predmetlerdi, waqıya- ha`diyselerdi, insanıy mu`na`sebetlerdi biliwge degen qızıg`ıwı. Mektepke birinshi ma`rte kelgen balanın’ psixikalıq belsendiligine bir qatar qıyınshılıqlar ta`sir ko`rsetedi. Bul qıyınshılıq a`wele onın` mektep qag`ıydalarına boysınıwda payda boladı. Baslawısh klass oqıwshısı ushın en` qıyın qag`ıyda bul sabaq waqtında tınısh so`ylemesten, artıqsha ha`reket islemesten otırıwı bolıp tabıladı. Ko`p g`ana oqıtıwshılar oqıwshılardın’ ba`rha

tınısh otırg`ızıwg`a ha`reket qıladı, biraq passiv, ku`shli emes bolg`an oqıwshı g`ana sabaq waqtında uzaq tınısh otıra aladı.

Baladag`ı keyingi qıyınshılıqlar bul mektep o`mirin o`zlestiriw, jan`a ku`n ta`rtibin jaratıw ha`m og`an maslasıw, ol ushın ele tanıs bolmag`an klass toparına qosılıw, is- ha`reketlerin shegeralawshı qag`ıydalardı qabıl etiw, oqıtıwshı menen mu`na`sebetlerin ornatıw, oqıwshı sıpatında jan`a shan`araq mu`na`sebetlerdi qabıl etiw h.t.b. Bunday jag`daylarda bala psixikalıq belsendiliginde ma`lim bir pa`seyiwler ju`zege shıg`adı.

U`lkenler, yag`nıy ustaz ha`m ata- analardın' balalarg`a ja`rdem beriwi balanı o`zine qarag`anda isenimli seziwge alıp keliwi menen birge olardı payda bolg`an qıyınshılıqlardı jen`iwge ha`m aktiv ha`reket etiwine tu`rtki boladı.

Bul jastag`ı balalar is- ha`reketleri ha`m motivleri olardın' o`zlerine beretug'ın bahalarına qarap «Men jaqsı balaman» emes, ba`lki bul is- ha`reketler o`zgeler ko`z aldında bolıwına qarap bahalanıwın tu`sinip baslaydı.

Balanın' mektepke barıwı, onın' psixologiyalıq rawajlanıwı ha`m minez-qulqındag`ı ornı bir qansha u`lken. Bul da`wirde a`depli is- ha`reket qag`ıydaları o`zlestiriledi, shaxstın' sotsiallıq jo`nelisi quraladı.

Kishi mektep jasındag`ı oqıwshılardın' a`deplilik sanası baslawısh klasslardag`ı oqıw waqtında tiykarg`ı o`zgerislerge ushraydı ha`m olardın' a`deplilik sıpatları, bilim ha`m oy- pikirlerinde sezilerli da`rejede bayıydı.

Bala oqıw xızmetinde oqıtıwshı basshılıg`ında insanıy da`stu`rler, u`rip-a`detler tiykarında ha`reket qılıwg`a u`yrenedi, o`z ku`shin oqıw maqsetlerine erisiw ushın shınıqtıradı.

Ma`lim bolg`anınday, oqıtıwshı mektepke birinshi ma`rte kelgen baladan o`zi u`yretpegen arifmetik mısal ha`m ma`selelerdi sheshiwdi talap etpeydi, biraq ayrım jag`daylarda oqıwshılardan qunt penen oqıwdı, belsendilikti, juwapkershilikti, ta`rtipke boysınıwdı talap etedi. Bilgenimizdey, qunt penen oqıw, belsendiligi, juwapkershiligi, ta`rtipke boysınıwı ha`m usı sıyaqlı basqa o`zgeshelikler oqıtıwshı ta`repinen ma`lim da`rejede a`det, ko`nlikpe ha`m qa`niygelikke u`yretilgennen son` g`ana payda boladı.

Kishi mektep da`wiri bul jaqsı o`zgerisler ha`m jan`alanıwlar da`wiri. Sonın’ ushın ha`m rawajlanıwdın` bul basqıshında ha`r bir bala erisken jen`isler da`rejesi ju`da` kerekli esaplanadı. Eger usı jasta bala biliw, u`yreniw quwanıshın seze almasa, oqıw, u`yreniw ko`nlikpelerin iyeley almasa, doslasıwdı bilmese, o`zine, o`z imkaniyat keyinsheli a`melge asırıwı qıyın bolıp, baladan joqarı ruwhıy ha`m fizikalıq zorıg`ıwdı talap etedi.

Bala mektepte nadurıs na`rselerge dus kelse, u`lkenlerdin` is- ha`reketleri ma`nisin tu`sinbese onda og`an uqsawg`a qarap ha`reketlenip rawajlanadı. Balanın’ u`lkenlerge uqsawg`a degen ha`reketi erkli ha`m erksiz bolıwı mu`mkin. Eriksiz eliklew ustazı ha`m klasslarının’ is- ha`reketlerin an`lamag`an ra`wishte iyeleydi. Sonı ha`miyshe yadda saqlaw lazım, bala eriksiz ra`wishte tek g`ana shıraylı ha`m kerekli na`rselerge emes al, ba`lkim tu`rli awır ko`rinis ha`m jag`daylarg`a da eliklewi tu`mkin. Erikli eliklewler ku`shli zorıg`ıwdı talap etedi. Bunday jag`daylarda bala maqsetke jo`neltirilgen ra`wishte ol – yaki bul is- ha`reketti a`melge asıradı, bul is- ha`reketlerdi qag`ıyda, u`lgi, nızamg`a maslastırılg`an dep biledi. Oqıtıwshı baladag`ı erkli eliklew o`zgesheligi arqalı olarda jaqsı sotsiallıq a`det ha`m sezimlerdi rawajlandırıw mu`mkin.

Baslang`ısh klasta bala o`zinin` ha`r qanday is- ha`reket ha`m xızmetine oqıtıwshı ta`repinen baha ku`tedi. Oqıtıwshı ustazının` bahalawı tiykarında o`zin-o`zi bahalawg`a u`yrenip baradı. Bala jaman baha alıp qapa bolg`an ta`g`dirde ha`m ustazg`a bolg`an jaqsı mu`na`sebeti ha`m og`an isenim menen qarawı saqlanıp qalaberedi.

3-4 klassqa kelip oqıwshıda ha`m klassları ortasında lawazımlı bir orındı iyelewge ha`reket ju`zege kelip, doslarının’ pikirlerin esapqa alıw, olarg`a tiykarlanıp ju`zege keledi.

Kishi mektep jasındag`ı oqıwshılarda (2-3 klasslarda) oqıw mazmunın ha`m bilimlerin iyelew jollarına qızıg`ıwdın` ju`zege keltiriliwi menen oqıwdın` sotsiallıq a`hmiyetin tu`siniwi bekkemleniwi mu`mkin. Bunday jag`dayda kishi mektep da`wirinin` aqırlarına barıp oqıwg`a qarag`anda motivatsiyanın’ pa`seyiwi ko`zge taslanbaydı. Kishi mektep da`wirinde maqsetti qoyıw sonın’ menen

xarakterlenedi, oqıwshının' oqıtıwshı ta`repinen berilgen maqsetlerdi qabıllawg`a tayar bolıwı onın` o`zin ha`m o`z maqsetlerin belgilewge tayarlanıp atırg`anlıg`ınan derek beredi. Oqıwshı sabaqtag`ı ha`m sabaqtan tısqarı o`z waqtın g`a`rezsiz sho`lkemlestiriw barısındag`ı maqsetlerdin` a`hmiyetin belgilewdi u`yrenip baradı. Bul u`y wazıypaların islew ta`rtipke a`mel qılg`anda ko`rinedi. G`a`rezsiz ra`wishte oqıtıwshı ta`repinen qoyılg`an maqsetlerdegi aralıq maqsetleri sisteması ma`selen, ma`seleni sheshiwdin` o`z jolları ha`m basqıshların g`a`rezsiz aytıp bere aladı, sonday- aq, aralıq maqsetlerge erisiw quralların belgiley aladı. Kishi mektep da`wirinde maqset qoyıwdın` qıyın xarakteri birinshi klass oqıwshısının` ku`shli is- ha`reketleri menen baylanıslılıg`ı aytıp o`tilgen. Kishi mektep da`wirinde oqıwshının' o`z is- ha`reketlerin oqıtıwshı qoyg`an maqset ha`m wazıypalarg`a maslastırıwı klasstan – klassqa ko`terilgen sayın ku`sheyip baradı. Bul oqıwshının' mektep qag`ıydalarına a`mel qılıwda, klasstag`ı wazıypalardı islewde ko`rinedi. Kishi mektep da`wirindegi oqıwshılardın' motivlerinin' sotsiallıq jo`nelgenligin anıqlastırıp, mektepke shekemgi da`wirdin` aqırlarına kelip ballada «oqıwshı abırayı»n iyelewge, yag`nıy mektepke barıwg`a umtılıw, kishi mektep da`wirinin` basında bul pozitsiya qandırılg`annan son` bolsa jan`a mu`na`sebetlerdin`- oqıw motivleri ha`m bir qatar qıyın formada bolg`an sotsiallıq motivlerdin` ju`zege keliwi xarakterlenedi. Kishi mektep da`wirinin` aqırlarına kelip oqıwshılarda oqıw- biliw motivleri, yag`nıy tek jan`a bilimlerdi g`ana emes, ha`tte ulıwma nızamlıqlardı emes, ba`lkim jan`a bilimlerdi tabıwdın` qandaydur bir jolların iyelewge qızıg`ıw qa`liplestirilgen bolıwı lazım. Usı motivlerdin` qa`liplesiwi kishi mektep jasındag`ı balalardın' orta mektepke tayarlıg`ının` za`ru`riy ta`repi esaplanadı. Ta`lim protsessi kishi mektep jasındag`ı oqıwshılardın' erkli, qararlı, bekkem, ku`shli, belsendi, sanalı dıqqattı rawajlandırıwg`a qolay sha`rt- sharayatlardı jaratadı. Bilim alıw protsessinde g`a`rezsiz aqılıy miynet etiw, mısal- ma`seleler sheshiw, shınıg`ıwlar islew, ta`kirarlaw ku`shli zor beriw protsessinde erkli, sanalı dıqqat quram tabadı. Bul jastag`ı balalar erkli dıqqatı toplaw, sho`lkemletiriw, onı bo`listiriw, sanalı

ra`wishte basqarıw uqıbı qa`liplese baslaydı. Bul protsessler kish mektep jasındag`ı balalar oqıw xızmetinde ha`m ko`rinedi bul belgiler:

1) neyrofiziologiyalıq sebepler;

2) biliw protsesslernin` jeterli da`rejede rawajlanbag`anlıg`ı;

3) erkin ha`m g`a`rezsiz ha`reket etiw da`rjesinin` pa`sligi;

4) motivatsion tarawlarının' jeterli rawajlanbag`anlıg`ı;

5) shan`araq ta`rbiyasındag`ı, shan`araqlıq mu`na`sebetderdegi kemshilikler;

6) mektep ta`limi ha`m ta`rbiyasındag`ı kemshilikler;

7) o`z- ara qarım- qatnas ha`m mu`na`sebetegi kemshilikler;

8) shaxs o`zgesheliklerindegi kemshilikler balanın' sotsiallasıw protsessindegi mashqalalar tiykarında jatadı.

Ha`r bir adam bilim alıw menen birge ko`nlikpe ha`m a`detlerdi iyeleydi. Ko`nlikpeler bir neshe tu`rli boladı (jazıw, oqıw, ju`riw, muzıka shertiw, sport ha`m tag`ı basqalar). Maqsetti go`zlep qandayda isti islew bul ko`nlikpege baylanıslı. Ko`nlikpe dep en` a`wele sanalı islenip, keyinsheli avtomatlasqan is-ha`reketlerge aytıladı.

## Bap boyınsha juwmaqlar

Kishi mektep jası shaxsı qa'liplesiw mashqalasının' psixologiyalıq a'debiyatlardag`ı u'yrenilgenligi dep atalg`an izertlew jumısımızdın' birinshi babında shet el alimları izertlewlerinde u`yrenilgenligi, o'zbek psixologları izertlewlerinde mashqalanin` u`yrenilgenligi, kishi mektep jası shaxsının` psixologiyalıq o`zgeshelikleri haqqında anıg`ıraq tu'sinikler berip o'tildi. Kishi mektep jası shaxsının' shaxs bolıp qa'liplesiwinde shet el alımlarının' jaratqan ilimiy teoriyaları haqqında aytıp o'tetug'ın bolsaq, tiykarınan biogenetikalıq teoriyanın' negizinde insannın' biologiyalıq jaqtan jetilisiwi bas faktor sıpatında qabıl etilgen bolıp, qalg`an protsesslerdin` rawajlanıwı ıqtıyarlı o`zgeshelik payda bolıp, olar menen o`z- ara tek g`ana baylanıslı ekenligi, usı teoriyag`a tiykarlanıp, rawajlanıwdın` baslı maqseti -biologiyalıq determinantlarg`a (anıqlawshılar) qaratıladı ha`m olardın' mazmunınan sotsial- psixologiyalıq o`zgeshelikler kelip shig`atug'ınlıg`ı haqqında aytıp o'tken.

Rawajlanıw protsesinin` o`zi, da`slep biologiyalıq jetilisiwdin` universal basqıshı sıpatında ko`rsetedi ha`m da`lilleydi.

Biogenetikalıq nızamdı F.Myuller ha`m E.Gekkeller jaratqan. Biogenetikalıq nızam organnın' rawajlanıwı teoriyasın da`lillegende ha`m de antidarvinchilarg`a qarsı gu`reste joqarı da`rejede tariyxiy rol oynag`an. Biraq organnın' individual ha`m tariyxiy rawajlanıw mu`siybetlerin tu`sindiriwde ko`plegen qa`telerge jol qoyg`an. Sovet psixologiyasında shaxstın' rawajlanıwı mashqalasi L,S,Vigotskiy,P.P.Blonskiy, S.L.Rubinshteyn, A.N.Leontev, V.G. Anan`ev, L.I.Bojovich siyaqli ulli psixologlardın' shig`armalarında o`z ko`rinisin taba baslag`an. Keyin ala usı ma`sele menen shug'ıllanıwshılar sani ken`eyip bardi.

L.S.Vigotskiy ja`ha`n psixologları shaxstın' du`zilisi ha`m rawajlanıwına ta`n teoriyalar (kritikalıq) biykarlıq da`lillew, o`nip o`siwin ju`zege keltiriwshi ruwhiy jan`alawlardan kelip shıqqan halda protsessti bir qansha basqıshlarg`a ajıratadı.

L.S.Vigotskiy o`z shig`armalarında rawajlanıwdın` ha`r bir da`wirin o`zine ta`n o`zgesheliklerine teren` ilimiy ta`riyip bere alg`an. Da`lillewshi shaxstın' rawajlanıwında en` za`ru`r ruwhiy jan` alanıwlar u`stinen ilimiy, a`meliy, a`hmiyetli pikirler bildirgen. Biraq onın' pikirleri ishinde og`ada mazmunlı, pikir alısıw orınları bir talay boladı.

Aqirg'ı 10- 20 jil aralıg'ında O`zbekstanda sotsiallıq ko'z- qaraslar kontseptsiyası shen`berinde o`tkerilip atırg`an izertlewshiler (V. Karimova, K. Rahimova,Z. Nishonova, M. Umarova, O. Hayitov, G. Yadgarova, L. Karimova, K. Farfieva, Sh. Eshmetov, N. Lutfullaeva, O. Qodirova ha`m basqalar). Usı bag`dardin` keleshegi ekenligin, shaxs ha`m jamiyet ortasindag'ı quramalı ha`m ko`p tarmaqli mu`na`sebetlerdin` sotsiallıq minez- qulıqta ko`riniwi mexanizmin tu`sindiriwde teoriyalıq- metodologiyalıq tiykarının` barlıg'ın da`lillep bergen.

E.G.Goziev. S.A.Axunjanova, A.X.Yugay, R.I.Sunnatova, T.M.Adizova, Z.T.Nishanovalardın' ilimiy jumıslarında da kishi mektep jasındag`ı oqıwshılardın' individual psixologiyalıq o`zgeshelikleri haqqında qımbatlı pikirler aytılg`an. E.G.Goziev oqıwshılarg`a oylaw operatsiyalarının', ulıwmalastırıw usıllarına u'yretıw arqalı sotsial ortalıqqa beyimlesiwi mu'mkin, dep esaplaydı.

Solay etip, O`zbekstan psixologları shıg`armalarında da kishi mektep jası shaxsının' qa'liplestirıwshı faktorlar mashqalası u'yrenilgen.

Kishi mektep jası da`wirine 6-10 jaslı baslawısh (1- 4) klass oqıwshıları kiredi. Bala mektep ta`limine baqshada ta`rbiyalanıp atırg`anda tayarlanadı. Bunda ol mektepte oqıwshılarg`a qoyılatug'ın ha`r qıylı talaplar menen tanısadı, pa`n tiykarların u'yreniw ushın biologiyalıq ha`m psixologiyalıq jaqtan tayar boladı.

G`a`rezsizlik jıllarında payda bolıp atırg`an ja`miyetegi o`zgerisler usı ja`miyette jasawshı barlıq insanlarg`a, sol tiykardan rawajlanıp atırg`an awladlarg`a da o`zine ta`n ra`wishte ta`sirin ko`rsetip atır.

## II.BAP. KISHI MEKTEP JASI SHAXSININ` QA`LIPLESIWINE TA`SIR ETIWSHI SOTSIAL FAKTORLARDIN' TA`JIRIYBEDE U`YRENILIWI

### 2.1. IZERTLEW METODOLOGIYASI HA`M METODLARI

Izertlew gipotezasına qarag`anda, baslawısh klass oqıwshılarında sotsiallıq ortalıqqa beyimlesıwi menen baylanıslı bolg`an sotsial psixologiyalıq faktorlardı rawajlandırıw arqalı kishi mektep jası shaxsın shaxs sıpatında qa`liplesiwine ja`rdem berıwi mu'mkin.

30- jıllarda A.S.Makarenko, A.Zalujnıy, L.S.Vıgotskiy, N.K.Krupskaya, M.Suxomlinskiy ha`m basqa qatar alımlar o`z teoriyalıq ko`z qarasların marksizm menen tikkeley baylanıstirip, jama`a`t ha`m shaxs teoriyasın jaratadı. Olar shaxstın' qa`liplesiwinde sotsial ortalıqtın`, ja`ma`a`ttin` ro`lin, ta`lim-ta`rbiyaning a`hmiyetin da`lillewge urinadi. 40- 60-jillarda sotsial- psixologiyanın' rawajlanıwına salistirg`anda tınıshlıq da`wiri boldi.

Sebebi psixologiya tarawinda alıp barilg`an izertlewler ishinde sotsial psixologiyalıq izertlewler joq esap edi. Bul pa`n Rossiyada ha`m basqa burıng`ı awqamlas respublikalarda 70- jillardan keyin keskin rawajlana basladi.

A.N.Leontev o`zinin' "Psixika rawajlanıwınan ocherkler" kitabında qarım-qatnastın` u`shinshi tu`ri – a`wladlar ortasidag'ı qarım- qatnastın` a`hmiyeti tuwralı sonday dep jazadi: "Eger ba`rshe u`lken a`wlad o`lip ketkende, insaniyat tu`ri joq bolıp ketpes edi, biraq ja`miyettin` rawajlanıwı anag`urlım artqa su`rilip emes, ba`lki jog`alıpta ketiwi mu'mkin edi". Haqiyqattan da, a`wladlar ara qarım-qatnastın` barlıg'ı ushın ha`r bir ja`miyettin` o`z ma`deniyatı, ma`deniy baylıqları, qa`driyatları bar boladı da, bunin` a`hmiyetin tu`singen insa`niyattin` en` aldın`g'ı wa`killeri oni ha`mishe keyingi a`wladlar ushın saqlab keledi ha`mde ta`lim ta`rbiya ha`m ku`ndelik sa`wbetlesiw protsessinde oni a`wladtan- a`wlatqa o`tkeredi.

Qarım- qatnas quramalı protsess bolg`anlig'ı ushın ha`m ayrim alıng`an sa`wbetlesiw tu`rin analiz qilg`animizda, onda ju`da` ha`r tu`rli ko`rinisler ha`m bo`limler barlıg'ın anıqlawımiz mu'mkin. G.M.Andreeva qarım- qatnastın` to`mendegi du`ziliwin usınıs etedi:

Qarım- qatnastın` kommunikativ ta`repi (yag`niy qarım- qatnasqa kirisıwshıler ortasindag'ı mag`liwmat ha`m xabarlar almasiw protsessi).

Qarım- qatnastın` interaktiv ta`repi (yag`niy, qarım- qatnasqa kirisıwshı ta`replerinin` bir- birlerinin` sotsial qulqına ta`sir ko`rsetiw protsessi).

Qarım- qatnastın` pertseptiv ta`repi (yag`niy, qarım- qatnasqa kirisıwshı ta`replerinin` bir- birin qabıl etiwleri ha`m tu`siniwleri menen baylanıslı bolg`an quramalı psixologiyalıq protsess).

Biz kishi mektep jası shaxsın qa'liplestirıwshı sotsial faktorlardı u'yreniwde ata- analar menen birge oqıtıwshılardın' da juwapkershilikli ekenligin esapqa alıp oqıtıwshılardın' o'z oqıwshıları haqqındag`ı ko'z- qarasların u'yreniwdi lazım dep taptıq. Bunın' ushın ilimiy basshımız Z.Klıcheva menen birgelikte arnawlı anketa islep shıqtıq. (1-qosımshag`a qaran').

Anketa sorawları boyınsha No'kis qalalıq xalıq bilimlendiriw mekemeleri xızmetin metodikalıq ta'miyinlew ha'm sho'lkemlestiriw bo'limine qaraslı №38-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebinin' baslawısh klass oqıtıwshılarına mu'rajaat ettik. Izertlew jumısı 2011-2013 oqıw jılında o'tkerildi. Izertlewde ja'mi 30 oqıtıwshı qatnastı. To'mende o'tkerilgen sorawnama na'tiyjelerin itibarın'ızg`a usınamız. Anketanın' birinshi sorawı: Siz oqıtıp atırg`an oqıwshıların'ızdın' neshewi mektepke shekemgi bilimlendirıw ma`kemesinde ta`rbiyalang`an?- degen sorawımızg`a 5- 6 oqıwshı dep juwap bergen.

Barlıq alıng`an na'tiyjelerdi ulıwmalastırıp, x=3.58ge ten' ekenligi ma'lim boldı.

Anketadag`ı na'wbettegi soraw "Siz oqıtıp atırg`an oqıwshıların'ızdın' neshewi mekteptin' ishki ta`rtip qag`ıydalarına tez biyimlesip kete aldı?- degen sorawımızg`a 3- 4 oqıwshı dep juwap bergen. Oqıtıwshılar bunday bolıwın keltirip shıgarıwshı tiykarg`ı faktor sıpatında ata- ananın' balası menen shug`ullanbawınan

dep ko’rsetken. (2.1.1- tablitsag`a qaran’) respondentlerden 63.6% joqarıdag`ı juwaptı tastıyıqlag`an.

Endi anketanın’ na’wbettegi “Oqıwshılar menen islesıw protsessinde qanday qıyınshılıqlarg`a dus keldin’iz? –degen sorawımızg`a 52,8% oqıtıwshılar individual psixologiyalıq o’zgesheliklerin tu’sinbewi na’tiyjesinde, 29,3% oqıtıwshılar sotsial ortalıqqa beyimlesip kete almadı dep juwap bergen.

«Oqıwshılar menen islesıw protsessinde qanday jen’illiklerge dus keldin’iz?» -degen sorawımızg`a oqıtıwshılardın’ 89,7%i aytarlıqtay jen’illeklerge dus kelmegenliklerin aytıp o’tken. «Siz oqıtıp atırg`an neshe oqıwshının’’ Shan`araqlıq jag`dayı unamlı?- degen sorawımızg`a 54,9% oqıtıwshı o’z oqıwshılarının’ shan’araq jag`dayları unamlı ekenliklerin tastıyıqlag`an.

Anketamızdın’ gezektegi sorawı «Siz oqıtıp atırg`an neshe oqıwshının’’ shan`araqlıq jag`dayı unamsız?» -degen sorawımızg`a 46,8% oqıtıwshı o’z oqıwshılarının’ shan’araq jag`daylarının’ unamsız ekenliklerin, ayrımlarının’ shan’araqlarının’ tolıq emes ekenliklerin aytıp o’tken.

«Siz oqıtıp atırg`an neshe oqıwshılardın’ ishinde o`zin shetke alatug’ın oqıwshılar sanı neshew?»- degen sorawımızg`a 4- 5 oqıwshı dep juwap bergen. Yag`nıy 68,2% oqıtıwshılar o’z oqıwshılarının’ ishinde uyalshaq balalardın’ bar ekenliklerin tastıyıqlag`an.

«Siz qaysı oqıwshılar menen islesıwde qıynalasız?»- degen sorawımızg`a

- Qarım- qatnasqa tez kirisip kete almaytug’ın- Oqıtıwshılardın’ 56,1%i qarım- qatnasqa tez kirisip kete almaytug’ın oqıwshılar menen, 42,5% oqıtıwshılar individual psixologiyalıq o`zgeshelikleri durıs qa`liplespegen oqıwshılar menen,

54,2% oqıtıwshılar bilıw protsessleri to`men rawajlang`an oqıwshılar menen dep ko’rsetken.

2.1.1-tablitsa

n=30

| № | Sorawlar | % |
|---|---|---|
| 1 | Siz oqıtıp atırg`an oqıwshıların’ızdın’ neshewi mektepke shekemgi bilimlendirıw mekemesinde ta`rbiyalang`an? | 69.6 |

| | | |
|---|---|---|
| 2 | Siz oqıtıp atırg`an oqıwshıların'ızdın' neshewi mekteptin' ishki ta`rtip qag`ıydalarına tez biyimlesip kete aldı? | 27.4 |
| 3 | Oqıwshılar menen islesıw protsessinde qanday qıyınshılıqlarg`a dus keldin'iz? | 13.4 |
| 4 | Siz oqıtıp atırg`an neshe oqıwshının'' sem`ya jag`dayı unamlı | 54,9 |
| 5 | Siz oqıtıp atırg`an neshe oqıwshının'' sem`ya jag`dayı unamsız? | 46,8 |
| 6 | Siz oqıtıp atırg`an neshe oqıwshılardın' ishinde o`zin shetke alatug'ın oqıwshılar sanı neshew? | |
| 7 | Siz qaysı oqıwshılar menen islesıwde qıynalasız? | 68,2 |
| 8 | Siz qaysı oqıwshılar menen islesıwde qıynalasız? | |
| a | Qarım- qatnasqa tez kirisip kete almaytug'ın | 56,1 |
| b | individual psixologiyalıq o`zgeshelikleri boyınsha | 42,5 |
| v | bilıw protsessleri to`men rawajlang`an oqıwshılar menen | 54,2 |

2.1.1-tablitsada na'tiyjelerdin' 100 payızdan artıq shıg`ıwına sebep, ayrım respondentler tek bir juwap penen shegaralanbay, bir neshe faktorlardı aytıp o'tken, sonın' ushın na'tiyjeler 100%ten artıq shıqqan.

Bul boyınsha ja'nede anıg`ıraq ko'z- qarasqa iye bolıw ushın to'mendegi gistogrammanı itibarın'ızg`a usınamız.



Izertlewde oqıwshılardın’ psixologiyalıq o’zgesheliklerinin’ oqıtıwshılar ta’repinen qanday da’rejede bahalang`anlıg`ın biliw maqsetinde “Klaster” metodikasınan paydalandıq.

Ha`zirgi waqıtta pedagoglar ushın oqıwshılardın’ shaxsın biliw aktual ma`selelerden bolıp esaplanadı. O`ytkeni ol zamanago`y oqiw – ta`rbiya protsesinde basım bolatug’ın gumanistikalıq tendentsiyalar menen tikkeley baylanıslı. Pedagogikalıq a`melliatta ha`r qıylı jantasiw tu`sinikli sistema “subiekt – obiektten”, “subiekt – subiekt” sistemasına o`tiw menen baylanıslı, yag`niy bir ta`repli analizden eki ta`replige o`tiw. A.A.Rean ha`m Y.A.Kolominskiyler o`zinin` “sotsial pedagogikalıq psixologiya” kitabında bildiriwinshe psixologiyalıq qatnas ha`m psixologiyalıq xizmettin` birlesiwi bolıp turadı. Tiykarınan bul qatnaslar nızamlıqlarında du`ziletug’ın xizmet obiekti bolg`an pedagogikalıq ta`rtip nızamında ko`rinedi. Qatnasta barqulla shaxslar aralıq biliwdin` parallel protsesi boladı. Bul jerden pedagogtin` oqıwshı shaxsın odekvatlig’ı ha`m ahmiyetli baylanıslıq jaylasadi.

Oqitıwshılardın’ baslawısh klass oqıwshıları shaxsının` qabıletiwdi u`yreniw barisinda biz izertlewimiz uliwma wazıypaların qarım- qatnas protsesinde oqiw ta`rbiya protsesinde oqıwshı shaxsının` kommunikativlik qa`siyetin izertlewge bag`darlang`an. Bizlerdi qiziqtirg`an soraw oqitıwshı baslawısh klass oqıwshı shaxsın qalay qabıl etedi? Bul sorawg`a juwap beriw ushın bizler “kritikalıq oylawdın` rawajlanıwı” atamasindag’ı pedagogikalıq psixologiyada qollanatu`g’ın pedagogikalıq strategiyani qollanadı.

Klaster strategiyasının` basın izertlew metodi sıpatında tolig’ıraq ko`rsetilgen. Esletpe, klaster bul strategiya bolıp, qandayda bir temani erkin ha`m ashiq oylawg`a ja`rdem beredi.

Bizlerde mekteplerde isleytu`gin otiz baslawısh klass oqitıwshıları sorawg`a juwap berdi. Oqitıwshılarg`a qag`az ortasına gilt so`zlerdi jaziw usiniladi “oqıwshı shaxsi” ha`m onın’ qasına ko`plegen bir so`z usı tu`sinikte payda boladı, oyimizg`a qansha ideya kelse, sonsha jaziw kerek. Oqitıwshılarg`a ha`r klasqa bo`lek klaster ja`mlew tapsiriladi 1-den – 4-ge shekem.

To`mende bizlerdin` izertlewler na`tiyjesi keltirilgen. Solay etip bizler na`tiyjelerdi uliwmastirip mug`allimlerdin` juwapları tiykarında bizler baslawısh klaslarda oqıwshı shaxsın tu`siniwde klaster ja`mledik.

Endi oqitıwshının` oqıwshılarg`a bergen anıqlamasinda toqtaymiz.

Oqıtıwshılardın' bergen juwapların analizlep qarag`anımızda 58,2% respondent 1- klass oqıwshıları ele bala, ha`zir g`ana ata – ana qanatına shaxsiy uqıplılıqlar menen shıqqan, oqiw xizmetine oqiw da`stu`rinin` talaplarına ko`nlikken. Bir jerde otirip isley almaydı, diqqatsiz, tez alan` boladı, adaptatsiya da`wirinen o`tedi dep juwap bergen bolsa, 37,4% qatnasıwshı ekinshi klass oqıwshısi bul endi bo`bek emes, biraq ja`nede oni ko`retug'ınday oqıwshı emes. Endi ta`rtip haqqında ko`z qaras qiyalg`a iye. Biraq olarg`a qıyınshılıq penen boysınadi. Ol ele balalıq qizig'ıwshılg'ın ha`m jog`alitpaydi, endi sho`lkemlestirıwshılik payda boladı. Mug`a`llimlerge isenedi, o`zine hu`rmet penen diqqatti talap etedi dep juwap beredi.

23,7 % respondent u'shinshi klass oqıwshıları o`sti, fizikalıq jaqtan bekkem, ten`lesleri ha`m mug`a`llimler menen qatnasta ta`jriybe iyelegen, jeterli da`rejede o`z betinshe boladı, uzaq juwapkershilik sezimi menen, ko`p so`zli, psixikalıq turaqsiz, o`zine diqqat ha`m hu`rmetti talap etedi, individual jantasadi. Kommunikobelli, biraq tez ashıwshang'ısh. Bilimge qatti qizig`adi.

49,8% respondentten to`rtinshi klass oqıwshısi o`spirimlik jasının` o`tiw da`wirine kirmeydi, o`zine qatnası ten` boliwdi talap etedi, buyriqlardı ko`tere almaydı, ha`r ta`repleme basım, jaqsı qatnaslardı hu`rmetleydi. Orta mektepke tayarlıq turaqli, ata– anasinin` keleshektegi ja`rdemshisi, xarakteri turaqli, kommunikabelli degen juwaptı aldıq.

2.1.2-tablitsa

n=30

| № | Sorawlar | % |
|---|---|---|
| 1 | Ele bala, ha`zir g`ana ata – ana qanatına shaxsiy uqıplılıqlar menen shıqqan, oqiw xizmetine oqiw da`stu`rinin` talaplarına ko`nlikken. Bir jerde otirip isley almaydı, diqqatsiz, tez alan` boladı, adaptatsiya da`wirinen o`tedi. | 58,2 |

| | | |
|---|---|---|
| 2 | Ekinshi klass oqıwshısi bul endi bo`bek emes, biraq ja`nede oni ko`retug'ınday oqıwshı emes. Endi ta`rtip haqqında ko`z qaras qiyalg`a iye. Biraq olarg`a qıyınshılıq penen boysınadi. Ol ele balalıq qizig'ıwshılg'ın ha`m jog`alitpaydi, endi sho`lkemlestirıwshılik payda boladı. Mug`a`llimlerge isenedi, o`zine hu`rmet penen diqqatti talap etedi. | 37.4 |
| 3 | Oqıwshı o`sti, fizikalıq jaqtan bekkem, ten`lesleri ha`m mug`a`llimler menen qatnasta ta`jriybe iyelegen, jeterli da`rejede o`z betinshe boladı, uzaq juwapkershilik sezimi menen, ko`p so`z zopasti, psixikalıq turaqsiz, o`zine diqqat ha`m hu`rmetti talap etedi, individual jantasadi. Kommuni kobeli, biraq tez ashıwshang'ısh. Bilimge qatti qizig`adi. | 23.7 |
| 4 | To`rtinshi klass oqıwshısi o`spirimlik jasının` o`tiw da`wirine kirmeydi, o`zine qatnası ten` boliwdi talap etedi, buyriqlardı ko`tere almaydı, ha`r ta`repleme basım, jaqsı qatnaslardı hu`rmetleydi. Orta mektepke tayarlıq turaqli, ata – anasinin` keleshektegi ja`rdemshisi, xarakteri turaqli, kommunikobelly. | 49,8 |

## 2.2. KISHI MEKTEP JASI SHAXSININ` QA`LIPLESIWIN ANIQLAWSHI METODLAR

Kishi mektep jası shaxsın qa'liplestirıwshı sotsial faktorlar esaplang`an, sotsial ortalıq, ta'lim- ta'rbiya, qarım- qatnas faktorların u'yreniw ushın No'kis qalalıq xalıq bilimlendiriw mekemeleri xızmetin metodikalıq ta'miyinlew ha'm sho'lkemlestiriw bo'limine qaraslı №38-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebinin' baslawısh klass oqıwshılarında izertlewler alıp barıldı. Izertlewde 40 oqıwshı qatnastı. Izertlew 2011- 2013 jıllarda o'tkerildi. Kishi mektep jası oqıwshılarının' sotsial ortalıqqa qa'nshelli da'rejede beyimleskenligin anıqlaw maqsetinde biz F.K. Rodjers, R.Daymondlar ta'repinen islep shıg'ılg`an «Sotsial psixologiyalıq maslasqanlıq xarakteristikaların u'yreniw» metodikasınan paydalandıq. Metodika haqqında anıg`ıraq aytıp o'tetug'ın bolsaq sotsial – psixologiyalıq maslasqanlıq shkalasının' original variantı 1954 jıl F.K.Rodjers ha'm R.Daymond ta'repinen islep shıg'ılg'an. Usı sorawnama mekteplerdegi «ta'rbiyası qıyın balalar»dın' emotsiya ha'm minez– qulqındag'ı buzılıwlardı u'yreniw ushın (Murzenko V.A. 1977), mektep adaptatsiyası– dezadaptatsiyasının' ko'rsetkishi sıpatında baslang'ısh ta'limnen orta ta'limge o'tiwdegi qıyınshılıqlardı u'yreniw ushın (Prixojan A.M. 1984), qa'nigelestirilgen mekteptegi ta'limnin' quramalasqan formalarına maslasıw protsesinde o'spirimlerde o'z– o'zin an'lawdın' qa'liplesiwine ta'n o'zgesheliklerdi u'yreniw ushın (Snegireva T.V. 1978), orta arnawlı ha'm joqarı oqıw orınları sha'rayatlarına maslasıwdın' individual o'zgesheliklerin u'yreniw ushın (Osnitskiy A.K. 1992) oqıwshılardın' tu'rli toparlarında sınap ko'rilgen.

Metodikadan paydalanıw protsesi sonı ko'rsetedi, ol tiykarınan o'spirimler ushın mo'lsherlengen. Biraq ol kishi o'spirimler menen islewdede na'tiyjelerin beriwi mu'mkin.

Metodika tiykarın quraytug'ın insannın' sotsiallıq ortalıq ha'm o'z– o'zine bolg'an mu'na'sibeti modeli o'z– o'zinde rawajlanatug'ın, o'z minez– qulqı ushın juwap beriwge qadir subiekt sıpatında shaxs kontseptsiyasınan kelip shıg'adı.

Shkala 101 hu’kimnen ibarat bolıp, olardın’ 37 si shaxstın’ sotsial– psixologiyalıq maslasqanlıq o’lshemlerine muwapıq keledi (bul o’lshemler ko’p ta’repten shaxs jetikligi o’lshemlerine mas kelip, olar arasında o’z qa’dirin biliw ha’m o’zgelerdi hu’rmet qılıwg’a qa’dirlik, xızmet ha’m mu’na’sibetlerdin’ real a’meliyatı ushın ashıqlıq, o’z mashqalaların tu’siniw ha’m olardı sheshiwge umtılıw sıyaqlılar bar). Keyingi 37 hu’kim maslaspag’anlıq o’lshemlerine tiyisli (o’zin ha’m basqalardı qanday bolsa sondaylıg’ınsha qabıl ete almaslıq, shaxsıy ta’jiriybe u’stinde pikir ju’ritiwde «tosıqlar»dın’ barlıg’ı, mashqalalardan qashıw, psixikalıq protsesslerdin’ mortlıg’ı sıyaqlılır). Qalg’an 27 biyta’rep hu’kimnin’ bir bo’limi jalg’an shkalasın quraydı.

**Tu’sindirme:** Sorawnamag’a insan, onın’ turmıs ta’rizi: keshirmeleri, pikirleri, a’detleri, minez– qulıq uslubı haqqındag’ı hu’kimler kirgizilgen. Olardı o’z turmıs ta’rizimiz benen salıstırıw mu’mkin.

Ha’r bir hu’kimdi oqıp, o’z a’detlerin’izge, turmıs ta’rizin’izge salıstırın’ ha’m bul hu’kim Sizge qay da’rejede ta’n ekenligin bahalan’. Bunın’ ushın juwap betindegi «0» den «6» g’a shekemgi bolg’an 7 bahadan, pikirin’izge ko’re, muwapıq kelgen birewin tan’lan’.

**(sorawnama 2-qosımshada beriledi)**

**Izertlewde alıng`an na’tiyjelerdi to’mendegi tablitsada sa’wlelendirdik.**

**2.2.1-tablitsa . Sınalıwshılardın’ «Sotsial psixologiyalıq maslasqanlıq xarakteristikaların u’yreniw» metodikası boyınsha alg`an na’tiyjeleri (n =40)**

| Ko’rsetkishler | Ta’jiriybe toparı | Baqlaw toparı |
|---|---|---|
| x | 25,7 | 45,6 |
| $\sigma$ | 17,9 | 19,5 |
| m | 3,9 | 4,05 |

Joqarıdag`ı tablitsadan sotsial ortalıqqa beyimlesiw ta’jiriybe toparında baqlaw toparına salıstırg`anda anag`urlım to’men ekenligi ko’rinip tur.

Sotsial ortalıqqa beyimlesiw ta’jiriybe toparında ortasha 25,7 g`a ten’ bolsa, baqlaw toparında 45,6 g`a ten’. Ortasha kvadrat awısıw ta’jiriybe toparında 17,9 g`a ten’, baqlaw toparında 19,5 ke ten’. Ortasha kvadrat qa’te ta’jiriybe toparında 3,9 g`a ten’, baqlaw toparında 4,05 ke ten’.

Kishi mektep jasındag`ı balalardın’ mektep ta’limine tayarlıg`ın anıqlaw maqsetinde «Balalardın’ mektep ta`limine tayarlıg`ı ha`m bilıw protsessleri rawajlanıw da`rejesin anıqlaw» metodınan paydalandıq.

Balalardın’ turmıs haqqındag`ı tu’siniklerin anıqlaw, qorshag`an ortalıqta mo`lsher ala bilıwdi u’yreniw. Balalardın’ turmıs haqqındag`ı tu’sinikler baylıg`ına: o`zi, jaqınları, qarındasları, a`tirapındag`ıları, ol jasap atırg`an ortalıqtag`ı insanlar, buyımlar haqqındag`ı tu’sinik ha`m bilimleri kiredi. Bunday bilimler balanın’ jası asqan sayın artıp baradı.

Turmıs haqqındag`ı tu’sinikler baylıg`ın arttırıw ushın 6- 7 jastan 10- 11 jasqa shekem balalarg`a beriletug’ın sorawlar 10 nan aspawı kerek. Ha`r bir jas ushın sorawlar ma`nisi ta`repinen birdey bolsada, biraq a`ste qıyınlasıp baradı. Ma`selen: mektepke shekemgi jastag`ı balag`a «Atın’ kim?» dep soraw bersek, 1- klass oqıwshısına bul soraw biraz basqasha beriledi: «Atın’ ha`m familiyan’ kim?», 2- klass: «Ata- anan’nın’ atı ha`m familiyası kim?», 3- klass: «Apa ha`m atan’nın’ famliyası ha`m atı kim? ta`rizinde o`zgerip baradı. Sorawlardın’ ha`r bir jas o`zgesheliklerin, sol jastag`ı turmıs haqqındag`ı tu’sinikler baylıg`ın, sol sorawlarg`a juwap bere alıw qa`biletin esapqa alıp du’zilgenligi joqarıdag`ı mısaldan ha`m ko`rinip turıptı. Ha`r bir jastag`ı bala sol sorawlarg`a juwap bere alıwına qarap ball menen bahalanadı.

To`mendegi metodikada juwaplar 0-1 ball menen bahalanadı. Biraq ayrım sonday jag`daylar ha`m boladı, balanın’ juwabın 0 yaki 1 ball menen bahalap bolmaydı, sonın’’ ushın da`rejege 0,5 balldı kiritıwge tuwrı keledi. Ayırım sorawlarg`a juwap beriw protsessinde bala sorawg`a bilmegeni ushın emes, bul sorawg`a juwap beriw imkaniyatı joqlıg`ı yaki qa`lemegeni ushın juwap bermesligi ha`m mu’mkin ha`m izertlewshi bunday jag`daydı itibarg`a alıwı kerek.

**2.2.2-tablitsa. Sınalıwshılardın' «Balalardın' mektep ta`limine tayarlıg`ı ha`m bilıw protsessleri rawajlanıw da`rejesin anıqlaw» metodikası boyınsha alg`an na'tiyjeleri (n=40)**

| Ko'rsetkishler | Ta'jiriybe toparı | Baqlaw toparı |
|---|---|---|
| x | 19,7 | 39,7 |
| $\sigma$ | 5,08 | 8,5 |
| m | 0,6 | 1,7 |

Joqarıdag`ı tablitsada ta'jiriybe toparındag`ı oqıwshılarg`a salıstırg`anda baqlaw toparındag`ı oqıwshılardın' mektep ta'limine tayarlıg`ı bir qansha joqarı ekenligi anıq ko'rinip tur. Baqlaw toparında mektep ta'limine tayarlıq ortasha 39,7 ge ten', ta'jiriybe toparında 19,7 ge ten'. Ortasha kvadrat awısıw ta'jiriybe toparındag`ı oqıwshılarda 5,08 ge ten'. Ortasha kvadrat qa'te baqlaw toparındag`ı oqıwshılarda 1,7 ge ten', ta'jiriybe toparındag`ı oqıwshılarda 0,6 g`a ten'.

Kishi mektep jasındag`ı oqıwshılardın' qorshag`an ortalıqqa beyimlesiwin anıqlaw maqsetinde bizler to'mendegi «Balalardın' qorshag`an ortalıqtag`ı ulıwma jo`nelisi ha`m alg`an bilimler baylıg`ı» metodikasınan paydalandıq. Metodikanın' bul variantı mektepke qabıl etilip atırg`an balalar ushın mo`lsherlengen. Sonday-aq 1-5 klass oqıwshılarının' qorshag`an ortalıqtag`ı bag`darı, alg`an bilimler baylıg`ı ha`m sog`an uqsas variantlar arqalı u'yreniledi. Juwaplar analizi, bahalar shıg`arıw, sol tiykarda rawajlanıw da`rejesin belgilew ortasında ha`m uqsaslıw bar.

(sorawlar 4-qosımshada beriledi)

**2.2.3-tablitsa. Sınalıwshılardın' «Balalardın' qorshag`an ortalıqqa bag`darlanıwshılıg`ı» metodikası boyınsha alg`an na'tiyjelri (n=40)**

| Ko'rsetkishler | Ta'jiriybe toparı | Baqlaw toparı |
|---|---|---|
| x | 3,8 | 10,6 |
| $\sigma$ | 1,5 | 1,2 |
| m | 0,4 | 0,3 |

Joqarıdag`ı tablitsadan baqlaw toparındag`ı oqıwshılardın' qorshag`an ortalıqqa beyimlesiwi ortasha 10,6 g`a ten'. Ta'jiriybe toparındag`ı oqıwshılarda

3,8 ge ten’. Ortasha kvadrat awısıw, baqlaw toparındag`ı oqıwshılarda 1,2 ge ten’. Ortasha kvadrat qa’te ta’jiriybe toparındag`ı oqıwshılarda bir qıylı 0,4 ke ten’.

Kishi mektep jasındag`ı oqıwshılardın’ mektep ta’limine mu’na’sebetin anıqlaw maqsetinde **«Balanın’ mektep ta`limine mu’na`sebeti»** metodikasınan paydalandıq.

Bul metodikanın’ maqseti mektepke jan’a qabıl etilgen oqıwshılarda oqıw motivi yaki oqıwg`a qızıg`ıwları bar joqlıg`ın anıqlawdan ibarat. Balanın’ oqıwg`a mu’na`sebeti, basqa ruwhıy belgileri menen bir qatarda oqıwg`a ha`m mektepke tayyar yaki tayyar emesligin belgilewshi jag`day. Balanın’ bilıw protsessleri nomal bolsa ha`m basqa balalar menen mu’na`sebetleri ko`nildegidey bolsa da onı mektep ta`limine tayyar, dep aytıw qıyın. Oqıwg`a qızıg`ıw bolmasa ha`m eki ruwhıy tayarlıq belgisi- yag`nıy bilıw protsessleri, kommunikativlik qa`biletleri jaqsı rawajlang`an bolsa, oqıwdın’ da`slepki basqıshında mektepke ha`m bilim alıwg`a bolg`an qızıg`ıw oyanıwı mu’mkin. A`meliyat sonı ko`rsetedi, yag`nıy sol kishi mektep jasındag`ı balalardı 0 ballıq ha`m 1 ballıq baqlaw arqali bahalaw menen sheklenbew kerek.

Birinshiden, bul jerde qıyın sorawlar bolıwı mu’mkin, sonın’’ ushın balalar birine tuwrı, birine natuwrı juwap beriwi mu’mkin.

Ekinshiden, berilip atırg`an juwaplardın’ bir bo`legi tuwrı, bir bo`legi natuwrı bolıwı da mu’mkin.

Eger bala qıyın sorawlarg`a tolıq juwap bere almasa, 0,5 ball menen bahalanadı, tuwrı, guman tuwg`ızbaytug’ın tolıq, jaqsı bahag`a ilayıq juwap berse 1 ball menen bahalanadı, juwaplar bir ta`repleme yaki tolıq bolmasa 0,5 ball menen bahalanadı. Ma`selen: «Ne ushın mektepke barıw kerek?»- degen sorawg`a tolıq bolıwı ushın ol, «Kerekli bilim, ko`nlikpe ha`m ta`jriybelerimdi payda etiw ushın»- dep juwap beriwi kerek, tolıq emes juwapta «Oqıw ushın» dep. Eger qosımsha sorawdan keyin tolıq juwap berse 1 ball qoyıladi.

Na`tiyjeler analizine ko`re 8 balldan joqarı ball toplag`an balalar mektep ta`limine tolıq tayar, 5- 8 ball toplag`anlar tolıq tayar emes, 5 balldan kem toplag`anlar bolsa mektep ta`limi ushın tayar emes dep tabıladı.

**Balalarg`a usınıs etiletug'ın sorawlar:**

1. Mektepke barıwdı qa`leysen'be?
2. Ne ushın mektepke barıw kerek?
3. Mektepte ne menen shug`ıllanasan'?
4. Mektepke barıwg`a tayar bolıw ushın ne islew kerek?
5. Sabaq degenimiz ne? Onda ne menen shug`ıllanasız?
6. Mekteplerdegi sabaqlarda o`zin qalay tutıw kerek?
7. U'y wazıypası degenimiz ne?
8. Ne ushın u'yge tapsırmanı islewimiz kerek?
9. Mektepten u'yge kelip ne menen shug`ıllanasan'?
10. Mektepke barıp oqıy baslasan', o`mirin'de qanday o`zgerisler payda boladı?

Sorawdın' mazmunına mass keletug'ın juwaplar tuwrı dep qabıllanadı. Anıq tolıq emes bolsa, qosımsha sorawlar beriledi. Ha`r bir sorawdın' ma`nisin bala tuwrı tu'singenligigine ahmiyet berıw kerek.

Bul metodika boyınsha balalar toplawı mu'mkin bolg`an maksimal ball 10 ball bolıp, bul balanın' ruwhıy ta`repten mektep ta`limine tolıq tayyar ekenligin bildiredi.

**2.2.4-tablitsa. Sınalıwshılardın' «Balalardın' qorshag`an ortalıqtag`ı ulıwma jo`nelisi ha`m alg`an bilimler baylıg`ı» metodikası boyınsha alg`an na'tiyjeleri (n=40)**

| Ko'rsetkishler | Ta'jiriybe toparı | Baqlaw toparı |
|---|---|---|
| x | 4,8 | 11,7 |
| $\sigma$ | 1,7 | 1,9 |
| m | 0,5 | 0,3 |

Joqarıdag`ı tablitsadan ta'jiriybe toparındag`ı oqıwshılardın' qorshag`an ortalıqqa beyimlesiwi ortasha 4,8 ge ten'. Baqlaw toparındag`ı oqıwshılarda 2,5 ese artıq 11,7 ge ten'. Ortasha kvadrat awısıw, baqlaw toparındag`ı oqıwshılarda 1,9 g`a en'. Ortasha kvadrat qa'te ta'jiriybe toparındag`ı oqıwshılarda bir qıylı 0,5 ke ten'.

## 2.3. KISHI MEKTEP JASI SHAXSININ` QA`LIPLESIWINE TA`SIR ETIWSHI SOTSIAL FAKTORLARDI RAWAJLANDIRIWSHI METODLAR

### Kishi mektep jasındag'ı balalarda qarım- qatnas ko`nliklerin rawajlandırıw

Qarım- qatnas ko`nlikpeleri o`mir dawamında qa`liplesip baradı ha`m sotsiallıq ta`jriybeni toplawdın' tiykarg`ı quralı, sotsiallasıw protsessinin' bas sha`rti bolıp esaplanadı. U'lkenler ha`m ten'lesler menen bolg`an qarım- qatnas dawamında balalardın' joqarı psixik funktsiyaları rawajlanadı, bul tarawdag`ı nuqsanlar bolsa barlıq psixik rawjlanıw protsessine jaman ta`sir ko`rsetedi.

Balalardın' qarım- qatnas ko`nlikpeleri jeterlishe rawajlanbaslıg`ına a`dette shan'araqlıq ta`rbiyag`a ta`n o`zgeshelikler sebep boladı. Ma`lim bolıwına qarag`anda, qarım- qatnas tarawında korrektsiya talap etiletug'ın balalardın' ko`pshiligi jaqınlardan maqtawdan ko`re kritik ha`m ta`rbiya ku'tedi. Izertlewshilerdin' na`tiyjeleri ko`rsetıwinshe, tez- tez ha`m keskin formada eskertıwshı balalarda ko`pshilik hallarda o`z- o`zine qarag`anda pa`s, anıq yaki noadekvat baha qa`liplesedi, baladag`ı anıq emotsional jag`day ornın gumalanıwshılıq, tınıshsızlıq iyeleydi. A`ne usı o`zgeshelikler basqa balalar ha`m u'lkenler menen bolg`an qarım- qatnasta mashqalalardı keltirip shıg`aradı. Itibarlı ta`replerinen biri sol, balalar ko`binese u'lkenler eskertıwlerinin' mazmunın itibarsız qaldırıp, onın' dawısına ku'shli sezgi boladı, eskertıwden so`n'da jaman mu'na`sebeti sıpatında qabıl etedi.

Ulıwma, qarım- qatnas ko`nlikpeleri jaqsı rawajlanbag`an balalar shan'araqları ushın to`mendegi o`zgeshelikler ta`n boladı:

1) shan'araqtın' ha`r tu'rli ag`zaları balag`a ulıwma qarama- qarsı talaplar qoyadı;

2) erkeletiw ha`m jubatıwlardan balanı birden jazalawg`a o`tıw jag`dayları ko`p ushraydı;

3) balalar tez- tez jazalanıp turıladı, bunda balanın’ tuwrı emes is- ha`reketi emes, ba`lkim shaxs ko`birek jazalanadı;

4) balanın’ a`welgi jaman ta`replerin ko`p eske alınadı.

Kishi mektep jasındag`ı balalardın’ qarım- qatnas ko`nlikpeleri korrektsiya qılıw ha`m rawajlandırıw ushın to`mendegi bag`darlarda is alıp barıw talap etiledi:

1) a`tiraptag`ı adamlarg`a qızıg`ıw oyatıw, olardı tu’sinıw ha`m olarg`a kewil bildirıw qa`biliyatın rawajlandırıw;

2) zorawanlıqqa tiykarlanbag`an minez- qulıqmodeline tayanıp, tu’rl o`mirlik jag`daylarda qarım- qatnas ko`nlikpelerin rawajlandırıw;

3) qarım- qatnasta noverbal qurallardan erkin paydalanıw ko`nlikpelerin rawajlandırıw;

4) qarım- qatnas dawamında emotsional jag`daylardı payda etıwde o`z-o`zin basqarıw qa`biletin rawajlandırıw;

5) basqa adamlardın’ pikirine qarap sabır- taqatlı mu’na`sebetti qa`liplestirıw;

6) jaqsı xarakter o`zgesheliklerin rawajlandırıw ha`m paydalı qarım- qatnas protsesine kesent beretug’ın o`zgesheliklerdi korrektsiyalaw.

Bul jo`neliste alıp barılıwshı istin’ metodikalıq tiykarın balalar jasına ta`n arnawlı oyınlar, shınıg`ıwlar quraydı. Bul teziste olardın’ ayırımlarının’ mazmunı ashıp beriledi.

Qarım- qatnas ko`nlikpelerin korrektsiya qılıw ha`m rawajlandırıw isin balalarg`a basqa adamlardı tın’law, sa`wbetti dawam ettire alıw, tolıw bir ma`seleni toparlıq jag`dayda sheshıwde qatnasıwdı bliwge u’yretıwden baslaw kerek. Bunın’ ushın to`mendegiler sıyaqlı shınıg`ıwlar usınıs etiledi:

1.Balalar izbe- iz tuwılg`an ku’nine qashan ne sawg`a qılıng`anın aytıp beredi (balalar jazdı qanday o`tkizgenlikleri yaki barlıq balalardın’ o`mirinde payda bolatug’ın qa`legen basqa ha`diseni sa`wbet teması etip alıw mu’mkin). Balalardın’ barlıg`ı aytıp bergennen son’, baslawshı balalardın’ atların aytıp «Kimnin’ esinde … ne sawg`a bergeni?» sıyaqlı sorawlar beredi, tuwrı juwap

bergen balalardı marapatlaydı (marapat ushın a`welden tu’rli qurallar, ma`selen, ha`r tu’rli ren’li kartochkalardı tayarlap qoyıw mu’mkin).

2.Baslawshı ba`seke ushın tema beredi ( ma`selen, ekshembi ku’nin qalay etip qızıq o`tkerıw mu’mkin), ba`sekede qatnasıw qag`ıydaların tu’sindiredi (ha`r bir balanı dıqqat penen tın’law, basqalar ga`pin bo`lmeslik, pikirlerin na`wbetpe na`wbet aytıw, ha`dden zıyat tez yaki uzaq so`ylespeslik). Ba`seke barlıq bir qararg`a kelgenshe dawam etedi (ba`sekeni bir neshe kishi toparlarg`a bo`linip ha`m o`tkizıw mu’mkin).

3.Balalar jup- jup etip ajratıladı. Juplıqlarg`a eki bo`limnen ibarat bir na`rsenin’ qag`azdan tayarlap qoyılg`an nusqası beriledi (ma`selen, qag`azdan qırqılg`an qolg`ap). Juplıqqa kirgen balalardın’ ha`r birine berilgen na`rsenin’ bir bo`limin boyaw ha`m og`an bezek berıw tapsırıladı. Bunda ha`r bir juplıq ren’li qa`lemlerdin’ tek bir toplamı menen islewi ha`m sonday etip sharayatda berilgen na`rsenin’ eki bo`limin bir- birine uqsas etip tayarlawı lazım boladı.

4.Balalar shen’ber bolıp otıradı, birme- bir «Adamlarda mag`an ne unaydı?» degen sorawg`a juwap berip, pikir bildiredi. Birinshi bala o`z pikirin bildirgennen son’, keyingi bala «Demek, sag`an adamlarda … unaytug’ın eken» dep birinshi bala pikirin ta`kirarlaydı. Birinshi bala onın’ pikiri qansha tuwrı tu’sinilgenligin bahalaydı («tuwrı», «sonday», «yaq», «bunday emes» h.t.b), na`wbet keyingi balag`a o`tedi.

5.Balalar bir temada ulıwma gu’rrin’ du’zedi (ma`selen, qısta ta`biyatta bolatug’ın o`zgerisler haqqında). Baslawshı o`z qa`lewi menen qa`legen balag`a na`wbet beredi. Na`wbet kimge berilse, sol bala gu’rrin’di kelgen jerinen baslap og`an mazmunan mass bir ga`p qosadı (imkanınsha barlıq gu’rrin’ dawamında ha`r bir balag`a bir neshe ma`re na`wbet beriledi)

6.Balalar bir ulıwma tema yaki qa`legen temada sızg`an su’wretleri menen almastırıladı. Ha`r bir bala og`an sherigi bergen su’wretti maqtap, bul su’wret ko`rik tan’law o`tkizilgen ta`g`dirde, ne ushın birinsh orındı ılayıq ekenligin da`lillewge urınadı. Baslawshı en’ jaqsı (tiykarg`ı, isenimli) ta`riyp iyesin marapatlaydı.

Qarım- qatnas protsessinde adamnın’ o`z emotsional jag`dayın tu’sinıwin ko`rsetıwshı ha`m sa`wbetlesinin’ emotsional jag`dayın tu’sinıwi ju’da` u’lken a`hmiyetke iye. Noverbal qarım- qatnas elementlerinen paydalana almaytug’ın balalar o`z emotsional jag`dayın anıq ko`rsete almaydı ha`m basqalardın’ noverbal signalların jeterlishe parqlay almaydı. Sonın’ ushın kishi mektep jasındag`ı balalardın’ qarım- qatnas ko`nlikpelerin korrektsiya qılıw ha`m rawajlandırıwda balalarg`a emotsional jag`daylardı noverbal ra`wishte ko`rsetıwdi u’yretiwtiykarg`ı orındı iyeleydi Bunın’ ushın to`mendegiler sıyaqlı shınıg`ıwlar usınıs etledi:

a) Jag`day: balalar bir- birinen yaki ortadag`ı baladan izbe- iz nenidur soraydı.

Wazıypa: soraw bag`darlang`an bala (tiykarg`ı qatnasıwshı) so`z isletpey, soralıp atırg`an na`rseden biyhabarlıqtı jelke qısıp, tyisli mimika ha`reketleri menen bildirıwi za`ru’r.

b) Jag`day: oylaydı, bir bala u’yine kiyatırg`anda jerdegi shu’berek ju’rip atırg`anın ko`redi, shu’berekti ko`terse, astında kishkene g`ana pıshıq balası  bar eken.

Wazıypa: balanın’ qanday etip hayran bolg`anın u’lken ashılg`an ko`zler ha`m hayranlıq ko`rinisin payda etıwshı ima- isharalar menen su’wretlew kerek.

v) Jag`day: oylaydı, bir bala awqat jemey qoyıptı ha`m ju’da` azıp ketipti, ku’shsiz bolıp qalıptı.

Wazıypa: oylanıp atırg`an balanı, onın’ sırtqı ko`rinisi, ju`ris- turısı, tu’rli xızmetti islewwaqtındag`ı is- ha`reketlerdi su’wretlep berıw lazım.

g) Jag`day: oylaydı, bir bala qattı bolg`anda, ju’da` ku’shli a`skerge aylanıptı ha`m ku’nlerdin’ birinde onın’ aldınan u’lken da`rya shıqqanda, a`sker bala hesh ha`m qorıqpay suwdın’ u’stinen o`tkizilgen jin’ishke ko`pirden o`tipti.

Wazıypa: a`sker bala ko`pirden qanday etip o`tedi, yag`nıy asıqpay, ten’likti saqlap o`tip ketkenin berıw talap etiledi.

Ulıwmalastırıp aytqanda, kishi mektep jasındag`ı balalar menen qarım- qatnas ko`nlikpelerin qa`liplestiriw, korrektsiyalaw ha`m rawajlandırıw boyınsha alıp barılatug’ın isler, birinshiden, balalarda a`tiraptag`ı adamlarg`a qızıg`ıw

oyatıw, olardı basqa adamlardın’ o`zine ta`n, olardıkinen parqlı qızıg`ıwları, mu’ta`jlikleri haqqında oylandırıp qoyıwg`a; ekinshiden, olardı ideal formasın o`zlerine ha`m, basqalarg`a ha`m qollamaslıqqa, ha`r qaysı jen’ilgenlik qarım qatnastan tiyisli na`tiyjeler shıg`arıwg`a a`detlendiriw ushın; u’shinshiden, olarda o`z- o`zin basqarıw, mashqalalı jag`daylarda kerekli da`rejedegi iyiliwshen’likti payda etıw qa`biletin rawajlandırıwg`a u’yretıw za`ru’r.

**Kishi mektep jasındag’ı balalardı psixokorrektsiya qiliw shinig’ıwları**

Sotsial psixologiyada adamlardı na’tiyjeli qarım- qatnasqa u’yretiwge ju’da’ u’lken itibar beriledi. Bul boyınsha pa’nnin’ o’z metodikası bolıp onın’ atı sotsial psixologiyalıq trening (SPT) dep ataladı. SPT qarım- qatnas protsessine adamlardı psixologiyalıq jaqtan tayarlaw, olarda za’ru’r kommunikativ sheberliklerdi arnawlı da’stu’rler boyınsha qısqa waqıttın’ ishinde qa’liplestiriw bolıp esaplanadı. en’ tiykarg`ısı SPT barısında adamlardın’’ qarım- qatnası boyınsha sheberlikleri, bilimleri artadı.

A’meliy shınıg’ıw treningi SPTnın’ bir ko’rinisi bolıp, ol yaki bul professional xızmetti a’melge asırıw protsessinde za’ru’r bolatug’ın kommunikativ sheberlik, ko’nlikpe ha’m bilimlerdi payda etiwge qaratılg`an ilajlar esaplanadı.

**1-shınıg`ıw “Toparlar arasınan o’tiw oyını”.**

Topar ag`zaları xana ortasında tıg`ız bolıp turadı. Baslawshı to’mendegi qollanbanı beredi: «Men ha’zir esik ta’repten sizler ta’repke qaray ko’zimdi jumg`an halda ju’remen.

Sizler eki ta’repke jıljıp mag`an jol beriwin’iz kerek. Men tolqın ta’rizli ha’reket qılsam da hesh kimge tiyip ketpey arqayın o’tiwim kerek».

Baslawshı o’tiw jolın ko’rsetip bolg`annan keyin topardın’ ag`zaları da sonday shınıg’ıwlardı orınlap ko’riwi mu’mkin.

**2-shınıg`ıw “Xabardı so’zsiz jetkeriw”oyını.**

Baslawshı to’mendegilerdi tu’sindiredi: “Ha’zir bir Adam xanadan shıg`adı, qalg`anlar bolsa og`an qanday xabar jiberetug’ınlıg`ı haqqında kelisip aladı. Onı xanag`a shaqırg`annan keyin topar ag`zaları ima- ishara, mimika menen sha’rtli

xabardı jetkeriwdi baslaydı. Onın’ wazıypası xabardı durıs an’lap alıw. Oyın usı ta’rizde dawam etedi.

### 3-shınıg’ıw «Aqılıy hu’jim» oyını.

Oyınnın’ maqseti topardın’ ha’r bir ag`zasın aldın’g`ı qatardag`ı juwmaqlar shıg`arıwg`a ha’m aqılıy do’retıwshılik izleniw protsessinde aktiv qatnasıwg`a tartıw.

Oyınnın’ mazmunı: topar ag`zaları do’ngelek formada yaki shen’ber formasında turadı. Baslawshı oyındı ten’ huqıqlı qatnasıwshısı bolg`an jag`dayda shen’berge turadı ha’m oyın ushın a’piwayı bir bo’lek, ma’selen, shırpının’ qutısı, taraq, tiyin sıyaqlı predmetlerdi usınadı. Oyın qatnasıwshıları shen’ber bolıp o’zinen shep ta’repte turg`an qatnasıwshıg`a buyımdı berip, bul na’rseni qollanıwdın’ standart emes formasın dawısın shıg`arıp aytıwı kerek. Mısalı, taraqtı berip atırıp xaskashtın’ tiykarı sıpatında isletiwin usınadı. Oyın qatnasıwshıları aldın’g`ı juwaplardı qaytarmawı kerek. Oyın imkaniyat barınsha dawam etedi.

Predmet shen’ber bolıp bir neshe ma’rte tap baslawshı basqa predmetke almastırmag`ansha yamasa onı isletiwdi analiz qılıw ushın toqtatpag`ansha dawam etiwi mu’mkin.

### 4-shınıg’ıw. «Teksheden sekiriw» .

Sekiriwishiden tısqarı jup bolıp «soqpaq» payda etiledi. «Soqpaq» ortasında qollar arqalı birlestirilgen na’tiyjede kvadrat payda bolg`an «soqpaq» tekshesi arqalı ba’lent stol aldında turadı. «Soqpaq ortasına en’ ku’shli juplıqtı qoyıw kerek. Tekshede aynag`a qarap «soqpaqqa» arqasın qaratıp sekirıwshıdey bolıp turadı. Ol «soqpaq arqası» menen urılıwı kerek. Topar onı qolları menen tutıp aladı. Topardın’ barlıq ag`zaları teksheden birme- bir tu’siwleri mu’mkin. Bul oyın toparlar birligin ha’m isenim da’rejesi haqqında qosımsha material beredi.

### 5-shınıg’ıw “Bil” oyını.

Tabıwshı qatnasıwshıdan tısqarı topardın’ barlıq ag`zaları shen’ber bolıp stul yamasa kresloda otıradı. Tabıwshı ko’zi baylang`an halda shen’ber ishine kiredi. Ol otırg`anlardı qolı menen uslap ko’riwi mu’mkin emes. Stulda otırg`an adam

«Bil» deydi. Ilajı barınsha o’zinin’ dawısınan basqasharaq dawısta bolıwı kerek. Olar tabıwshı adam, onı tapsa onday jag`dayda tabıwshı onın’ ornına otıradı.

### 6-shınıg’ıw “Ja’ma’a’t ertegi”.

Bul shınıg’ıwdın’ eki variantı bar.

1 variant. Birinshi so’ylewshi bir so’zdi aytadı, ekinshisi usı so’zdi qaytarıp, sol so’zdin’ mazmunına say keletug’ın o’zinin’ so’zin qosadı ha’m usı ta’rizde dawam etedi. Bunda baylanısqan ertek ju’zege keliwi kerek.

2-variant. Birinshi adam ga’p aytadı. ekinshi adam ertektin’ ekinshi ga’pin aytadı. Birinshi aytqan adamnın’ ga’bin qaytarmaydı yag`nıy, ertektegi ga’pler gezekpe- gezek aytıladı. Bul oyında qatnasıwshılardı kelispewshilikleri ha’m ko’nlikpeleri haqqında qosımsha mag`lıwmat alıw mu’mkin.

### 7-shınıg`ıw “Adasıw”.

Baslawshı tan’lanadı. Ol xanadan shıg`ıp ketedi, qalg`an oyınshılar bir-birewinin’ qollarınan uslap aylana payda etedi. Qolların qoyıp jibermey olar shırmalısıp qaladı. Shırmalısıw payda bolg`anda baslawshı xanag`a kiredi ha’m olardın’’ qolları qoyıp jiberilmegen halda bul shırmalısıwdı bosatadı.

### 8-shınıg’ıw. “Sa’wbet ”.

Topar u’shke bo’linedi. Ha’r bir toparda oyınshı wazıypası to’mendegishe boladı:

Birinshi oyınshı geren’ ha’m saqaw ro`lin oynaydı. Ol hesh na’rseni esitpeydi ha’m so’yley almaydı, biraq ol ko’re aladı. ekinshi oyınshı saqaw ha’m mayıp ro`lin oynaydı. Ol so’yley aladı ha’m ko’re aladı. U’shinshi oyınshı soqır ha’m saqaw rolin oynaydı. Ol tek g`ana esitiw ha’m ko’rsete alıw uqıplılıg`ına iye. Ha’r u’sh toparg`a tapsırma beriledi. No’kistegi ushırasıw haqqındag`ı kelisiw, tuwılg`an ku’ndi belgilewge sawg`a alıw yamasa diywaldı qanday ren’ge boyaw kerek ekenligi haqqında kelisiw kerek boladı. Ro`ldi orınlawg`a jan’alıq kiritiw ushın ko’z baylaw ushın baylag`ısh, tayaq invalidligi haqqında nıshan ha’m sol

sıyaqlılardan paydalanıw mu'mkin. Oyın dawamında ku'lkili jag`daylar ju'zege keliwi mu'mkin. Oyın qatnasıwshılarına bir- birin tu'siniwge ja'rdem beredi.

### 9-shınıg'ıw "Kesilisiw" .

Kesilisiw oyınında to'rt adam qatnasadı. Eki oyınshı bir-birine tuwrı qarap otıradı. Olardın'' dizeleri bir-birine tiyip turıwı kerek. Olardın'' on' qolının' ko'rsetkish barmag`ı kosmikalıq stantsiyalar– olar bir- birine tutasıwı kerek. Qalg`an eki oyınshı olardın'' arqasına turadı ha'm signal berilgennen son' ha'r birin turg`an oyınshı so'zler ja'rdeminde yamasa on' qolın ha'reketke keltiriw ja'rdeminde aldında turg`an sheriginin' ko'rsetkish barmag`ına tiygizedi yamasa oyınnın' basqa bir variantı da bar. Oyınshılar birewinin' aldında otırg`an oyın qatnasıwshısının' qolın, yag`nıy aldında otırg`an sheriginin' qolınan, yag`nıy raketadan alıp qashıwdan ibarat.

### "Qa'leymen - isley alaman-kerek" shınıg'ıwı.

Shınıg'ıwdın' maqseti: oqıwshılarda o'zine salıstırg`anda isenim ha'm xızmetinin' qa'lew ha'm ma'jbu'riyliktin' individual jag`daylarının'' o'siwi, o'zin tu'siniw ha'm pedagogikalıq xızmette o'zine ta'n ta'replerin qa'liplestiriwden ibararat.

Oqıwshılar toparına yarım aylana ta'rizinde otırıw kerek ekenligi aytıladı. Eki stul bos qoyıladı. O'z qa'lewi boyınsha eki oqıwshı ortag`a shıg`adı ha'm toparlarg`a qarap otıradı.

Bir oqıwshı tın'lawshı- basqası baslawshı boladı. Aqırg`ısı ushırma ga'p aytadı. Birinshi bo'limi bir qıylı, ekinshisi ha'r qıylı boladı. Ma'selen ol aytadı «Men o'zime iseniwim kerek, men o'zime isene alaman, men o'zime iseniwdi qa'leymen».

Keyingileri neni oylasa sonı aytadı, yag`nıy qıyalına ne kelse sonı aytadı. Aytılg`an ushırma ga'pten kimnin' ga'pi ko'birek ta'sirshen' shıqqanlıg`ı talıqlanadı. Birinshi bul sorawlar ekinshi qatnasıwshıg`a beriledi. Tın'lawshılar ta'repinen son' barlıq toparg`a beriledi.

So’ylewshinin’ intonatsiyası ju’zindegi o’zgerisleri ha’m basqalar itibarg`a alınadı. Nızamg`a qaray faktorlar auditoriyasında «men ma’jbu’rmen, men islewim kerek» printsipi jasaydı. «Men qa’leymen» shaxsıy qa’lewine ya waqıt, ya ku’sh tabıladı.

Psixolog ha’r qanday insan qanday da bir waqıtta «o’zin’ ushın jasa, o’mir tek sen ushın g`ana dep tu’sindiriwge ha’reket etiwi optimizmdi saqlaw ha’m ruwxıy jaqtan deni saw ekenligin toparg`a ko’rsetiwge ha’reket etiwi kerek».

Psixolog oqıwshının’’ mekteptegi qulqı, onın’ basqa oqıwshılar menen mu’na’sibetine pedagogikalıq xızmetinin’ tiykarı emes, onın’ individual o’zgeshelikleri de a’hmiyetli ekenligin ko’rsetip o’tiwi kerek.

## “Emotsiya” shınıg’ıwı

**Shınıg’ıwdın’ maqseti**: oqıwshılarda shaqqanlıq ha’m oqıwshılar obrazlı qarım-qatnas, emotsınal jıllılıq, ha’m unamlı ortalıqtı qa’liplestiriw.

Topar yarım aylana ta’rizde otıradı ha’m psixolog ha’r bir qatnasıwshıg`a psixologiyalıq jumbaq, ju’zdin’ jag`dayı, ha’reket ja’rdeminde qaysı bir emotsional jag`dayın oynawdı tapsıradı. Topar bul jag`daydı tabıwı kerek boladı.

Psixolog ha’r bir qatnasıwshının’’ jumbag`ın tabıwın, ju’z, qol, dawıs ha’m basqalardı quraydı. Qatnasıwshılarda direktor lawazımı yamasa oqıtıwshılar jag`dayı barlıg`ın anıqlap beredi.

Topardın’ emotsional sezimlerin u’yreniw metodları.

1-shınıg’ıw. Alıp barıwshı 1-shınıg’ıwda bayan etilgen tiykarg`ı pikirdi yag`nıy passiv yamasa agressiv jag`daylardı monolog sıpatında jaratadı. Keyin ala o’zin ziyrek tutıw ha’m onı rawajlandırıwg`a ta’n shınıg’ıw arqalı passiv ha’m agressiv juwaplardı anıqlay baslaydı.

Ha’r bir topar ag`zasına to’mendegi keltirilgen wazıypada «passiv» ha’m «agressiv», «ziyrek» sıyaqlılardı ashıq ko’rsetip beriw tapsırıladı.

Alıp barıwshı to’mendegi jag`daylar kompleksin usınadı:

-Oqıtıwshının’’ aytıwınsha sizin’ shash tu’rmegin’iz oqıwshılar talabına say kelmepti, siz oqıtıwshıg`a to’mendegilerdi bayan etesiz

-Dostın’ız sizdi sa’wbetke tartpaqshı, biraq siz sa’wbetten qashpaqshısız, sizin’ pikirin’iz;

-Jan dostın’ız (partalas) sizge qızıqlı sabaq waqtında kesent berip, sizdi orınsız sorawlar menen shalg`ıtıp atır, siz og`an ne degen bolar edin’iz;

-Kinoteatrda arqa qatardag`ı adamlar sizge ba’lent dawıslı sa’wbetler menen kesent bermekte, onday jag`dayda olarg`a siz ne degen bolar edin’iz;

-Dostın’ız ortada siz haqın’ızda aytıp, sizdi orınsız jag`dayg`a salmaqta, onday jag`dayda ne islegen bolar edin’iz.

Alıp barıwshı keltirilgen mag`lıwmattag`ı sorawların tu’sindirip beredi.

Shınıg’ıw**.** Topar ag`zalarının’ qızıg’ıwshılıqların anıqlap alıwg`a baylanıslı shınıg`ıw. Ha’mme shen’ber formasında otıradı. Alıp barıwshı ha’mmege bir bet qag`azdan, iyne qadag`ısh, skrepka uslatadı. Ha’r bir qatnasıwshı qag`azdın’ u’stki betine o’zinin’ atların jazıp shıg`adı, son’ vertikal formada qag`azdı ekige bo’ledi. Shep ta’repine 2+2. On’ ta’repine 2-2 belgisin qoyadı.

Birinshi bo’limde, yag`nıy 2+2 nin’ astına o’zinin’ jaqsı ko’rgen na’rselerin jazıp barıwların soraydı, yag`nıy jaqsı ko’retug`ın awqatı, jaqsı ko’retug’ın multfilm qaharmanı, jaqsı ko’retug’ın haywanı. Qatardın’ aqırında basqa insanlardag`ı unamlı yamasa unatqan ta’replerin jazıp barıwı soraladı. On’ ta’repinde sog`an uqsas biraq qarama-qarsıların 2-2 ta’n unamsızların bayan etiwi kerek ekenligi soraladı.

Ha’mme jazıp bolg`annan keyin alıp barıwshı qatnasıwshılardan qag`azdı ko’kiregine ko’yleginin’ jag`asına bekkemlep ildirip qoyıwın aytadı. Sonnan keyin olar bo’lmenin’ ishinde biyma’lel qalıp, ha’r bir qatnasıwshının’’ qag`azındag`ı mag`lıwmatlar menen tanısıp shıg’ıwların soraydı. Shınıg’ıw tamam bolg`annan son’ alıp barıwshı qatnasıwshılarg`a qolaylıq jaratıw ushın o’zlerine qızıq bolıp tu’yilgen qatnasıwshı menen sa’wbetlesiwge eki-u’sh minut ajıratadı.

3-shınıg`ıw. Emotsional tosıqlardı joq etiwge baylanıslı shınıg`ıwlar.

A) Alıp barıwshı bo’lmege tuwrı sızıq sızadı, qatnasıwshılar sızıqqa shekem jup halında ju’redi, keyin bolsa juplasqan halında usı ko’pirden ajıralıwları soraladı.

B) «Qandayda bir na’rseni shen’ber formasında qoldan-qolg`a beriw. Topardın’ bir ag`zası qıyalıy bir na’rseni ha’reketke keltiriwi kerek, onnan son’ bunı basqalar dawam ettiredi ha’m usı ta`rizde qıyalıy bir na’rse shen’ber boylap aylanıp keledi».

V) «Ayna» Topar ag`zaları juplıqlarg`a ajıralıp aladı ha’m gezekpe-gezek sheriklerinin’’ ha’reketlerin ta’kirarlaydı. Shınıg’ıwlar aqırında barlıq qatnasıwshı o’z ornına jaylasadı ha’m alıp barıwshı olarg`a oyınlardı ha’m bolıp o’tken shınıg’ıwlardı analiz qılıp beredi.

## Kishi mektep jasındag’ı balalar menen alıp barilatug’ın psixologiyalıq trening oyınları

Ha’r bir insan balasinin’ shaxs bolıp jetilisiwi kishkene jastan – aq qa’liplesip baradi. Balalardın’ kelesheginen u’mitlenetug’in ja’miyet bul iske nemquraydi bolmay, al og`an belsendilik penen qatnasadi. Ja`miyetimizdin` keleshegi bolg`an jas a’wladtin’ jeke insanlıq o`zgesheliklerin qa’liplestiriwge mektepke shekemgi ta`rbiya orınlarında, mekteplerde, basqa da oqiw orınlarında ta`rbiya ma’selesine psixologiyalıq ko`z – qarastan qatnas jasaw ju`da’ u`lken ahmiyetke iye.

A`sirese, klasstag’ı oqıwshılar arasindag’i o`z ara qatnasıqlar oqıwshı minez qulqının’ qa`liplesiwine, sonday – aq klastag’i uliwma ruwxiy jag`dayg`a (sotsial ortalıqqa) tikkeley ta`sir ko`rsetedi. Sonlıqtan oqitıwshı aldında en da`slep to`mendegi wazıypalar turadı.

- klassta oqıwshılardın’ o`z ara qatnasların jaqsılaw;
- oqıwshılar ja’ma’a’tin birlestiriw;
- oqıwshılardın’ o’z uqıp qa`biletine, mu`mkinshiliklerine isenimin bekkemlep barıw;
- oqıwshılar minezindegi turpayilıq penen agressivliktin` (ton’ – moyınlıq) tamirina, baslamasına tezden tiyim salıp barıw;

Bunday wazıypalardı a`mlege asırıw ushın mazmunına psixologiyalıq oyınlar ha`m shinig’ıwlar kirgizilgenarnawli treningler menen oqıwshılarg`a ta`sir ko`rsetiw mu`mkin.

Trening so`zi ingilisshe “traning” so`zinen alıng`an bolıp, “oqitiw, u`yretiw shiniqtiriw” degen ma`nisti an`latadı. Sotsial – psixologiyalıq treningtin` teoriyası ha`m praktikasinin` negizi amerikali psixolog K.Rodjers (1902) ta`repinen islenip shıg’ılip, qollanilip, tekserilip ko`rilgen. Treningtin` negizgi usılları – rolli oyınlar, toparlarg`a bo`linip ba`seki – jarislar o`tkeriw, belgili is – jumislarg`a baylanıslı ha`reketlerden turadı. Bul usıldag’ı negizgi ideya – pikir adamnin` jeke basının` rawajlanıp barıwında toparlar ishinde bir – biri menen qatnas ornatip toparlıq, ja`miyetlik baylanıs, qarım – qatnas negizinde bir – birine isenim, birdey ko`z qarasta, awizbirshilikke bag’ınıw arqali o`zinin` kim, qanday ekenin an`law ha`m basqalardı da bilip tu`siniw, bir – birin jeterli da`rejede seziniwge erisiledi.

Psixologiyalıq treninglerde pedagoglar, psixologlar balalardı u`yreniw, u`yretiw, oqitiw ushın ayrim ta`rbiyalıq ta`sirlerde shinig’ıwlardı sınaqtan o`tkerip, na`tiyjelerin anıqlaw ushın ko`birek paydalanadı.

Biz to`mende geypara psixologiyalıq treninglerdi o`tkeriw ushın onın’ qag’ıydaların ha`m ayırım tu`rlerin usinbaqshimiz.

Psixologiyalıq trening o`tkeriwdin` uliwma qag’ıydaları:

1. Qatnasıwshılardın’ barlıg’ı aylanıp otiriwi sha`rt.
2. Qatnasıwshılardın’ sani 10 – 15 ten artpawi kerek.
3. Oqitıwshı – psixolog o`zi de barlıq tapsirmalardı oqıwshılar menen birge islewi, atqarıwi sha`rt.
4. Qatnasıwshılardın’ ha`r biri, a`lbette, barlıq shinig’ıw – sabaqlarda qatnasıwi lazim.
5. Treningti basqarıwshı shinig’ıw sabaqlardı sheberlik penen basqariwi kerek. Adam kewline tiyetug’ın uyalatug’ın jag`daylardı boldirmawg`a tirisiw, ha`r bir oqıwshının` oy pikirin maqullap, quwatlap turiwi maqul.
6. Basqarıwshı qoyilg`an problemalıq ma`selelerdi, islerdi, sorawlardı balalardın’ o`zleri tabiwina, sheshiwine, juwap beriwine qolayli jag`day tuwdira biliwi kerek.

7. Shinig’ıw – sabag’ı dawamında oqıwshılarg`a o`zleri alg`an ta`sirlerin, bastan keshirgen tolg`anisların jazip barıwı ushın ku`ndelik – da`pter tutiwg`a ruxsat etiledi.

8. Ha`r bir qatnasıwshı, a`lbette, shinig’ıw dawamında o`zinin` alg`an ta`repleri haqqında aytip bergeni maqul.

9. Ha`mme bir – birin diqqat – itibar menen tin`lawı, haq kewilden, shin so`ylewi sha`rt.

10. Basqarıwshı ha`r bir shinig’ıw sabaqtin` son`inda juwmaq shig`ariwi, oqıwshılardın’ shinig’ıw, - sabaqlardan qanday jan`alıqlar bilgenligin, olardag’ı payda bolg`an o`zgerislerdi soraydi ha`m u`yge tapsirma beredi.

Usi qag’ıydalar tiykarında bir neshe shinig’ıw – usıllardı keltirip o`temiz.

**1 – shinig’ıw.**

Tema: “Doslıq degen ne?”

1. Bu`gin sizzler menen doslıq haqqında so`ylesemiz, shinig’ıw sabag’ımizda berilgen sorawlarg`a anıq ha`m ashiq – aydin juwap beriwin`izdi sorayman. Bergen juwapların`iz ushın sizlerge hesh kim baha qoymaydi, sonlıqtan qa`legenin`izshe juwap beriwin`iz mu`mkin. Menin` oyimsha ha`mmen`iz de jaqsı balalarsiz, biraq geyde araların`izda hesh kim menen jaqınnan doslaspay ju`retug’ın oqıwshılar da ushirap turadı. Sonlıqtan, bu`gin sizler menen doslıq haqqında gu`rrin`lesemiz ha`m haqıyqıy doslıq qanday boliwi kerek? Degen sorawg`a juwap tabiwg`a ha`reket etemiz.

Ha`r birimiz qanday jaqsı ha`m qanday jaman isler eslegenimiz haqqında aytip beremiz. Ha`mme oqıwshılar na`wbet penen aytip beredi. Son`inda ha`r bir oqıwshının` juwabi talqilanıp, juwmaqlastiriladi.

Shinig’ıw – sabaq son`inda doslıq haqqındag’ı tu`sinikler uliwmalastirilip kelisimge kelinedi.

## 2 – shinig’iw.

Tema: “men kimmen?”

10 minut dawamında oqıwshılar “Men kimmen” degen soraw – juwap tu`rinde o`zinin` kimligin qandaylig’ın ko`rsetetug’ın ta`repin da`pterge jazadi. Ma`selen olar: “Men ata – anamdi jaqsı ko`remen” t.b jazadi.

Ha`r bir oqıwshı na`wbetpe – na`wbet o`z jazg`anların oqip beredi, basqalar oni diqqat penen esitip otiriwları ha`m so`ylep otirg`an (oqip berip atırg`an) balanın` so`zin bo`lmewi sha`rt. Keyin oyın qatnasıwshıları oqıwshılardın’ jazg`anların talqilap, olar haqqında pikirler aytadı.

Shinig’iw – sabaq aqırında basqarıwshı to`mendegishe juwmaq jasaydi: Ha`zir aytatug’ın so`zlerimdi menin` menen birge ta`kirarlap aytasizlar:

“Men aqılli, biyma`lel, ku`shli boliwdi qa`leymen”, “Men jaqsı oqiyman”, “Men ha`mmege jaqsı qatnasta bolaman”, “Men o`z doslarımdi, oqitıwshılarımdi, ata analarımdi hu`rmet etemen”, “Men ha`r ku`ni jaqsı isler isleymen”, “Bu`ginnen baslap ku`n ta`rtibine boysınaman”, “Men sabaqlarımdi o`z waqtinda tayarlayman, ata – anama, u`lkenlerge ja`rdem beremen, kishkene u`kelerime g`amxorlıq etemen”.

## 3 – shinig’ıw.

Tema: “Qanday etip aqılli boliw mu`mkin?”

Kiris so`z: Ja`qsi oqiw, aqılli, bilimli, epshil, o`zine isenimli boliw ha`mmenin` arziw – a`rmani. Aqıl bolmasa quri ku`shten payda joq. Al, aqıl ha`m oydi shiniqtiriw na`tiyjesinde oni rawajlandırıw mu`mkin.

Ha`zir siz ko`rip turg`an, turmısin`izda burin bastan keshirgenlerin`iz haqqında oylap ko`rip, olardan juwmaq shig`arin`. A`tirapin`izda yamasa ata anan`iz benen bolg`an waqiyalardı eske tu`sirip, tin`lap, oylap ko`rin`. En’ negizlerin yadqa tu`sirin`. Qatar qurbiların`iz ha`m ata – analarin`iz benen birge ko`rgen filmlerin`izdi, oqig`an kitapların`izdi talqilap ko`rin`.

1. Siz ne sebepten sa`tsizlikke ushirag`anin`iz ha`m qay jerde qanday qa`te islegenin`iz tuwralı oylap ko`rin`. O`z qa`teliklerin`izdi qaytalamaslıqqa ha`reket

islen`. Shaxmat oyınindag'ı ha`r bir figuranin` ju`riliwi a`welden ko`rsetilgenindey, islep atırg`an isin`izdin na`tiyjesin aldın ala bilin`.

2. O`zin`iz jaqsı ko`rgen haywanatlar, quslar haqqında aytip berin`, qısqa ha`m qiziqli etip so`ylen`, o`z pikirlerin`izdi tuwrıdan tuwrı tu`sindiriwge ha`reket etin`.

3. O`z klasslasların`iz haqqında aytip berin`.

Klasslasların`izdag'ı qaysı o`zgeshelikler sizge jag`adi, qaysıları jaqpaydi? Klassta o`zin`iz qanday orın iyeleytug'ının`, olar arasinda ta`sirindi bahalap, olardı ja`ne de jaqsılaw ushın ne islew kerekligin oylanıp ko`r.

4. Qısqasha bir gu`rrin` du`zip, ko`p oylanıp otirmastan-aq oni so`ylep berin'. Gu`rrin`in`iz jaqsı shiqpasa da meyli, en' a`hmiyetlisi, biypa`rwalıq etpesten gu`rrin` du`ze alg`anin`iz esapqa alınadi. Soni da umitpan' ha'r bir adam belgili bir do`retıwshılik penen shug`ullanıwı, oylawı, qiziqli gu`rrin`ler tawip aytiwg`a u`yreniwi mu'mkin ha`m lazim.

5. Dem alislarda qanday dem alg`anin`iz haqqında aytip berin`.

6. "Su`wret" oyıni. Oqıwshı su`wretshi ro`lin atqaradi. Ol o`zi sizatug'ın (salatug'ın) na`rseni diqqat penen baqlaydı, sizg`anların o`shiredi ja`ne bul na`rseni so`z benen su`wretlep beredi. Bul onın' bayqag'ıshlig'ın sergekligin rawajlandıradı.

7. Endi menin` aytqanlarımdi birge ta`krarlap aytip otirin': "Aqıl ku`sh jalg`an na`rseni, jalqawlıqti ba`rha` jen`edi", "Men o`z ku`shime, aqılima isenemen", "Men jaqsı oqiyman, aqılli ha`m ku`shli bolaman", "O`z armanlarıma erisiw ushın ha`reket etemen", "Meni hu`rmet etiwi ushın umtılaman", "Klasslaslarıma hu`rmet penen qarayman", "O`mir gozzal, men oni jaqsı ko`remen", "O`z ku`shime isenemen", "Men tek g`ana jaqsı na`rselerdi a`melge asiraman" (bular bir neshe ma`rte ta`kirarlanadı).

## 4 – shinig'ıw.

Tema: "Altin so`zler" – maqtaw oyıni

Barlıq oqıwshılar do`gereklep otiradi. Basqarıwshı: Ha`zir bir – birimizge jag’ımli so`zler aytamiz. A`weli o`z joldasin`nin` atin aytip, keyin og`qan jag’ımli suliw so`zlerin`izdi aytasiz. Ma`selen, “Nargiza, sen suliw, ko`rkem qizsan`, jaqsı qatnas jasaysan`, ha`mmege ja`rdem beresen’”.

Do`gereklep otirg`anlardın barlıg’ı da na`wbeti menen bir – birine maqtaw so`zler aytadı. Ha`mme aytip bolg`annan son` basqarıwshı: “Endi ha`r qaysısin`iz sizge aytılg`an maqtaw so`zlerden son` qanday sezimlerge berildin`iz ha`m birewlerdi maqtap atırg`anda qanday ahwalg`a tu`stin`iz, halatlardı – sezimlerdi keshirdin`iz”, dep soraydi. Shinig’ıw – sabaq son`inda oqitıwshı adamlarg`a jag’ımli, suliw so`zler, maqtawlar barqulla jag’ımli ekenligin, olar adamnin` kewlin ko`teretug’ının tastiyiqlap ko`rsetedi.

Bul oyın balalardın’ kewil – keypiyatların ko`teriwine, klasstag’ı ta`rtipsizlik, ja`njelkeshliktin` ko`beyip barıwının` aldın aliwg`a ja`rdem beredi. Hesh kimge qosilmaytug’ın balalar da bul oyınnan son` jaqsı ta`repke qaray o`zgerip, basqalar menen baylanısip pikirles boliwg`a tirisadi.

**5 – shinig’ıw.**

Tema: “Shemodan” shinig’ıw.

Ha`mme do`gereklep otiradi.

Qollanba: Ha`zir biz joldasimizdi shemodan menen shig`arip salamiz. Shemodan ishine joldasimiz ushın en` jaqsı tileklerimizdi salamiz. Demek, ha`mmemiz joldasimizg`a gezekpe – gezek tilek tileymiz. Ma`selen, Ilhamg`a shemodan tayaraymiz. Oqitıwshılar, ata – analar, jası u`lkenlerdi hu`rmet etiw, ta`rtipli boliw, jaqsı oqiw ha`m t.b. ma`selelerde jaqsı tileklerdi tileymiz. Shemodang`a tileklerdi jiynaw waqtinda og`an qaysı tileklerdi jaylastiriw oylasiladi.

Bul oyın oqıwshılarda oy ju`rgiziw qa`biletin o`siredi, kewil – keypiyetin ko`teredi ha`m adamg`a unamli qa`siyetlerdin` qanday boliwi kerekligi haqqında pikir ju`rgiziwge, oni durıs talqilawg`a ma`jburleydi. O`tkerilgen shinig’ıw – sabaqlar aqırında basqarıwshı barlıq oyınlardı eske alıp, olardın’ qanday ta`sirler

qaldirg`anin soraydi. Oqıwshılarg`a shinig'ıw – sabaqları o`tkergenge shekem qanday pikirde edin`, endi qanday pikirdesen'? degen sorawlar beriledi. Berilgen juwaplar talqilanıp, bir juwmaqqa kelinedi.

Bunday shinig'ıwlar baslawısh klass ha`m o`spirimlik jastag'ı oqıwshılarg`a arnalg`an bolıp, shinig'ıwlarda, a`lbette, joqarıdag'ı oyın ha`reketleri o`zgertilmesten ta`kirarlanıwı sha`rt emes. Olardı sharayatqa qarap sa`ykeslestiriw salistiriw, tolıqtiriw, o`zgertiwde mu`mkin.

Shinig'ıwlar barisinda siz oqıwshılarda jaqsılıq, miriwbetlik, hadallıq, a`dillik, jaqsı qarım – qatnas usag`an sıpatlardı rawajlandırıwg`a, olardın' o`z is – ha`reketlerin, qilıqların talqilawg`a u`yretesiz. Bular arqali balalardın' dosları tu`siniwge, o`z uqıp – qa`biletlerine isenim tuwdiriwg`a ha`m jaqsı oqiwg`a umtılıwina erise alasiz degen u`mittemiz.

## 2.4. BAQLAW TA’JIRIYBELERI

Baqlaw ta’jiriybelerinde diagnostikalıq metodikalar bolg`an «Sotsial psixologiyalıq maslasqanlıq xarakteristikaların u’yreniw» metodikası, «Balalardın’ mektep ta`limine tayarlıg`ı ha`m bilıw protsessleri rawajlanıw da`rejesin anıqlaw» metodikasınan, «Balanın’ mektep ta`limine mu’na`sebeti», «Balalardın’ qorshag`an ortalıqqa bag`darlanıwshılıg`ı» metodikaların kishi mektep jasındag`ı oqıwshılardın’ shaxs bolıp qa’liplesiwinde ta’siri bar yaki joq ekenligin maqsetinde izertlew bazası bolg`an No’kis qalalıq xalıq bilimlendiriw mekemeleri xızmetin metodikalıq ta’miyinlew ha’m sho’lkemlestiriw bo’limine qaraslı №38-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebinin’ baslawısh klasslarında takrarıy ta’jiriybe o’tkerdik.

2.4.1-tablitsa. Sınalıwshılardın’ Sotsial psixologiyalıq maslasqanlıq xarakteristikaların u’yreniw metodikası boyınsha baqlaw ta’jiriybelerinde alg`an na’tiyjeleri.

| Na’tiyjeler | Ta’jiriybe-sınaw Toparı | $\sigma$ | Baqlaw toparı | $\sigma$ |
|---|---|---|---|---|
| Anıqlawshı ta’jiriybe | 25,7 | 15,9 | 45,6 | 13,5 |
| Baqlaw ta’jiriybe | 29,9 | 19,5 | 47,9 | 17,9 |

2.4.1- tablitsanı o’zara salıstırıp, ta’jiriybe toparındag`ı oqıwshılarda ortasha arifmetikalıq da’reje, baqlaw toparındag`ı oqıwshılarg`a salıstırg`anda sezilerli da’rejede artqanlıg`ın ko’remiz. Ta’jiriybe toparındag`ı oqıwshılarda ortasha arifmetikalıq da’reje 25,7 den 29,9 g`a artqanlıg`ı ko’rinip tur. Demek, biz o’tkergen shınıg`ıwlar kishi mektep jasındag`ı oqıwshılarının’ shaxs bolıp qa’liplesiwine unamlı ta’sir tiygizgenligi anıqlandı. Bul boyınsha ja’nede anıg`ıraq ko’z- qarasqa iye bolıw ushın to’mendegi gistogrammanı itibarın’ızg`a usınamız.

Sınalıwshılardın' Sotsial psixologiyalıq maslasqanlıq xarakteristikaların u'yreniw metodikası boyınsha alg`an na'tiyjelerinin' salıstırmalı gistogramması.




2.4.1- gistogramma

Anıqlıq 1:

1, 2 – Ta'jiriybe toparının' na'tiyjeleri.

3, 4 – baqlaw toparının' na'tiyjeleri.

Rawajlandırıwshı ta'jiriybelerden son' «Balalardın' mektep ta`limine tayarlıg`ı ha`m bilıw protsessleri rawajlanıw da`rejesin anıqlaw» metodikasın o'tkerdik.

2.4.2-tablitsa. Sınalıwshılardın' «Balalardın' mektep ta`limine tayarlıg`ı ha`m bilıw protsessleri rawajlanıw da`rejesin anıqlaw» metodikası boyınsha baqlaw ta'jiriybelerinde alg`an na'tiyjeleri.

| Na'tiyjeler | Ta'jiriybe-sınaw toparı | $\sigma$ | Baqlaw toparı | $\sigma$ |
|---|---|---|---|---|
| Anıqlawshı ta'jiriybe | 19,7 | 5,08 | 39,7 | 8,5 |
| Baqlaw ta'jiriybe | 24,4 | 6,9 | 41,4 | 5,6 |

Tablitsadan kishi mektep jasının' shaxs bolıp qa'liplesiwinde unamlı o'zgeris bolg`anlıg`ı ko'rinip tur. Yag`nıy, ortasha arifmetikalıq da'reje 19,7 den

baqlaw ta’jiriybelerinde 24,4 ke artqan. Alıng`an na’tiyjeler haqqında anıg`ıraq ko’z- qarasqa iye bolıwın’ız ushın to’mendegi gistogramanı itibarın’ızg`a usınamız.

Sınalıwshılardın’ «Balalardın’ mektep ta`limine tayarlıg`ı ha`m bilıw protsessleri rawajlanıw da`rejesin anıqlaw» metodikası boyınsha alg`an na’tiyjelerinin’ salıstırmalı gistogramması




2.4.2- gistogramma

Anıqlıq 2:

1, 2 – tajiriybe –sınaw toparının’ na’tiyjeleri.

3, 4 – baqlaw toparı oqıwshılarının’ na’tiyjeleri.

Demek biz o’tkizgen shınıg`ıwlar kishi mektep jası oqıwshılarının’ biliw protsessleri korrektsiyası boyınsha da’stu’r unamlı na’tiyje berdi.

Balanın’ mektep ta’limine tayarlıg`ın arttırıw mu’mkin ekenligin biliw maqsetinde «Balanın’ mektep ta`limine mu’na`sebeti» metodikasın ta’krarıy o’tkerdik.

2.4.3-tablitsa. Sınalıwshılardın’ «Balanın’ mektep ta`limine mu’na`sebeti»metodikası boyınsha alg`an na’tiyjeleri

| Na’tiyjeler | Ta’jiriybe-sınaw toparı | $\sigma$ | Baqlaw toparı | $\sigma$ |
|---|---|---|---|---|
| Anıqlawshı ta’jiriybe | 4,8 | 1,7 | 11,7 | 0,9 |
| Baqlaw ta’jiriybe | 6,5 | 1,9 | 12,7 | 1,4 |

Joqarıdag`ı tablitsadan ta'jiriybe toparında toparında ortasha arifmetikalıq da'reje 4,8 den 6,5 ke artqanlıg`ı ko'rinip tur. Bul o'zgerisler haqqında anıq ko'z-qarasqa iye bolıw ushın to'mendegi gistogrammanı itibarın'ızg`a usınamız.

Sınalıwshılardın' «Balanın' mektep ta`limine mu'na`sebeti»metodikası boyınsha alg`an na'tiyjelerinin' salıstırmalı gistogramması




2.4.3- gistogramma

Anıqlıq 3:

1, 2 – ta'jiriybe-sınaw-toparı oqıwshılarının' na'tiyjeleri.

3,4 – baqlaw toparı oqıwshılarının' na'tiyjeleri.

Demek biz o'tkergen rawajlandırıwshı shınıg`ıwlar kishi mektep jası shaxsının' shaxs bolıp qa'liplesiwine anag`urlım da'rejede unamlı ta'sirin tiygizgenligi alıng`an na'tiyjelerimizden ko'rinip tur.

## Bap boyinsha juwmaqlar

Izertlew gipotezasına qarag`anda, baslawısh klass oqıwshılarında sotsial ortalıqqa beyimlesıwi menen baylanıslı bolg`an sotsial psixologiyalıq faktorlardı rawajlandırıw arqalı kishi mektep jası shaxsın shaxs sıpatında qa`liplesiwine ja`rdem berıwi mu'mkin.

30- jıllarda A.S.Makarenko, A.Zalujnıy, L.S.Vıgotskiy, N.K.Krupskaya, M.Suxomlinskiy ha`m basqa qatar alımlar o`z teoriyalıq ko`z qarasların marksizm menen tikkeley baylanıstirip, jama`a`t ha`m shaxs teoriyasın jaratadı. Olar shaxstın' qa`liplesiwinde sotsial ortalıqtın`, ja`ma`a`ttin` ro`lin, ta`lim-ta`rbiyaning a`hmiyetin da`lillewge urinadi. 40- 60-jillarda sotsial- psixologiyanın' rawajlanıwına salistirg`anda tınıshlıq da`wiri boldi.

Biz kishi mektep jası shaxsın qa'liplestirıwshı sotsial faktorlardı u'yreniwde ata- analar menen birge oqıtıwshılardın' da juwapkershilikli ekenligin esapqa alıp oqıtıwshılardın' o'z oqıwshıları haqqındag`ı ko'z- qarasların u'yreniwdi lazım dep taptıq. Bunın' ushın ilimiy basshımız Z.Klıcheva menen birgelikte arnawlı anketa islep shıqtıq. Anketa sorawları boyınsha No'kis qalalıq xalıq bilimlendiriw mekemeleri xızmetin metodikalıq ta'miyinlew ha'm sho'lkemlestiriw bo'limine qaraslı №38- sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebinin' baslawısh klass oqıtıwshılarına mu'rajaat ettik. Izertlew jumısı 2011- 2013 oqıw jılında o'tkerildi. Izertlewde oqıwshılardın' psixologiyalıq o'zgesheliklerinin' oqıtıwshılar ta'repinen qanday da'rejede bahalang`anlıg`ın biliw maqsetinde "Klaster" metodikasınan paydalandıq.

Kishi mektep jası shaxsın qa'liplestirıwshı sotsial faktorlar esaplang`an, sotsial ortalıq, ta'lim- ta'rbiya, qarım- qatnas faktorların u'yreniw ushın No'kis qalalıq xalıq bilimlendiriw mekemeleri xızmetin metodikalıq ta'miyinlew ha'm sho'lkemlestiriw bo'limine qaraslı №38- sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebinin' baslawısh klass oqıwshılarında izertlewler alıp barıldı. Izertlewde 40 oqıwshı qatnastı. Izertlew 2011- 2013 jıllarda o'tkerildi. Kishi mektep jası oqıwshılarının' sotsial ortalıqqa qa'nshelli da'rejede beyimleskenligin anıqlaw

maqsetinde biz F.K. Rodjers, R.Daymondlar ta’repinen islep shıg’ılg`an «Sotsial psixologiyalıq maslasqanlıq xarakteristikaların u’yreniw» metodikasınan paydalandıq. Kishi mektep jasındag`ı balalardın’ mektep ta’limine tayarlıg`ın anıqlaw maqsetinde «Balalardın’ mektep ta`limine tayarlıg`ı ha`m bilıw protsessleri rawajlanıw da`rejesin anıqlaw» metodınan paydalandıq.

Kishi mektep jasındag`ı oqıwshılardın’ qorshag`an ortalıqqa beyimlesiwin anıqlaw maqsetinde bizler to’mendegi «Balalardın’ qorshag`an ortalıqtag`ı ulıwma jo`nelisi ha`m alg`an bilimler baylıg`ı» metodikasınan paydalandıq**.** Kishi mektep jasındag`ı oqıwshılardın’ mektep ta’limine mu’na’sebetin anıqlaw maqsetinde «Balanın’ mektep ta`limine mu’na`sebeti» metodikasınan paydalandıq.

Kishi mektep jasındag`ı balalarda qarım- qatnas ko’nlikpelerin rawajlandırıw ushın bir qansha shınıg`ıwlardan paydalandıq. Olardın’ ayrımları haqqında aytıp o’tetug’ın bolsaq:

1-shınıg`ıw “Toparlar arasınan o’tiw oyını”.

2-shınıg`ıw “Xabardı so’zsiz jetkeriw”oyını.

3-shınıg’ıw «Aqılıy hu’jim» oyını.

4-shınıg’ıw. «Teksheden sekiriw»

5-shınıg’ıw “Bil” oyını.

6-shınıg’ıw “Ja’ma’a’t ertegi”

7-shınıg`ıw “Adasıw”.

8-shınıg’ıw. “Sa’wbet ”.

9-shınıg’ıw “Kesilisiw”

10- shınıg’ıw “Qa’leymen - isley alaman-kerek”

Rawajlandırıwshı shınıg`ıwlardan keyin izertlew obiektimizde baqlaya ta’jiriybelerin o’tkerdik. Alıng`an na’tiyjelerdi tablitsalarda ha’m gistogrammalarda sa’wlelendirdik.

Biz usınıp otırg`an rawajlandırıwshı shınıg`ıwlar kishi mektep jası shaxsın qa’liplestiriwde ta’sirin tiygizetug`ınlıg`ı anıqlandı.

# J U W M A Q

Biz o`tkergen teoriyalıq ha`m a`meliy izertelewlerden to`mendegi juwmaqqa keldik:

Solay etip ta`lim- ta`rbiya protsessin u'yreniwde baslawısh klass oqıwshılarının' shaxs sıpatın qa`liplestiriwde tiykarg'ı faktor to'mendegishe ekenligin anıqladıq.

Kishi mektep jası shaxsın qa`liplestiriwdegi qarım – qatnas mashqalaların izertlewler teoriyalıq jaqtan u`yrenilip shıg'ıldı. Qarım– qatnas haqqında tu`sinik izertlew predmeti retinde ko`rip shıg'ıldı. Rossiyalı psixologlardın' L.S.Vıgotskiy (38,39), D.B.Elkonin (143), L.I.Bojovich (29), A.V.Petrovskiy (123), N.N.Abozov (93), B.F.Lomov (77), A.N.Leontev (73), B.G.Ananev (17), t.b. ha`r ta'repleme izertlewlerine qaramastan qarım– qatnas mashqalası tu'sinigi boyınsha bir toqtamg`a kelmedi. Qarım– qatnas protsessin ha`reket etip turg`an ha`zirgi ma`nili ta'repine ha`r qıylı qarama– qarsı tusinikler paydalanılmaqta. Bizin` ko`z qarasımızda qarım– qatnas kishi mektep jası ta`lim– ta`rbiya protsessinde barlıq waqıt bir birine baylanıslı sistema «oqıwshı– oqıwshı», «oqıwshı– mug'a'llim», «oqıwshı– ata-ana», o`z ara qarım– qatnasta belgili orındı iyeleydi. Qarım qatnas protsessi ha`r ta'repleme o'z ara baylanıstı ha`m o`z ara sha`rtlesiwdi alg`a su`redi.

Kishi mektep jası oqiwshilarinda o`z ara qarım– qatnas mashqalaları ha`r ta'repleme izertlendi. Rossiyalı L.S.Vıgotskiy (30), L.I.Bojovich (29), D.B.Elkonin (143), M.I.Lısına (75), A.V.Petrovskiy (123), I.V.Dubrovina (54), Ya.L.Kolominskiy (114), D.I.Feldshteyn (135), A.V.Mudrik (86) t.b, sonday-aq O`zbekstan psixologları M.G.Davletshin (48), E.G.Goziev (40), V.A.Tokareva (131), R.I.Sunnatova (128), T.M.Adizova (9,10,15,16), G.Berdiev (25), L.V.Nazirova (89), E.A.A`zamxujaeva (21), E.I.Ganieva (44), t.b. Olardın' miynetlerinde tiykarg'ı dıqqat qarım– qatnas protsessinde o`zine– o`zi baha beriwdin` qa`liplesiwin, sanasın rawajlandırıw, oqıwshılardın' jeke da`lil– talap shen`berin, qarım– qatnas forması ha`m usılı, onı bag'darlaw qag`ıydası, jeke qarım– qatnas tu`rin izertlewge qaratılg`an.

Dissertatsiya kirisiw, eki bap, juwmaqlaw, usınıslar, a`debiyatlar dizimi ha`m qosimshalardan ibarat. Ilimiy izertlew mazmunı – 116 bet jazba tekste bayan etilgen bolıp, onda – 10 tablitsa, - 4 gistogramma, - 40 – atamadag'ı a`debiyatlar dizimi berilgen.

Izertlew jumisinda No'kis qalalıq xalıq bilimlendiriw mekemeleri xızmetin metodikalıq ta'miyinlew ha'm sho'lkemlestiriw bo'limine qaraslı №38-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebinde ta'jiriybeler o'tkerdik.

Baslawısh klasslarda oqıwshılardın' shaxsın o`zlestiriwde mug'a'llimler shaxs qa`siyetin ayıradı. Olardın' arasında baslı orındı qarım– qatnas protsessi iyeleydi. Olar unamlı ha`m unamsız qa`siyetlerge bo`linedi. Klaster usılında «oqıwshı shaxsı» teması boyınsha 4– klass mug'a'llimleri menen 1– klass mug'a'llimlerin salıstırg'anda oqıwshılarda unamsız ha`reketleri az ko`rinbekte. Bu ha`zirgi zaman oqıwshı shaxsının' o`zlestiriwinde pedagogikalıq baslamalardın' natiyjesi. Izertlewlerden ma`lim bolıwınsha baslawısh klass oqıwshılarında shaxs haqqında tu`sinik mug'a'llimlerde oqıwshılardın' jas da'wirlerinin' rawajlanıw darejesinin` basımı astında qa`liplesedi. Bul jerde ta`lim – ta`rbiya protsessinde o`z ara qarım– qatnas tiykarg'ı orındı iyeleydi.

Baslawısh klass oqıwshılarının' shaxs o`zgeshelikleri ha`zirgi zaman sotsiallıq jag`day ta`sir etiwi menen bolıp atırg'anlıg`ı izertlew barısında anıqlandı. Shaxs sıpatında qarım– qatnas protsessin payda etiwde tiykarınan: qa'lewi ham onın` bag'darı, oqıwg`a qızıg'ıwshılıq, mektepten tısqarı qızıg'ıwshılıq, qarım-qatnas, sezim ha`m emotsiya, ata– ana menen mu`nasibetleri u`yrenildi. Baslawısh klass oqıwshıları ushın qorshag`an ortalıqqa bag'darlanıw ulıwma ayrıqsha ha`reket esaplanadı, olardın' sorawlarg`a bergen juwaplarında qa`lewshilik, oqıwg`a qızıg'ıwshılıq, mektepten tıs qızıg'ıwshılıq, qarım– qatnas ata– analarg`a mu`nasibetleri korınedi. Oqıwshılardın' juwaplarının` mazmunı: «Men – ja`miyet», «Men– ha'm basqalar», «Men– ha`m a`tiraptag`ılar». Oqıwshılardın' pikirinshe olardın' ja`miyettegi belgili bir maqsette basqalardın' talabına bag'darlawg`a ta`sirin tiygizedi.

Oqıwshının’ sotsiallıq statusına toparda o`z ara qarım– qatnas o`zgesheliginin` o`siw da`rejesinin` ta`sir etetug’ın sotsiometriyalıq sorawlar boyınsha anıqlandı. Toparda oqıwshının’ sotsiometriyalıq statusı joqarı bolsa, onın’ klasları arasında abıroyı artadı, jaqsı ta’repleri ko`rine baslaydı. Kerisinshe oqıwshının’ sotsiometriyalıq statusı to`men bolsa ol pikirlewge jabıq boladı, onın’ unamsız ta’repleri payda boladı.

Jeke qarım– qatnas protsessinin` rawajlanıw darejesine baylanıslı oqıwshılardın’ 3 toparı izertlegende anıq boldı.

1-topar basqarıwshılıq uqıbın ko`rsetken oqıwshılar;

2-topar ta`sirshen`, sezimtal, shaqqan oqıwshılar;

3-topar uyan`, kop so`ylemeytug’ın pikir alısıwda qıynalatug’ın oqıwshılar

Oqıwshılardın’ ha`r bir toparında qarım– qatnas qa`siyetinin` o`siw da`rejesi o’zinin’ spetsifikasına iye.

Kishi mektep jası shaxsın qa`liplestiriwdegi ta`sir etiwshi sotsialliq faktorlardi rawajlandiriwshi metodlari boyinsha psixkorrektsiyalıq jumısları alıp barıldı. Bizler ta’repinen 10-11 jastag’ı 3-4 klass oqıwshıları qatnasqan arnawlı psixkorrektsiyalıq trening da`stu`ri islenip shıg`ıldı. Treningde 40 oqıwshı qatnastı. Sabaq toparda o`z aldına ha`ptesine 2 ma`rte 2 saattan o`tkerildi. Trening sabaqlarınan aldın ha`m son`ınan psixodiagnostikalıq izertlewler alıp barıldı.

Kishi mektep jası shaxsın qa`liplestirıwshı tiykarg`ı sotsial faktor qarım-qatnas ekenligi, ta’lim- ta’rbiya protsessinde kishi mektep jası shaxsının’ individual o’zgeshelikleri esapqa alınsa, kishi mektep jası shaxsının’ shaxs bolıp qa’liplesiwinde sotsial ortalıqqa beyimlesiwinde oqıtıwshı ha’m ata- ananın’ durıs itibar berilse, jeke ha`m toparlıq treningler o`tkerilip barılsa, shaxs sıpatında qa’liplesedi, sotsial ortalıqqa an’sat beyimlesedi.

Eger kishi mektep jası shaxsının’, shaxs bolıp qa’liplesiwinde qarım- qatnas durıs jolg`a qoyılsa, ta’lim- ta’rbiya protsessinde ha’r bir oqıwshının’’ individual o’zgeshelikleri esapqa alınsa, oqıtıwshı ha’m ata- analar o’z oqıwshıları, o’z perzentlerinin’ sotsial ortalıqqa beyimlesiwine durıs itibar berse kishi mektep

jasındag`ı oqıwshılar shaxs sıpatında ka’mil insan bolıp qa’liplesiwine ja’rdem berdi. Demek izertlewde qoyilg`an ilimiy gipoteza da`lillendi.

# PAYDALANILG’AN A’DEBIYATLAR


1. Karimov I.A. Barkamol avlod orzusi. T.: Sharq, 1999.
2. Karimov I.A. Barkamol avlod O`zbekiston taraqqiyotining poydevori. T.: Sharq, 1997.
3. Karimov I.A. Vatanimizning tinchligi va xavfsizligi o`z kuch-qudratimizga, xalqimizning hamjihatligiga va bukilmas irodasiga bog`liq. T.:O’zbekiston, 2004.
4. Karimov I.A. O`zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. T.: O`zbekiston, 2001.
5. Karimov I.A. O`zbekiston buyuk kelajak sari. T.: O`zbekiston, 1998.
6. Karimov I.A. Yuksak ma`naviyat engilmas kuch.«Ma`naviyat». 2008.B.-173
7. Adizova T.M. Psixokorrektsiya T.: 2005. B-58
8. Adizova T.M., Usmanova E.Z. Psixologicheskie trudnosti v obuchenii mladshix shkolnikov. – Tashkent: O`qituvchi, 1995. – 29 s.
9. Adizova T.M. i dr. O`zlashtira olmaydigan boshlang`ich sinf o`quvchilari bilan amalga oshiriladigan psixologik korrektsion ishlar. / Metodik tavsiyalar. – Toshkent, 1996. – 33 b.
10. Adizova T.M. O`quvchilarning shaxslararo munosabatlarining psixologik diagnostikasi va korrektsion ishlari. Toshkent: TDPI. 1997. – 58 b.
11. Adizova T.M. Psixologik o`yinlar va bola shaxsiyati // J. Boshlang’ich ta’lim, 1998, № 1. B. 30 – 31.
12. Adizova T.M. Bolalar olamiga sayohat // J. Boshlang’ich ta’lim. 1998, № 4. – B. 30 – 31.
13. Adizova T.M. Psixologicheskiy trening «Obshenie» kak sredstvo formirovaniya lichnosti podrostkov i starsheklassnikov // «O`zbekiston mustaqilligi - uning fani va texnologiyalarini rivojlantirish kafolati» mavzuidagi uchinchi respublika ilmiy kollokvium. – Toshkent, 1999. B. 136 – 140.

14. Adizova T.M. O`smir yoshi o`quvchilari muloqotining muammolari // J. Pedagogik ta`lim, 2000. № 2. – B. 36 – 38.

15. Bojovich L.I. Lichnost` i eyo formirovanie v detskom vozraste. – M.: Prosveshenie, 1968. – 464 s.

16. Vozrastnie i individual`nie osobennosti mladshix shkol`nikov / Pod red. D.B. El`konina, T.V. Dragunovoy. -M.: Prosveshenie, 1967.-360 s.

17. Vigotskiy L.S. Izbrannie psixologicheskie issledovaniya. – M.: APN RSFSR, 1956. – 519 s.

18. Vigotskiy L.S. Pedagogicheskaya psixologiya / Pod.red.V.V.Davidova. – M.: Pedagogika,1991.-480 s.

19. Davletshin M.G taxriri ostida "Yosh psixologiyasi va pedagogik psixologiya" T. 1974 yil.

20. Davletshin. M.G."Zamonaviy maktab o`qituvchisining psixologiyasi". T. 1999 yil.

21. G`oziev E.Psixologiya: Yosh davrlari psixologiyasi/ o`quv qo`llanma. -T.: O`qituvchi, 1994 y 224 b.

22. G`oziev E. Umumiy psixologiya. – T.: O`qituvchi. 2000.

23. Ijtimoiy psixologik treninglar praktikum. Farg`ona 2003.

24. Karimova V.A. Ijtimoiy psixologiyada ijtimoiy amaliyot. T.1999.

25. Kamilova N.G`. Muammoli o`smir: tashhis, tadqiqot metodlari. T.2004.

26. Nishanova Z.T. Dusmuxamedova.Sh.A. “Kichik maktab yoshidagi o`quvchilar psixologiyasi” T. 2012. 112 b.

27. Nishanova Z.T. va boshqalar. “Psixodiagnostika” T.: Fan va texnologiyalar markazining bosmoxonasi. 2008, -314b.

28. Nemov R.S. Psixologiya. 3 tom. M.: R

29. Nemov R.S. Prakticheskaya psixologiya: Poznanie sabya. Vliyanie na lyudey: Posobie dlya uchash. – M.: Gumanit. Izd. Tsentr VLADOS,1998-320s.

30. Psixologik treninglar. (Faqat hozir va shu erda).Namangan 2002.

31. Rogov E.I. Nastolnaya kniga prakticheskogo psixologa. M.: Vlados.1999.

32. Dubrovina I.V., Danilova E.E., A.M. Prixojan. Psixologiya. -Moskva, 1999, p/l 24,36, 453-bet.

33. http //psychintro. Narod.ru/ psychelf.html

34. http //www.amitel.ru/- hvp/body. html

35. http //www.medicus.ru/psychiatry/pats

36. http //doctor. Ru/psycho/ psychelf.html

37. http //www. amitel.ru/- hvp/body. html

38. www.library.com. Interner kutubxona

39. www. Expert. psychology.ru

40. www. Referat.ru

# QOSIMSHALAR

1-qosımsha

**Sotsial psixologiyalıq maslasqanlıq sorawnaması.**

1. Kim menen bolsada sa'wbetlesiwge kirisip atırg'anda o'zin qolaysız sezedi.
2. Basqalardın' qasında ashılısıwg'a qa'lewi joq.
3. Ha'r jumısta jarıs, bellesiw, gu'resti jaqtıradı.
4. O'zine joqarı talaplar qoyadı.
5. Ko'binshe qılıp qoyg'an jumısı ushın o'zin ayıplaydı.
6. Ko'binshe o'zin kemsitilgen sezedi.
7. Qarama – qarsı jınıs wa'killerinen kimge bolsada jag'ıp qalıwı mu'mkinligine gu'man mene qaraydı.
8. Ba'rqulla wa'desinin' u'stinen shıg'adı.
9. A'tiraptag'ılar menen jaqsı, jaqın mu'na'sibette.
10. Basıq, ishimdegini tap deytug'ın insan.
11. A'wmetsizliklerinde o'zin ayıplaydı.
12. Juwapkershilikli adam, og'an isense boladı.
13. Neni bolsa da o'zgertiriw qolınan kelmesligi, ba'rqulla urınıwları paydasız ekenligin biledi.
14. Ko'p na'rselerge ten'lesleri ko'z qarası menen qaraydı.
15. Ulıwma a'mel qılıw lazım bolg'an qag'ıyda ha'm talaplardı qabıl etedi.
16. O'z pikiri ha'm qag'ıydaları jetispeydi.
17. Qıyal su'riwdi, ayrım waqıtları ku'ppa' - ku'ndizi, jaqsı ko'redi. qıyallarınan haqıyqatqa qıyınshılıq penen qaytadı.
18. Ha'mme waqıt qorg'anıw ha'm ha'tte hu'jimge tayar: qapagershiliklerine «tutqın» bolıp, qasas jolların tan'lap ju'redi.
19. O'zin ha'm is ha'reketlerin basqara aladı, o'zin ma'jbu'r qıla aladı, ruxsat ete aladı, o'z – o'zin baqlaw onın' ushın mashqala emes.
20. Tez – tezden keypiyatı buzıladı, isjaqpaslıg'ı tutadı.
21. A'tiraptag'ılar onı qızıqtırmaydı, pu'tkil qıyalı o'zinde, o'zi menen a'were.
22. Adamlar, a'dette og'an jag'adı.
23. O'z sezimlerinen uyalmaydı, ashıq ko'rsetedi.
24. Adamlar ko'p bolsa, bir az jalg'ızlıq seziledi.
25. Ha'zir o'zinde emes, ha'mmesin jıynastırıp, bir jerge jasırınıp alg'ım kelip turıptı.
26. A'dette, a'tiraptag'ılar menen mu'na'sibeti jaqsı.
27. O'z – o'zi menen gu'resiwi barg'an sayın qıyın bolıp atır.

28. A’tiraptag’ılardın’ o’z – o’zinen jaqsı mu’na’sibette bolıwı gu’manlıraq ko’rinedi.

29. Jaqsılıqqa isenedi, optimist.

30. Qaysar adam, bundaylar menen kelisiw qıyın.

31. Adamlarg’a kritikalı qaraydı, olar sog’an ılayıq dep bilse kritikalaydı.

32. O’zin jetekshi emes, erıwshı dep biledi, ha’mme waqıt ta erkin pikirlew ha’m ha’reketlene almaydı.

33. Onı tanıg’anlardın’ ko’pshiligi og’an jaqsı mu’na’sibette, jaqsı ko’redi.

34. Ayırım waqıtları sonday pikirler keledi, birewge aytqın’ kelmeydi.

35. Sırtqı ko’rinisi kewildi tartadı.

36. O’zin qolınan hesh na’rse kelmeytug’ınday ko’redi, kimnin’ bolsada qasında bolıwına mu’ta’j.

37. Qarar qılg’annan son’ og’an a’mel qıladı.

38. Ko’rinisinen g’a’rezsiz qarar qabıl etkendey, birewlerdin’ ta’sirinen qutıla almaydı.

39. O’zin ayıplawg’a sebep joq bolsa da, ayıpdar sezedi.

40. O’zin qorshap turg’an na’rselerdi jaqtırmaydı.

41. Ha’mme na’rseden kewilli.

42. O’zin jog’altıp qoyg’an, o’zin qolg’a ala almaydı, ku’shlerin ja’mley almaydı.

43. Sharshag’an, a’wele qızıqtırg’an na’rselerinin’ ba’rine birden biypa’rwa bolıp qalg’an.

44. Qa’tirjem, basıq.

45. Ashıwı kelgende o’zin jog’altıp qoyadı.

46. Ko’binshe o’zin xorlang’an dep biledi.

47. Shıdamsız, asıg’ıs adam, basqlıq jetispeydi.

48. O’sek te qılıp turadı.

49. Sezimlerge ko’p isenebermeydi, olar ayırım waqıtları aldamshı bolıp shıg’adı.

50. O’z – o’zinshe qalıwı biraz qıyın.

51. Sezim emes aqıl birinshi orında, aldın oylap alıp is ko’redi.

52. O’zi menen baylanıslı ha’diyselerdi o’z bilgeninshe bildiredi, bir na’rselerdi oylap tabıwı mu’mkin.

53. Insanlarg’a basıq, ha’r kimdi barınsha qabıl etedi.

54. Mashqalaları haqqında oylamawg’a ha’reket qıladı.

55. O’zin qızıqlı adam, shaxs sıpatında sezilerli dep biledi.

56. Tartınshaq, an’satg’ana hawlıg’ıp qaladı.

57. Jumısın aqırına shekem jetkeriwi ushın a’lbette tu’rtkilep turıw kerek.

58. Kewlinde basqalardan u’stem ekenligin sezedi.

59. Bir na’rsede o’zin, o’z Menin ko’rsete almaydı.

60. Basqalardın’ o’zi haqqındag’ı pikirinen qorqadı.

61. A’melparas, a’wmetke, maqtawg’a parıqsız emes, o’zi ushın a’hmiyetli na’rselerde en’ jaqsılar qatarında bolıwg’a umtıladı.

62. Ha’zirgi ku’nde ko’p ta’repten jaman ko’riwge ılayıq adam.

63. Aktiv, sho’lkemlestirıwshı, g’ayratlı adam.

64. Qıyınshılıqlar, quramalı jag’daylardan qorqadı.

65. Sonshelli o’zin jetkilikli qa’dirlemeydi.

66. Ta’biyattan jetekshi ha’m basqalarg’a ta’sir qıla aladı.

67. Ulıwma o’zine jaqsı mu’na’sibette.

68. Qatan’ adam, o’zinin’ pikirinde qatan’ turıw onın’ ushın a’hmiyetli.

69. Kim menen bolsa da mu’na’sibetleri buzılıwın, a’sirese bul anıq ko’rinis payda etiwin jaqtırmaydı.

70. Uzaq waqıt qarar qıla almaydı, keyin onın’ durıslıg’ına ekilenip ju’redi.

71. Ha’mmesi qarısıp, aralasıp ketken, o’zin jog’altıp qoyg’an.

72. O’zinen kewili toq.

73. A’wmetsiz.

74. Jag’ımlı, o’zine tartatug’ın adam.

75. Ba’lkim sırtqı ko’rinisinen onshelli emes shıg’ar, biraq insan, shaxs sıpatında jag’ıwı mu’mkin.

76. Qarama – qarsı jınıs wa’killerin jaman ko’redi ha’m olar menen aytısıp ju’rmeydi.

77. Nenidur qılıw kerek bolsa, qorqıw iyelep aladı. epley almasam ne, shıqapsa ne?

78. Kewili qa’tirjem, tınısh, ayrıqsha qa’weterli na’rse joq.

79. Qatan’lıq penen isley aladı.

80. O’sip atırg’anın, u’lkeyip atırg’anın sezedi, o’zi de ha’m a’tirapqa mu’na’sibeti de o’zgerip atır.

81. Ayırım waqıtları ulıwma tu’sinbeytug’ın na’rseler haqqında da so’yleyberedi.

82. Ha’mme waqıt tek g’ana haqıyqattı so’yleydi.

83. Qa’weterde. Tınıshsız.

84. Nenidur orınlawg’a ma’jbu’r qılıw ushın jaqsıg’ana qatan’ bolıw kerek, sonda g’ana ol isleydi.

85. O’zine isenbeydi.

86. Ko’binshe sha’rayat o’zin aqlawg’a, ha’reketlerin tiykarlap beriwge ma’jbu’r qıladı.

87. Boysınatug’ın, jumsaq adam.

88. Aqıllı insan, fikirlewdi jaqsı ko’redi.

89. Ayırım waqıtları maqtanıwdı jaqsı ko’redi.

90. Qarar qabıl etedi de, sol waqıtta aq o’zgertiredi, bunın’ ushın o’zin jaman ko’redi, biraq hesh na’rse qıla almaydı.

91. O’z ku’shine iseniwge ha’reket qıladı, birewdin’ ja’rdemine ko’z tikpeydi.

92. Sira’ keshikpeydi.

93. Qanday da bir sıg’ılıw, ishki baylanıstı sezedi.

94. Basqalardın’ ishinde ajıralıp turadı.

95. Onshelli isenimli dos emes, ha’mme na’rsede su’yene beriw jaramaydı.

96. O’zin o’zi jaqsı tu’sinedi, o’zinde ha’mme na’rse belgili.

97. Kirisiwshen’, ashıq adam, basqalar menen tez tabısıp ketedi.

98. Ku’sh ha’m qa’biliyetleri sheshiliwi lazım bolg’an wazıypalarg’a tolıq mas keledi, ha’mmesin epley aladı.

99. O’zin qa’dirlemeydi, hesh kim onı jaqsı qabıl etpeydi, og’an ashınadı, shıdam beredi.

100. Qarama qarsı jınıstag’ılar qıyalın ko’p ba’nt qılıwınan qa’weterde.

101. O’zinin’ barlıq a’detlerin jaqsı dep biledi.

Juwap beti

| Hu’kimler | Bul mag’an ulıwma tiyisli emes | Bul mag’an uqsamaydı. | Bul mag’an uqsamaytug’ın shıg’ar | Bilmedim | Bul mag’an uqsaytug’ın shıg’ar | Bul mag’an uqsaydı | Bul tap men haqqında |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | | |
| 2 | | | | | | | |
| 3 | | | | | | | |

**Ko’rsetkishler ha’m analiz qılıw ushın juwaplar**

| # | Ko’rsetkishler | Hu’kimlerdin’ ta’rtip nomerleri | O’lshemler |
|---|---|---|---|
| **1** | Maslasqanlıq | 4, 5,9,12,15,19,22,23,26,27,29, 33,35,37,41,44,47,51,53,55, 61,63,67,72,74,75,78,80,88,91, 94,96,97,98 | 68 –170 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Maslaspag'anlıq | 2,6,13,16,18,25,28,32,36,38,40,<br>42,43,49,50,54,56,59,60,<br>62,64,69,71,73,76,77,83,84,86,<br>90,95,99,100 | 68 – 170 |
| **2** | Jalg'anlıq -<br>+ | 34,45,48,81,89<br>8,82,92,101 | 18 – 45 |
| **3** | O'z – o'zin qabıl etiw<br>O'z o'zin qabıl etpeslik | 33,35,55,67,72,74,75,80,88,94,96<br>7,59,62,65,90,95,99 | 22-52<br>14 – 35 |
| **4** | Basqalardı qabıl etiw<br>Basqalardı qabıl etpeslik | 9,14,22,26,53,97<br>2,10,21,28,40,60,76 | 12 – 30<br>14 – 35 |
| **5** | Emotsional komfort<br>Emotsional diskomfort | 23,29,30,41,44,47,78<br>6,42,43,49,50,83,85 | 14 – 35<br>14 – 35 |
| **6** | Ishki baqlaw<br>Sırtqı baqlaw | 4,5,1,12,19,29,37,51,63,68,79,91,98,<br>13,25,36,52,70,71,73,77, | 26 – 65<br>18 – 45 |
| **7** | U'stemlik<br>ergesiwshen'lik | 58,61,66<br>16,32,38,69,84,87 | 6 – 15<br>12 – 30 |
| **8** | Eskaplizm (mashqaladan qashıw | 17,18,54,64,86 | 10 - 25 |

**2-qosımsha**

**Anketa**

1. Siz oqıtıp atırg`an oqıwshıların'ızdın' neshewi mektepke shekemgi bilimlendiriw ma`kemesinde ta`rbiyalang`an?
2. Siz oqıtıp atırg`an oqıwshıların'ızdın' neshewi mekteptin' ishki ta`rip qag`ıydalarına tez biyimlesip kete aldı?
3. Oqıwshılar menen islesıw protsessinde qanday qıyınshılıqlarg`a dus keldin'iz?
4. Oqıwshılar menen islesıw protsessinde qanday jen'illiklerge dus keldin'iz?
5. Siz oqıtıp atırg`an neshe oqıwshının'' semya jag`dayı unamlı?
6. Siz oqıtıp atırg`an neshe oqıwshının'' semya jag`dayı unamsız?
7. Siz oqıtıp atırg`an neshe oqıwshılardın' ishinde o`zin shetke alatug'ın oqıwshılar sanı neshew?
8. Siz qaysı oqıwshılar menen islesıwde qıynalasız?

- Qarım- qatnasqa tez kirisip kete almaytug'ın.
- Individual psixologiyalıq o`zgeshelikleri durıs qa`liplespegen.
- bilıw protsessleri to`men rawajlang`an.

**3-qosımsha**

**Shaxslardın'jeke o'zgesheliklerin ha'm munasabetlerin u'yreniw anketası**

Shaxslardın' jeke qa`siyetlerin u`yreniw anketasın kishi mektep jasındag'ı oqıwshılarg`a o`tkeriwge boladı. Bul metodikalardın' o`zlestirilgen tu`rin bizler psixologiya ilimlerinin' kandidati T.M.Adizovanin` "shaxslardın' o`z ara qarım qatnasların u`yreniw" atamasindag'ı metodikalıq qollanbasınan paydalandiq.

**I. Arziw tilek ha`m qa`lewleri**

1. eger sen sıyqırshı bolıp qalsan', qanday 3-tilek oylag'an bolar edin'?
2. eger sende og'ada ko'p pul bolsa, onı nege jumsag'an bolar edin'?
3. eger sen jasın' u'lken adam bolsan', ne qılar edin'?

**II. Oqıwg'a qızıg'ıwlar**

1. Mektepte, litseyde, kolledjlerde ha'mme na'rseden ko'birek sen neni unatasan'?
2. Qaysı sabaq sen ushın en' qızıqlı?
3. Sen ushın qaysı sabaq qıyın? Ne ushın?
4. Keleshektegi o'mirin' ushın qaysı pa'ndi en' paydalı dep esaplaysan'?
5. Senin'she mektepte qaysı pa'n (sabaq) o'tilmewi kerek ?
6. Senin'she mektepte qaysı pa'ndi jan'adan kiritiw kerek?

**III. Oqıwdan tısqarı qızıg'ıwları**

1. Sen ha'mme na'rseden ko'birek ne menen shug'ıllanıwdı jaqsı ko'resen'?
2. Ne haqqında biliwdi qa'leysen'?
3. Neni u'yreniwdi qa'leysen'?
4. Sen ushın, anan' ha'm a'ken' menen ne haqqında sa'wbetlesiw qızıqlı?
5. Jeke o'mirin'de qanday mashqalalar turıptı?
6. Sen qanday do'gerekke qatnasasan'?
7. Sen televidenie arqalı qanday ko'rsetiwlerdi ko'bire ko'resen'?
8. Keleshekte kim bolmaqshısan'?

**IV. So'yley, qarım-qatnasıq**

1. Kim sag'an en' jaqsı qatnasta boladı?
2. Sag'an kimnin' so'ylewi unaydı? Ne ushın?
3. Sag'an kimnin' so'ylewi unamaydı? Ne ushın?
4. Menin' menen tanısıwg'a kesent beredi?

   A) Awa B) Yaq.

5. Men biytanıs adamlar menen og'ada tez doslasıp ketiwim mu'mkin.
6. Kewlime unaytug'ın dos taba almay atırman?

A) Awa   B) Yaq.

7. O’zime dos tabıwg’a mende qa’lew joq? A) Awa  B) Yaq.

8. Men ha’mme menen birdey qarım-qatnasta bolaman?

A) Awa   B) Yaq.

9. Men ha’mme menen birdey qarım-qatnasta bolamayman?

A) Awa   B) Yaq.

10. Senin’she haqıyqıy dos qanday bolıwı kerek?

11. Ko’p dostım bolıwın qa’leymen?

A) Awa   B) Yaq.

12. Senin’ haqıyqıy dosların’ barma?

A) Awa   B) Yaq.

13. Haqıyqıy dostım klasslaslarım arasında?

A) Awa   B) Yaq.

14. Dostın’ sag’an pa’nt berdima?

A) Awa   B) Yaq.

## V. Sezimleri

1. Senin’ o’mirin’de en’ quwanıshlı ku’n qaysı? Ne ushın?

2. Senin’ o’mirin’de en’ qayg’ılı ku’n qaysı? Ne ushın?

3. Sen ha’mme na’rseden ko’birek neden qorqasan’?

4. Sen qanday tu’sler ko’resen’? Jaqsıma yamasa jamanba?

5. Men ha’mme waqıt o’z-o’zimnen qanaatlanaman?

A) Awa   B) Yaq.

6. Men ha’mme waqıt o’z-o’zimnen qanaatlanbayman?

A) Awa   B) Yaq.

7. Men ba’rqulla o’zimde qa’weterleniwdi sezemen?

A) Awa   B) Yaq.

8. Men ha’mme waqıt to’lewshisiz ju’remen?

A) Awa   B) Yaq.

9. Mag’an qatan’lıq jetispeydi?

A) Awa   B) Yaq.

10. Men ha’mme waqıt o’zimdegi kemshiliklerdi ko’re almayman?

A) Awa   B) Yaq.

11. Men o’zimdegi kemshiliklerdi jaqsı bilemen ha’m sezemen?

A) Awa   B) Yaq.

12. Menin’ sonday unamlı ta’replerim bar` _______

13. Menin’ sonday unamsız ta’replerim bar` _______

## VI. Mektep qatnası

1. Sen ne ushın mektepke kelesen’?

2. Mektebin’ sag’an unayma? Ne ushın?

3. Men sabaqlarg’a juwap beriwdi jaqsı ko’remen?

A) Awa B) Yaq.

4. Men sabaqlarg’a juwap beriwden qorqaman?

A) Awa B) Yaq.

5. Mekteptegi mug’allimlerim mag’an jaqsı qatnasta boladı?

A) Awa B) Yaq.

6. Mug’allimlerdin’ qaysı ta’repleri sag’an unaydı?

7. Mug’allimlerdin’ qaysı ta’repleri sag’an unamaydı?

8. Senin’ oylawın’sha mug’allim qanday bolıw kerek?

## VII. Sotsiometriya

1. Ko’z aldın’ızg’a keltirin’, sen kosmosqa ushın baratırsan’. Klassın’nan kim menen ushıp keter edin’. (u’sh familiya jazın’)

2. Ko’z aldın’ızg’a keltirin’, senin’ klassın’ qaladan tıs sayaxatqa ketip baratır, klassın’nan kimdi basshı etip saylar edin’. (1-2 familiya jazın’).

3. Sen tuwılg’an ku’nin’e klassın’dag’ı qaysı oqıwshılardı mira’t etken bolar edin’. (1-3 familiya jazın’).

## VIII. Referentometriya

1. Sen menen kewilsiz waqıya bolsa, bul haqqında kimge aytqan bolar edin’. (ata-ana, dostlarım, ag’a-ini, qarındaslarım).

2. O’mirin’izde kim sizge u’lgi bola aladı. (ata-ana, dos, tanıslar ha’m basqalar).

3. Kimge ha’mmeden ko’birek unawdı qa’leysiz. (ata-ana, doslarıma, ag’a-inim, qarındaslarım ha’m basqalar).

R4 Kimge en’ ko’p sırların’dı aytasız. (ata-ana, doslar, qarındaslar ha’m basqalar).

## IX. Ata-analar mu’na’sibetleri

1. Sag’an ata-anan’nın’ mu’na’sibeti unayma?

A) Awa B) Yaq.

2. Senin’ she ata-analar o’z balalarına qanday mu’na’sibette bolıw kerek?

3. Ata-anan’nın’ qaysı ta’repleri sag’an unamaydı?

4. Ata-anan’nın’ qaysı ta’repleri sag’an unaydı?

5. Shan’arag’ın’ızdag’ı peypiyat qaysı birine ko’birek`

a) ko’birek anama baylanıslı~

b) ko'birek atama baylanıslı~

v) ekewinede baylanıslı.

6. Ata-anan'ızdın' qaysı biri siz ushın ko'birek jan (qayg'ıradı) ku'ydiredi

7. Men ata-anamdı jaqsı ko'remen

A) Awa   B) Yaq.

8. Menin' ata-anam ha'mme waqıt mag'an erkinlik bermeydi?

A) Awa   B) Yaq.

**4-qosımsha**

**«Balalardın' qorshag`an ortalıqtag`ı ulıwma jo`nelisi ha`m alg`an bilimler baylıg`ı»** metodikasınan paydalandıq**.**

Metodikanın' bul variantı mektepke qabıl etilip atırg`an balalar ushın mo`lsherlengen. Sonday- aq 1-5 klass oqıwshılarının' qorshag`an ortalıqtag`ı bag`darı, alg`an bilimler baylıg`ı ha`m sog`an uqsas variantlar arqalı u'yreniledi. Juwaplar analizi, bahalar shıg`arıw, sol tiykarda rawajlanıw da`rejesin belgilew ortasında ha`m uqsaslıw bar. Mektepke endi qabıllang`an balalar ushın sorawlar:

1. Atın' kim? (famliyasın atı menen birge aytın' qa`te esaplanadı)
2. Jasın' neshede?
3. Ata- anan'nın' atları kim?
4. Sen jasap atırg`an qala qalay ataladı?
5. Sen jasap atırg`an ko`she qalay ataladı?
6. Senin' u'yin' ha`m kvartiran'nnın' nomeri qanday?
7. Qanday haywanlardı bilesen'? Olardan qaysıları jabayı ha`m qaysıları u'y haywanları? (keminde eki haywannan aytıwı kerek)
8. Jıldın' qaysı ma`wsiminde terekler japıraq shıg`aradı ha`m qaysı ma`wsimde to`giledi?
9. Ku'nnin' sen oyanatug'ın, tu'slik qılatug'ın ha`m uyıqlawg`a tayarlanatug'ın waqıtı ne dep ataladı?
10. Sen paydalang`an kiyimler ha`m kuxnya mebellerinin' atların ayt? (tuwrı juwap 3-den kem bolmawı kerek)

Ha`r bir sorawg`a berilgen tuwrı juwap ushın bala 1 balldan aladı. Maksimal ball, bala barlıq sorawg`a juwap berse 10 ball aladı. Ha`r bir sorawg`a juwap beriw ushın 30 sekund ajratıladı. Sol waqıt ishinde juwap bermese, qa`te dep esaplanadı ha`m 0 ball menen bahalanadı.

Barlıq sorawlarg`a tuwrı juwap berip, 10 balldı qolg`a kiritken bala mektepte oqıw ushın tolıw psixologiyalıq tayar esaplanadı. Sol waqıt ishinde balag`a qosımsha sorawlar ha`m berıw mu'mkin, biraq aytıp berıw kerek emes.

**1- klass ushın sorawlar**

1. Senin' atın', familiyan' kim, atan'nın' ati kim?
2. Anan'nın' ha`m atan'nın' jası neshede?
3. Ata ha`m apan'nın' atları kim?
4. Sen jasap atırg`an ma`mlekettin' paytaxtı qalay ataladı?
5. Senin' ag`ayinlerin' qay jerde, qaysı ko`shede jasaydı? (bul sorawg`a tuwrı juwap ushın hesh bolmag`anda ag`ayinleri jasaytug`ın ko`shelerden birin aytıwı kerek.)

6. Senin’ ag`ayinlerin’ yaki tanisların’nın’ u’y nomeri ha`m kvartirasının’ nomeri qanday?

7. U’yin’izdin’ a`tirapında u’yretıw mu’mkin bolg`an quslardı sanap ber?

8. Qaysı ayda qar jawadı, qaysı ayda ba`ha`r keledi?

9. Sen mektepke qashan ketesen’ ha`m neshede kelesen’? (tuwrı juwap saat penen birge minutı ko`rsetip o`tıwi)

10. U’yin’degi bar bolg`an adamlardı ha`m olar sen ushın kim ekenligin ayt?

**2-klass ushın sorawlar**

1. Senin’ ata- anan’nın’ atı, familiyası ha`m atan’nın’ atı kim?

2. A`jag`an’ yaki sin’lin’nin’ jası neshede?

3. Qaysıdur ag`ayinlerin’nin’ familiyasın, atın, atasının’ atın bilesen’be?

4. Sen jasaytug’ın qalanin’ en’ sulıw jerin bilesen’be?

5. Senin’ ag`ayinlerin’nin’ yaki tanisların’nın’ jasaytug’ın qala yaki ko`shesin bilesen’be?

6. Senin’ ajag`an’ yaki ajapan’nın’ qay jerde jasawların bilesen’be?

7. Tog`ayda jasaytug’ın haywanlardı bilesen’be? (keminde 4 in aytıwı kerek)

8. Qaysı ayda terekler bo`rtip baslaydı? Qaysı aydan baslap japıraqlar sarg`ayadı?

9. Ata- anan’ tiykarınan saat neshede jumıstan qaytadı? (tuwrı juwap ushın minutın aytpay- aq saatın aytsa g`ana boldı)

10. U’yin’de bar bolg`an mebellerdi ayt? (tuwrı juwapqa keminde 3-4 mebel tu’rin aytıwı kerek)

**3-klass ushın sorawlar**

2. Atan’ ha`m apan’nın’ atı, familiyası ha`m atasının’ atı kim?

3. Apan’ menen atan’nın’ jası neshede? (eger olar joq bolsa, bar gezlerinde olar kim bolg`an)

4. Uzaq ag`ayinlerin’nin’ birewinin’ atı, familiyası ha`m atasının’ atı kim? (bul sorawg`a hesh bolmag`anda uzaq ag`ayinlerinin’ birewinin’ atın aytıwı kerek)

5. Sen jasaytug’ın qala, rayon qalay ataladı?

6. Senin’ ata- anan’ tuwılg`an qalanı bilesen’be?

7. Ag`ayinlerinin’ birewinin’ telefon nomerin bilesen’be?

8. Da`r`yada jasaytug’ın balıq tu’rlerin sanap ber?

9. Du’n`yanın’ qaysı ma`mleketlerinde qıs yaki jaz bolmaydı?

10. Ulıwma alg`anda azang`ı awqatlanıwın’ ha`m keshki awqatlanıwın’ saat neshede boladı? (Tuwrı juwapqa saat ha`m minutların aytıwı kerek)

11. Transport qurallarının’ atların bilesen’be?

**4-klass ushın sorawlar**

1. Senin’ dostın’nın’ familiyası, atı ha`m atasının’ atın bilesen’be?
2. Qon’sı apanın’ yaki atanın’ jası neshelerde?
3. Senin’ qon’sın’nın’ familiyası, atı ha`m atasının’ atın bilesen’be? (hesh bolmag`anda birewin aytiwı kerek)
4. Senin’ jasap turg`an Respublika menen shegeralas bolg`an ma`mleketler qaysılar? (bul sorawg`a juwap 3den kem bolmawı kerek)
5. Atan’ menen apan’nın’ tuwılg`an qalası qaysı?
6. Ag`ayinlerin’ jasaytug’ın qalalarg`a qalay qon’ıraw etiw mu’mkin?
7. Ten’izde jasaytug’ın haywanlar atın aytın’? (bul haywanlardın’ keminde ekewin aytıwi kerek)
8. Du’n`yanın’ qaysı ma`mleketleri ju’da` ıssı ha`m ju’da` suwıq?
9. Shembi ha`m ekshembi ku’nleri saat neshede sag`an unag`an ko`rsetıw baslanadı? (Bunday ko`rsetıwlerden keminde ekewinin’ saat ha`m minutların ko`rseiwi kerek)
10. Jan’a xabarlar ha`mde qızıqlı na`rselerdi ne arqali tabıw mu’mkin? (Kitaplar, gazeta-jurnallar na`zerde tutıladi)